



KODE MAPEL: 748GD000

MODUL GURU PEMBELAJAR BAHASA SUNDA SMP KELOMPOK KOMPETENSI H

PEDAGOGIK:

Penileyan Pangajaran Basa Sunda Jeung Sastra Sunda

PROFESIONAL:

Aksara Sunda, Carita Pondok, Jeung Guguritan

Penulis:

1. Dr. H. Yayat Sudaryat, M.Hum.; 08122168925; yayatsudaryat@upi.edu
2. Dr. Hj. Nunuy Nurjanah,M.Pd.; 081809987724; nunuynurjanah81@yahoo.co.id.

Penelaah:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.

Illustrator:

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.; yyanuar_r@yahoo.co.id; 081221813873

Cetakan Pertama, 2016

Copyright© 2016

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Bidang Taman Kanak-kanak & Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan

Hak cipta dilindungi Undang-undang

Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan Kebudayaan.



PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2015

KATA SAMBUTAN

Peran Guru Profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian pemerintah pusat maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui program Guru Pembelajar merupakan upaya peningkatan kompetensi untuk semua guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui uji kompetensi guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Hasil UKG menunjukkan peta kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG melalui program Guru Pembelajar. Tujuannya untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Guru Pembelajar dilaksanakan melalui pola tatap muka, daring (online), dan campuran (blended) tatap muka dengan online.

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK), dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksana Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul untuk program Guru Pembelajar tatap muka dan Guru Pembelajar daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Guru Pembelajar memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan program Guru Pembelajar ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya.



KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Guru Pembelajar jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Guru Pembelajar Bahasa Sunda jenjang SD, SMP, SLB, SMA, dan SMK. Kurikulum Guru Pembelajar Bahasa Sunda ini dirancang berdasarkan Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomor 16 Tahun 2007 tentang Standar Kualifikasi Akademik dan Kompetensi Guru, Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013 tentang Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah, serta Permendikbud No. 79 Tahun 2014 tentang Muatan Lokal Kurikulum 2013.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Bahasa Sunda. Subtansi modul ini diharapkan dapat memberikan referensi, motivasi, dan inspirasi bagi peserta dalam mengeksplorasi dan mendalami kompetensi pedagogik dan profesional guru Bahasa Sunda.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Guru Pembelajar Bahasa Sunda. Untuk pengayaan materi, peserta disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terimakasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.



Bandung, Februari 2016

Kepala,

Drs. Sami Yhon, M.M.

NIP. 195812061980031003

DAFTAR EUSI

KATA SAMBUTAN	iii
KATA PENGANTAR.....	v
DAFTAR EUSI.....	vii
DAFTAR TABEL	xi
DAFTAR BAGAN	xii
BUBUKA	1
A. Kasang Tukang	1
B. Tujuan.....	2
C. Péta Kompeténsi.....	3
D. Ambahan Matéri.....	3
É. Cara Ngagunakeun Kagiatan Diajar.....	4
KOMPETENSI PEDAGOGIK:.....	5
KAGIATAN DIAJAR 1 PRINSIP-PRINSIP PENILÉYAN OTÉNTIK	7
A. Tujuan	7
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar	7
C. Pedaran Matéri.....	7
D. Kagiatan Diajar.....	16
E. Latihan/ Kasus /Pancén	16
F. Tingkesan	16
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	17
KAGIATAN DIAJAR 2	19
PENILÉYAN PROSÉS DINA PANGAJARAN BASA	19
A. Tujuan	19
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar	19
D. Kagiatan Diajar	23
É. Latihan/ Kasus /Pancén	23
F. Tingkesan	23
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	24
KAGIATAN DIAJAR 3	27
PENILÉYAN HASIL DINA PANGAJARAN BASA SUNDA	27

A. Tujuan	27
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar	27
C. Pedaran Matéri	27
D. Kagiatan Diajar	33
É. Latihan/ Kasus /Pancén	33
F. Tingeksan	33
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	34
KAGIATAN DIAJAR 4	35
PROSÉDUR PENILÉYAN.....	35
DINA PANGAJARAN BASA SUNDA.....	35
A. Tujuan.....	35
B. Indikator Kahontalna Kagiatan Diajar	35
C. Pedaran Matéri.....	35
D. Kagiatan Diajar.....	46
E. Latihan/Pancén	46
F. Tingkesan.....	47
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	47
KAGIATAN DIAJAR 5	49
INSTRUMÉN PENILÉYAN.....	49
A. Tujuan.....	49
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	49
C. Pedaran Matéri.....	49
D. Kagiatan Diajar.....	57
E. Latihan/Pancén	57
F. Tingkesan.....	58
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	58
KAGIATAN DIAJAR 6	61
NGOLAH HASIL PENILÉYAN.....	61
A. Tujuan.....	61
B. Indikator Kahontalna Hasil Diajar	61
C. Pedaran Matéri.....	61
D. Kagiatan Diajar.....	69

E. Latihan/ Kasus /Pancén.....	69
F. Tingkesan.....	70
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	70
KAGIATAN DIAJAR 7	71
PRAKTEK PENILÉYAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA	71
A. Tujuan.....	71
B. Indikator Hontalan Hasil Diajar	71
C. Pedaran Matéri.....	71
D. Kagiatan Diajar.....	77
E. Latihan/Pancén	77
F. Tingkesan.....	78
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	78
KAGIATAN DIAJAR 8	81
Hasil Peniléyan pikeun Nangtukeun KKM	81
A. Tujuan.....	81
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	81
C. Pedaran Matéri.....	81
D. Kagiatan Diajar.....	90
E. Latihan/Pancén	90
F. Tingkesan.....	90
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	91
KOMPETENSI PROFESIONAL:.....	93
KAGIATAN DIAJAR 9	95
AKSARA SUNDA	95
A. Tujuan.....	95
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar	95
C. Pedaran Matéri.....	95
D. Kagiatan Diajar.....	113
E. Latihan.....	113
F. Tingkesan.....	113
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	114
KAGIATAN DIAJAR 10	115
WANGUN JEUNG STRUKTUR CARITA PONDOK	115

A. Tujuan.....	115
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	115
C. Pedaran Matéri.....	115
D. Kagiatan Diajar.....	123
E. Latihan/Pancén	123
F. Tingkesan.....	123
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	123
KAGIATAN DIAJAR 11 WANGUN JEUNG STRUKTUR GUGURITAN	125
A. Tujuan	125
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	125
C. Pedaran Matéri.....	125
D. Kagiatan Diajar.....	131
E. Latihan/ Kasus /Tugas Pancén	131
F. Tingkesan.....	132
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	132
KONCI JAWABAN LATIHAN KAGIATAN DIAJAR	135
EVALUASI.....	147
PANUTUP	154
DAFTAR PUSTAKA	155
GLOSARIUM	156



DAFTAR TABEL

Tabel 1.1 Lembar Peniléyan Siswa	13
Tabel 1.2 Kritéria Peniléyan	14
Tabel 4.1 Sasaran Peniléyan Hasil Diajar	37
Tabel 4.2 Peniléyan Tés Nyarita.....	41
Tabel 4.3 Tahapan Kamampuh Maham Bacaan	42
Tabel 4.4 Kisi-kisi Tés Kamampuh Maca Lanjut	44
Tabel 4.5 Wincikan Kamampuh Maham Bacaan	45
Tabel 4.6 Wincikan Kamampuh Nulis	46
Tabel 5.1 Conto Kisi-kisi Peniléyan Portofolio	51
Tabel 5.2 Kecap Pagawéan Operasional Ranah Kognitif	54
Tabel 5.3 Kecap Pagawéan Operasional Ranah Aféktif	54
Tabel 5. 4 Kecap Pagawéan Operasional Ranah Pskomotor	54
Tabel 5. 5 Conto matriks kisi-kisi Peniléyan Seméster	56
Tabel 5. 6 Conto Kisi-kisi Peniléyan Kaweruh	57
Tabel 6.1 Peniléyan Kamampuh Ngagunakeun Basa Sunda	64
Tabel 6.2 Modél Peniléyan Tugas Nyarita	64
Tabel 6.3 Modél Peniléyan Tugas Nulis ku Skala 10	65
Tabel 6.4 Modél Peniléyan Tugas Nulis Maké Bobot Unsur Kamampuh Nulis	65
Tabel 6.5 Modél Peniléyan Kamampuh Maca	65
Tabel 6.6 Ngitung Skor ku Sistem Bobot 1	67
Tabel 6.7 Ngitung Skor ku Sistem Bobot 2	67
Tabel 7.1 Pedoman Peniléyan Prosés Diajar Siswa	76
Tabel 7.2 Pedoman Peniléyan Ngajar Guru	76
Tabel 7.3 Indikator Kagiatan dalam Kerja Kelompok	77
Tabel 8.1 Format Nganiléy KKM.....	85
Tabel 8.2 Katuntasan Diajar	86
Tabel 8.3 Konvérsi Peunteun	87
Tabel 8.4 Conto KKM dina KTSP Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda.....	88
Tabel 8.5 Kriteria Niléy KKM	88
Tabel 8.6 Rentang Niléy KKM	89
Tabel 8.7 Kriteria Nangtukeun Niléy KKM	89
Tabel 8.8 Conto KKM Nyarita.....	89
Tabel 9.1 Tanda Vokalisasi di Luhureun Aksara Dasar	105
Tabel 9.2 Tanda Vokalisasi di handapeun Aksara Dasar	106
Tabel 9.3 Tanda Vokalisasi sajajar jeung Aksara Dasar	107
Tabel10.1 Wanda Tokoh	119
Tabel 11.1 Babandingan Guguritan jeung Wawacan.....	127

DAFTAR BAGAN

Bagan 9. 1 Sarsilah Aksara Sunda.....	96
Bagan 10.1Unsur Instrinsik Prosa Fiksi	117

BUBUKA

A. Kasang Tukang

Évaluasi pangajaran téh kaasup salasahiji komponén tina genep komponén sistem pangajaran. Lima komponén séjénna nyaéta tujuan pangajaran, kurikulum jeung Matéri ajar, guru jeung siswa, métodeu pangajaran, sarta média jeung sumber diajar. Évaluasi pangajaran mangrupa salasahiji komponén tina trisula atikan, dua komponén trisula atikan séjénna nyaéta ngararancang jeung pelaksanaan atikan.

Minangka salasahiji komponén pangajaran, peniléyan pangajaran ditujulkeun pikeun meunteun jeung ngukur tahap kahontalna tujuan pangajaran anu geus ditarékahana ngaliwatan prosés pangajaran. Tina évaluasi atawa peniléyan dipiharep bisa meunang wawaran anu bisa dipercaya ngeunaan hasil pangajaran, utamana mah tahap ngawasa jeung kamampuh pamilon atikan (siswa) dina widang nu diulikna. Ku jalan museurkeun kana tahap hasil diajar siswa dina wangun peunteun (niléy) nu dicangking ku pamilon atikan, komponén évaluasi pangajaran bisa méré wawaran ngeunaan segi séjén saperti kasaluyuan tujuan pangajaran, kualitas lumangsungna pangajaran, kasaluyuan Matéri nu diajarkeun, jeung kualitas instrumén nu dipaké pikeun ngayakeun évaluasi pangajaran.

Dina peniléyan aya kagiatan meunteun atawa ngajén hiji obyék dumasar kritéria nu geus tangtu. Pikeun nangtukeun niléy atawa harga hiji obyék diperlukeun ayana ukuran atawa kritéria. Peniléyan atikan ngawengku tilu sasaran utama nyaéta program atikan, prosés diajar ngajar, jeung hasil-hasil diajar. Wengkuan évaluasi pangajaran téh nyoko kana téhnik peniléyan, wangun peniléyan, jeung instrumén peniléyan.

Évaluasi nu sok disaruakeun jeung peniléyan mindeng dipatalikeun kana istilah pengukuran. Pengukuran téh mangrupa tarékah pikeun ngadadarkeun hiji perkara sacara kuantitatif luyu jeung hakékat katut sipat barang anu diukur, upamana waé, méter keur ngukur panjang. Dadaran kuantitatif kalawan nyata

dilaksanakeun ku ngukur hasilna nu bisa dipaké Matéri keur peniléyan atawa *assessment*.


B. Tujuan

Tujuan ieu Kagiatan Diajar téh pikeun mekelan guru dina mekarkeun opat hal, nyaéta:

1. évaluasi pangajaran basa jeung sastra Sunda;
2. maca jeung nulis aksara Sunda;
3. wangun jeung unsur intrinsik carpon; sarta
4. wangun jeung unsur guguritan.

Sacara husus unggal guru dipiharep mampuh dina sabelas hal, nyaéta: (1) prinsip peniléyan oténtik; (2) peniléyan prosés dina pangajaran basa Sunda; (3) peniléyan hasil dina pangajaran basa Sunda; (4) prosédur peniléyan dina pangajaran basa Sunda; (5) nyusun instrumén peniléyan kompeténsi (sikep, pangaweruh, kaparigelan); (6) ngolah hasil peniléyan; (7) prakték peniléyan; (8) peniléyan pikeun nangtukeun KKM; (9) maca jeung nulis aksara Sunda; (10) wangun jeung struktur carpon; sarta (11) wangun jeung struktur guguritan.

C. Péta Kompeténsi



D. Ambahan Matéri

Matéri anu dipidangkeun dina ieu Kagiatan Diajar *Grade H* nyoko kana Matéri peniléyan pangajaran basa jeung sastra Sunda, aprésiasi carpon, jeung aksara Sunda. Ari pidanganana diwangun ku 11 Kagiatan Diajar saperti ieu di handap.

Kagiatan Diajar I : Medar prinsip-prinsip peniléyan oténtik.

Kagiatan Diajar II : Medar peniléyan prosés dina pangajaran basa sunda.

Kagiatan Diajar III : Medar peniléyan hasil dina pangajaran basa sunda.

Kagiatan Diajar IV : Medar prosédur peniléyan dina pangajaran basa sunda.

Kagiatan Diajar V : Medar cara nyusun instrumén peniléyan

Kagiatan Diajar VI : Medar cara ngolah hasil peniléyan basa sunda.

Kagiatan Diajar VII : Medar prakték peniléyan basa sunda.

Kagiatan Diajar VIII: Medar cara nangtukeun KKM basa sunda.

Kagiatan Diajar IX : Medar pangaweruh, maca, jeung nulis aksara sunda.

Kagiatan Diajar X : Medar wangun jeung struktur carita pondok.

Kagiatan Diajar XI : Medar wangun jeung struktur guguritan.

É. Cara Ngagunakeun Kagiatan Diajar

Aya sawatara hal anu perlu diéstrokeun dina ngulik ieu modul. Kahiji, Sadérék kudu yakin yén ieu modul téh aya mangpaatna. Kadua, Sadérék kudu narékaan sangkan meunang informasi tina modul nu dibaca. Katilu, Sadérék kudu niténan jeung pigawé unggal latihan nu dipidangkeun dina unggal ahir pedaran. Titénan jeung pigawé unggal bagian kalawan daria. Sangkan teu poho, jieun catetan husus tina unggal matéri nu dipidangkeun. Ulah poho pigawé sakur latihan jeung évaluasi dina unggal bagian modul.

Kamampuh atawa kompeténsi Sadérék kana Matéri ieu Kagiatan Diajar baris diniléy ku hasil tés jeung laporan pancén pribadi, anu ngawengku (1) prinsip jeung cara peniléyan, (2) wangun jeung struktur carita pondok, jeung (3) aksara Sunda.

Dina ngulik ieu matéri kagiatan diajar téh, Sadérék kudu maca jeung migawé latihan kalawan ngaruntuy. Ari sababna, matéri dina kagiatan diajar I jadi dasar pikeun matéri dina kagiatan diajar II, jsté.

Lamun manggihan kasulitan, boh nu patali jeung matéri, boh patali jeung latihan atawa soal, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kanca mitra séjénna atawa nanyakeun ka instruktur.

KOMPETENSI PEDAGOGIK:

PENILEYAN PANGAJARAN

BASA JEUNG SASTRA SUNDA

KAGIATAN DIAJAR 1

PRINSIP-PRINSIP PENILÉYAN OTÉNTIK

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar I, Sadérék dipiharep meunang kamampuh ngeunaan (1) peniléyan oténtik; (2) wanda peniléyan oténtik; (3) peniléyan kinerja; (4) peniléyan proyék; (5) peniléyan portofolio; jeung (6) peniléyan tinulis.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar

Indikator kahontalna kompeténsi tina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa nerangkeun (1) harti peniléyan oténtik; (2) wanda peniléyan oténtik; (3) peniléyan kinerja; (4) peniléyan proyék; (5) peniléyan potofolio; jeung (6) peniléyan tinulis.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Peniléyan Oténtik

Peniléyan oténtik nyaéta *pengukuran* anu ngandung harti sacara signifikan kana hasil diajar siswa dina ngukur aspék sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh. Istilah *asésmen* mangrupa sinonim tina *peniléyan*, *pengukuran*, *pengujian*, atawa *évaluasi*. Istilah oténtik mangrupa sinonim tina asli, nyata, valid, atawa réliabel. Dina kahirupan akademik, frasa *asésmen oténtik* jeung *peniléyan oténtik* sok disaruakeun.

Asésmen oténtik mangrupa peniléyan kana *produk* jeung *kinerja* anu aya hubunganana jeung pangalaman kahirupan nyata siswa. *Asésmen oténtik* mangrupa upaya méré tugas ka siswa anu némbongkeun prioritas jeung tantangan anu kapanggih dina kagiatan diajar, saperti waktu naliti, nulis, ngarévisi atawa medar artikel, nganalisis jeung ngoméntaran kajadian, atawa kolaborasi dina debat, jsté.

2. Peniléyan Oténtik jeung Tuntutan Kurikulum 2013

Peniléyan oténtik kuat rélévansina jeung pamarekan ilmiah dina pangajaran anu dumasar kana Kurikulum 2013. Asésmen oténtik mampuh méré gambaran ngaronjat henteuna hasil diajar siswa, dina waktu niténan, nanya, mikir, nyoba, jeung nepikeun. Asésmen oténtik tujuanana leuwih museur kana pancén kompléks atawa kontékstual. Tujuanana sangkan siswa bisa némbongkeun kompeténsina kalawan oténtik.

Asésmen oténtik sok disebut peniléyan kinerja, portofolio, peniléyan proyék, atawa peniléyan résponsif. Ieu métodeu populér dipaké pikeun nganiléy prosés jeung hasil diajar siswa anu boga ciri-ciri husus, ti mimiti siswa anu boga kakurangan, bakat husus, nepi ka siswa anu jenius. Asésmen oténtik sok dihartikeun peniléyan kamekaran siswa, sabab museur kana kamekaran kamampuh siswa dina diajar saperti sikep, kaparigelan, jeung kaweruhna.

Asésmen oténtik bisa dijieuun ku guru boh sorangan boh tim, atawa babarengan dijieuun ku guru jeung siswa. Dina asésmen oténtik, ilubiungna siswa téh penting. Asumsina, siswa bisa ngalakukeun kagiatan diajar leuwih hadé nalika manéhna nyaho, yén manéhna keur dipeunteun. Siswa dipénta pikeun ngaréfléksikeun jeung ngaévaluasi kinerja manéhna sorangan dina ngaronjatkeun pamahaman jeung kamampuh diajarna anu leuwih jero pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Dina asésmen oténtik guru ngalarapkan kritéria anu raket patalina jeung konstruksi pangaweruh, kajian paélmuan, jeung pangalaman siswa ti luar sakola. Asésmen oténtik nyoba ngagabungkeun kagiatan guru waktu ngajar jeung kagiatan siswa waktu diajar (motivasi, kaaktifan, jeung kaparigelan siswa). Ku sabab peniléyan mangrupa bagian tina prosés pangajaran, guru jeung siswa kudu gawé bareng tur silih pikanyaho kana kritéria gawéna séwang-séwangan. Siswa malah kudu ditanya tur kudu paham kana papancénna anu kudu dilaksanakeun ku manéhna.

3. Peniléyan Oténtik jeung Diajar Oténtik

Peniléyan oténtik merlukeun prosés diajar anu oténtik. Diajar oténtik ngagambarkeun pancén jeung cara néangan solusina anu dilakukeun ku siswa, dipatalikeun kana réalitas di luareun sakola. Ieu asésmen museur

kana pancén-pancén kompléks atawa kontéktual pikeun siswa, anu némbongkeun kompeténsi atawa kaparigelan nyatana.

Asésmen oténtik ngawengku tilu téhnik, nyaéta (1) ngukur langsung kaparigelan siswa; (2) peniléyan kana pancén anu merlukeun karancagéan; jeung (3) analisis prosés pikeun ngahasilkeun réspon siswa kana sikep, kaparigelan, jeung kaweruhna.

Asésmen oténtik gedé gunana pikeun guru dina nangtukeun cara anu panghadéna supaya sakabéh siswa bisa ngahontal hasil ahir. Konstruksi sikep, kaparigelan, jeung kaweruh bisa dihontal ku cara siswa bisa ngaréngsékeun pancénna sacara aktif jeung kréatif. Eta kaaktifan siswa bakal mangaruhan pisan dina mekarkeun kapribadian dirina.

Dina pangajaran oténtik, siswa dipiharep bisa ngumpulkan informasi ku pamarekan saintifik, paham kana fénoména anu aya hubunganana, sarta matalikeun naon-naon anu geus diulik jeung dunya nyata di luar sakola. Asésmen oténtik ngarojong siswa dina ngorongron, ngaorganisasikeun, nganalisis, nyintésis, napsirkan, ngajéntrékeun, jeung ngaévaluasi informasi jadi pangaweruh anyar.

Dina pangajaran oténtik, guru kudu jadi “guru oténtik.” Peran guru lain dina prosés ngajar wungkul, tapi dina peniléyan deuih. Pikeun ngalaksanakeun pangajaran oténtik, guru kudu nyumponan sawatara kritéria.

- a. Paham cara meunteun kahéngkéran jeung kaonjoyan siswa katut desainna.
- b. Paham cara ngaping siswa pikeun mekarkeun pangaweruhna ku cara ngapersépsi jeung nyadiakeun sumber daya anu nyumponan.
- c. Ngaping prosés pangajaran, niténan informasi anyar, jeung nyaluyukeun pamahaman siswa.
- d. Kréatif jeung inovatif enggonging ngajembaran pangaweruh, wawasan, jeung pangalaman siswa tina dunya nyata di luar sakola.

4. Jenis-jenis Peniléyan Oténtik

Dina ngalaksanakeun asésmen oténtik, guru kudu paham kana tujuan nu hayang dihontal jeung tumanya ka dirina sorangan, hususna ngeunaan (1) sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh naon nu rék dipeunteun; (2) fokus peniléyan nu rék dilakukeun, misilna, naha rék museur ngajén kana sikep,

kaparigelan, atawa pangaweruh; jeung (3) tingkat pangaweruh naon nu rék dipeunteunna: naha nalar, mémori, atawa prosés.

Aya sababaraha jenis asésmen oténtik: (1) peniléyan kinerja, (2) peniléyan proyék, (3) peniléyan portofolio, jeung (4) peniléyan tinulis.

a. Peniléyan Kinerja

Asésmen oténtik ngalibetkeun parsisipasi aktip siswa, hususna dina prosés jeung aspék nu dipeunteun. Saméméhna guru nanya ka siswa ngeunaan unsur proyék atawa pancén nu rék dipaké ku siswa pikeun nangtukeun kritéria réngsé henteuna éta proyék. Satuluyna, guru nyieun laporan naratif atawa laporan kelas pikeun ngayakeun *feedback*. Aya sababaraha cara pikeun ngarekam hasil peniléyan *berbasis* kinerja:

1) Daftar cék (*checklist*)

Digunakan pikeun mikanyaho muncul henteuna unsur-unsur tina indikator atawa subindikator tina hiji peristiwa atawa tindakan.

2) Catetan anékdote/narasi (*anecdotal/narative records*)

Digunakeun ku cara guru nulis laporan narasi ngeunaan naon-naon anu dilakukeun ku unggal siswa sawaktu migawé éta proyék. Tina éta laporan, guru bisa nangtukeun kualitas siswa dina nyumponan kritéria anu geus ditangtukeun.

3) Skala peniléyan (*rating scale*)

Biasana digunakan skala numerik jeung prédikatna. Misilna: 5 = hadé pisan, 4 = hadé, 3 = cukup, 2 = kurang, 1 = kurang pisan.

4) Mémori atawa ingetan (*memory approach*)

Digunakeun ku guru ku cara niténan waktu migawé hiji hal, tapi lain nyatet. Guru ngan ngagunakan informasi dina mémorina pikeun nangtukeun hasil henteuna siswa dina ngahontal tujuan éta proyék. Ieu cara téh kurang pati dirojong, sabab loba kahéngkéranana, kajaba pikeun guru anu telik tur panjang ingetanana.

Aya sawatara hal anu kudu diperhatikeun dina ngalaksanakeun peniléyan kinerja.

1) Léngkah-léngkah gawé anu kudu dilakukeun ku siswa pikeun némbongkeun karya nyatana dina ngahontal hiji kompeténsi.

- 2) Merenah jeung lengkepna aspék gawé anu bakal dipeunteun.
- 3) Kamampuh-kamampuh husus anu diperlukeun ku siswa pikeun ngaréngsékeun tugas-tugas pangajaran.
- 4) Fokus utama tina gawé anu rék dipeunteun, hususna indikator anu rék dititénan.
- 5) Runtusan kamampuh atawa kaparigelan siswa anu rék dititenan.

Guru kudu gemet niténan kontéks gawé siswa pikeun nangtukeun *Kahontalna* kamampuh siswa kana hiji proyék. Upamana, pikeun ngajén kamahéran siswa pikeun meunteun kaparigelan basa peserta didik, tina aspék kaparigelan nyarita ngagunakeun basa Sunda guru bisa niténan sababaraha kontéks, saperti kamampuh siswa dina keur pidato, sawala, nyarita, ngadongéng, atawa ngawawancara. Tina sababaraha kontéks ieu bakal kapanggih kamahéran nyarita anu gembleng. Supaya imeut dina niténanan éta kamampuh, guru bisa ngagunakeun instrumén, saperti instrumén peniléyan sikap, observasi paripolah, pananya langsung atawa pribadi.

Peniléyan diri (*self assessment*) kaasup bagian tina peniléyan kinerja. Peniléyan diri mangrupa hiji téhnik peniléyan anu dilakukeun ku cara siswa meunteun dirina sorangan ngeunaan status, prosés, jeung tingkat kahontalna kompeténsi anu diulikna dina hiji mata pelajaran. Téhnik peniléyan diri bisa digunakeun pikeun ngukur kompeténsi kognitif, aféktif jeung psikomotor.

Téhnik peniléyan diri boga sababaraha mangpaat positif, nyaéta (1) Numuwuhkeun rasa percaya diri siswa; (2) Siswa jadi sadar kana kakuatan dan kahéngkéran dirina; (3) Ngarojong, ngabiasakeun, jeung ngalatih siswa jujur; sarta (4) Numuwuhkeun sumanget pikeun maju sacara personal.

b. Peniléyan Proyék

Peniléyan proyék (*project assessment*) mangrupa kagiatan peniléyan kana tugas anu kudu diréngsékeun ku siswa dina hiji periodeu. Siswa ngaréngsékeun éta tugas ku cara léngkah-léngkah: ngararancang, ngumpulkeun, milah-milah, ngolah, nganalisis, jeung nyodorkeun data. Peniléyan proyék raket pisan patalina jeung aspék pamahaman, prakték ngalarapkeun, jeung ngayakeun panalungtikan.

Waktu migawé hiji proyék, siswa boga lolongkrang pikeun ngalarapkeun sikep, kaparigelan, jeung pangaweruhna. Ku kituna, dina unggal peniléyan proyék, aya tilu hal anu kudu diperhatikeun ku guru.

- 1) Kaparigelan siswa dina milih topik, néangan, ngumpulkeun, ngolah, jeung nganalisis data, ngama'naan informasi jeung nulis laporanana.
- 2) Kasaluyuan atawa rélèvansi Matéri pangajaran jeung kamekaran sikep, kaparigelan, jeung pangaweruh anu dibutuhkeun ku siswa.
- 3) Orijinalitas hiji proyék pangajaran anu dipigawé atawa dihasilkeun ku siswa.

Peniléyan proyék museur kana rarancang, prosés gawé, jeung produk proyék. Ku sabab kitu, saméméhna guru kudu nyusun heula rarancang jeung instrumén peniléyan, nyiapkeun rarancang pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data, jeung pikeun nyusun laporan. Peniléyan proyék bisa ngagunakeun instrumén daptar cék, skala peniléyan, atawa narasi. Laporan peniléyan bisa diébréhkeun dina wangu poster atawa tinulis.

Peniléyan produk bisa ngajén kamampuh siswa dina ngahasilkeun produk. Ari peniléyan sacara holistik museur kana aprésiasi atawa kesan anu gembleng kana produk anu dihasilkeun.

c. Peniléyan Portofolio

Peniléyan portofolio mangrupa peniléyan kana kumpulan artéfak anu ngagambarkeun kamajuan hasil gawé nyata siswa. Peniléyan portofolio bisa tina hasil gawé siswa sacara individual atawa diproduksi sacara kelompok. Hal ieu merlukeun prosés meunteun anu kudu dumasar kana sababaraha diménsi.

Peniléyan portofolio sipatna sambung-sinambung dumasar kana kumpulan karya siswa sacara individu atawa kelompok dina hiji periodeu pangajaran. Éta informasi téh bisa mangrupa karya siswa, hasil tés (lain peunteun), atawa informasi séjén anu rélévan jeung kompetésina. Bisa dilakukeun ku guru bisa ku siswana sorangan.

Ku ayana peniléyan portofolio guru bakal mikanyaho kamekaran atawa kamajuan diajar siswa. Tina hasil portofolio, guru/siswa bisa ngoméan kakurangan luyu jeung udagan nu hayang dihontalna.

Léngkah-léngkah ngalaksanakeun peniléyan portofolio.

- 1) Guru ngajéntrékeun sacara ringkes ésensi peniléyan portofolio.
- 2) Guru bisa babarengan jeung siswa nangtukeun jenis portofolio anu rék dijieun.
- 3) Siswa sacara mandiri atawa diaping ku guru nyusun portofolio pangajaran.
- 4) Guru ngagundukkeun jeung nunda portofolio bari nyatetan tanggalna.
- 5) Guru ngajén portofolio siswa dumasar kana hiji kritéria.
- 6) Guru babarengan jeung siswa medar dokumén portofolio anu geus dihasilkeun.
- 7) Guru méré umpan balik ka siswa kana hasil peniléyan portofolio.

d. Peniléyan Tinulis

Peniléyan tinulis dina pangajaran tetep diperlukeun. Tés tinulis mah bisa dina wangun pilihan, nyadiakeun jawaban, atawa éséy. Tés éséy meredih kamampuh ingetan, pamahaman, ngalarapkeun, nganalisis, ngagabungkeun, jeung ngaévaluasi matéri. Sipatna kompréhénatif nepi ka bisa ngagambarkeun sikap, kaparigelan, jeung kaweruh siswa. Tés éséy méré kabébasanka siswa pikeun ngajawab soal dumasar puseur implenganana. Tina puseur implengan anu béda, tinangtu bakal ngahasilkeun jawaban anu béda-béda. Aya dua rupa jawaban tés éséy, nyaéta jawaban bébas (*extended-response*) jeung jawaban kawatesanan (*restricted-response*). Ieu jawaban téh gumantung kana bobot soal anu dibikeun ku guru.

é. Conto Lambar Peniléyan

Tabel 1. 1 LEMBAR PENILÉYAN SISWA

Ngaran Siswa :
 No. Induk :
 Ngaran Kagiatan :
 Pedoman Peniléyan :

No.	Aspék Peniléyan	Skor Maks	Skor Perolehan	Keterangan
I	Persiapan 1.1 Maca Modul 1.2 Persiapan Alat jeung Matéri			
	Subtotal	5		
II	Pelaksanaan Pangajaran 2.1 Kamampuh Siswa 2.2 Ngalaksanakeun Kagiatan 1 & 2			
	Subtotal	20		

No.	Aspek Peniléyan	Skor Maks	Skor Perolehan	Keterangan
III	Kinerja Siswa 3.1 Cara masang alat 3.2. Cara ngalakukeun percobaan 3.3 Cara niténan 3.4 Cara ngeuisian tabel percobaan 3.5 Cara nepikeun gagasan			
	Subtotal	25		
IV	Produk Kerja 4.1 Ngaréngsékeun Tugas 4.2 Ngarapihkeun Alat Percobaan 4.3 Meresihkan Méja Praktikum			
	Subtotal	35		
V	Sikap / Étos Kerja 5.1 Tanggung Jawab 5.2 Katalitian 5.3 Inisiatif 5.4 Kamandirian 5.5 Kerjasama			
	Subtotal	10		
VI	Laporan 6.1 Sistematika laporan 6.2 Penyajian Data 6.3 Analisis Data 6.4 Penarikan Simpulan 6.5 Penyajian Pustaka			
	Subtotal	10		
	Total	100		

Tabel 1. 2 KRITÉRIA PENILÉYAN

No.	Aspek Peniléyan	Kritéria Peniléyan	Skor
I	Persiapan 1.1 Maca handout/modul 1.2 Persiapan alat jeung Matéri	<ul style="list-style-type: none"> • Maca Handout/Modul • Henteu maca handout/modul • Alat jeung Matéri: luyu henteuna jeung kabutuhan • Alat jeung Matéri disiapkeun henteu saluyu jeung kabutuhan 	1 0 5 1
		Subtotal	7
II.	Ngalaksanakeun Prosés Pangajaran 2.1. Kamampuh siswa 2.2 Ngalaksanakan kagiatan 1 & 2	<ul style="list-style-type: none"> • Siswa anu kamampuhna hadé • Siswa anu kamampuhna kurang • Ngalaksanakeunana hadé • Henteu hadé dina ngalaksanakeunana 	10 1-5 10 1-5
		Subtotal	4-10

No.	Aspék Peniléyan	Kritéria Peniléyan	Skor	
III	Kinerja Siswa 3.1 Cara masang alat 3.2 Cara ngalakukeun percobaan 3.3 Cara niténan 3.4 Cara ngeusian tabél data 3.5 Cara nepikeun gagasan	<ul style="list-style-type: none"> Masang alatna bener. Masang alatna kurang bener Ngaksanakeunana hadé Ngalaksanakeunana kurang hadé Niténan kalawan hadé Niténan kurang hadé Ngeusian tabél hadé Ngeusian kurang hadé Nepikeun gagasan hadé Nepikeun gagasan kurang hadé 	5 1-4 5 1-4 5 1-4 5 1-4 5 1-4	
		Subtotal		
IV	Produk Kerja 4.1 Ngaréngsékeun tugas 4.2 Ngarapihkan alat-alat laboratorieum 4.3 Meresihkan méja praktikum	<ul style="list-style-type: none"> Kualitas tugas hadé Kualitas kurang hadé Kualiatas rapih Kualitas kurang rapih Kualiatas beresih Kualitas kurang beresih 	10 1-9 10 1-9 10 1-9	
V	Sikap/Etos kerja 5.1 Tanggung jawab 4.2 Katalitian 5.3 Inisiatif 5.4 Kamandirian	Subtotal <ul style="list-style-type: none"> Nunda deui alat kana tempatna Alat henteu ditunda deui kana tempatna Henteu ngalakukeun kasalahan Loba ngalakukeun kasalahan Miboga inisiatif Kurang boga inisiatif Migawé tanpa loba parentah Migawé ku loba parentah 	2 1 3 1 3 1 2 1	
		Subtotal		
VI	Laporan 6.1 Sistematika laporan 6.2 Pidangan pustaka 6.3 Pidangan data 6.4 Analisis data 6.5 Nyieun kacindekan	<ul style="list-style-type: none"> Laporan luyu jeung sistematika Laporan henteu luyu jeung sistematika Aya pustaka Euweuh pustaka Data sistematis Data henteu sistematis Analisisna bener Analisisna kurang bener Bener jeung merenah Kurang bener jeung kurang merenah 	2 1 2 1 2 1 2 1 2 1	
		Total		

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy bandingkeun jeung tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kanca mitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

Jawab sakur pananya/parentah ieu di handap!

1. Terangkeun harti peniléyan oténtik!
2. Jéntrékeun rupa-rupa peniléyan oténtik!
3. Jéntrékeun mangpaat peniléyan oténtik!
4. Jéntrékeun léngkah-léngkah ngalaksanakeun peniléyan portofolio!
5. Naon sababna tés éséy bisa méré lolongkrang ka guru pikeun ngukur hasil diajar siswa kana tingkatan anu leuwih luhur atawa leuwih kompléks?

F. Tingkesan

Sacara husus, dina kontéks pangajaran di kelas, peniléyan dilakukeun pikeun mikanyaho kamajuan diajar siswa ogé hasil diajarna. Lian ti éta, peniléyan dipaké pikeun manggihan kasulitan diajar, ngoméan prosés diajar ngajar, jeung pikeun nangtukeun kenaikan kelas (2010:1). Ku ngayakeun peniléyan, bakal kapanggih informasi akurat ngeunaan prosés jeung hasil tina pangajaran anu geus dilaksanakeun.

Dina ngalaksanakeun Kurikulum 2013, jenis peniléyan anu bisa digunakan ku guru pikeun ngajén kompeténsi sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan nyaéta peniléyan otentik. Peniléyan oténtik nyaéta peniléyan paripolah siswa sacara multi-diménşional dina situasi nyata. Peniléyan oténtik henteu ngan ngagunakan tés keretas jeung pulpén (tés tinulis), tapi bisa ngagunakan sawatara métodeu, misilna tés perbuatan, méré papancén, jeung portofolio. Manpaat positif peniléyan oténtik, nyaéta (1) numuwuhkeun rasa percaya diri

siswa; (2) siswa jadi sadar kana kakuatan dan kahéngkéran dirina; (3) ngarojong, ngabiasakeun, jeung ngalatih siswa jujur; jeung (4) numuwuhkeun sumanget pikeun maju sacara personal.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem Matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun Matéri kana Kagiatan Diajar II. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres Matéri dina kagiatan diajar I, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 2

PENILÉYAN PROSÉS DINA PANGAJARAN BASA

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 2, Sadérék dipiharep meunang kamampuh ngeunaan (1) wangenan peniléyan prosés; (2) tujuan peniléyan prosés; (3) komponén peniléyan prosés; jeung (4) kritéria peniléyan prosés.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar

Indikator kahontalna kompeténsi tina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) wangenan peniléyan prosés; (2) tujuan peniléyan prosés; (3) komponén peniléyan prosés; jeung (4) kritéria peniléyan prosés.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Peniléyan Prosés

Peniléyan nyaéta kagiatan meunteun atawa ngajén hiji obyék dumasar kritéria nu geus tangtu. Pikeun nangtukeun niléy atawa harga hiji obyék diperlukeun ayana ukuran atawa kritéria (Sudjana, 2009:3). Dina peniléyan atikan ngawengku tilu sasaran utama nyaéta program pendidikan, prosés diajar ngajar jeung hasil-hasil diajar.

Peniléyan prosés mangrupa prosés meunteun nu museurkeun sasaran kana tingkat éfektivitas diajar ngajar dina raraga ngahontal tujuan pangajaran. Peniléyan prosés diajar ngajar patali jeung meunteun kagiatan guru, kagiatan siswa, pola interaksi antara guru jeung siswa sarta luamangsungna prosés diajar ngajar. Peniléyan prosés diajar patali jeung paradigma yén kagiatan diajar museur ka siswa, siswa nu dominan dina kagiatan diajar sacara mandiri sarta guru ngan saukur ngaping. Dina ieu hal guru kudu salawasna ngariksa bangbaluh nu kapanggih ku siswa dina unggal lawungan. Sedengkeun pikeun ngukur hasil diajar diayakeun kagiatan ulangan harian, tengah seméster, jeung ahir seméster.

Lajuning laku tina peniléyan prosés pangajaran upamana meunangkeun hasil nu kurang hadé, mangka kudu diayakeun Penelitian Tindakan Kelas (PTK). Hartina guru kudu ngadiagnosa bangbaluh nu disanghareupan ku siswa dina kagiatan diajar, nu antukna bakal manggihan hiji cara pikeun ngungkulán éta masalah. Béda deui jeung kagiatan ujian, lamun guru manggihan siswa nu teu nyumponan kritéria dina KKM (Kritéria Ketuntasan Minimal), solusina nyaéta ngayakeun kagiatan rémédial pangajaran.

2. Tujuan Peniléyan Prosés

Dina enas-enasna, tujuan peniléyan prosés nyaéta pikeun maluruh kagiatan diajar-ngajar, utamana éfesiénsi, kaéfektipan, sarta produktivitas pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Diménsi peniléyan prosés diajar ngajar patali jeung komponén prosés pangajaran misilna tujuan pangajaran, métodeu, Matéri pangajaran, kagiatan diajar ngajar sarta peniléyan.

Peniléyan miboga sababaraha fungsi dina prosés pangajaran, nyaéta:

- a. Minangka alat pikeun maluruh naha siswa geus nyangkem élmu pangaweruh, niléy-niléy, norma-norma sarta kaparigelan nu geus dibikeun ku guru;
- b. Pikeun maluruh kahéngkéran siswa dina kagaiatan diajar;
- c. Maluruh tingkat "ketercapaian" siswa dina kagiatan diajar;
- d. Minangka eunteung pikeun guru, nu sumberna ti siswa;
- e. Minangka alat pikeun maluruh kamekaran diajar siswa; jeung
- f. Minangka matéri utama laporan hasil diajar siswa ka kolotna.

3. Komponén Peniléyan Prosés

Diménsi peniléyan prosés diajar-ngajar patali jeung komponén-komponén nu ngawangun prosés diajar ngajar, komponén pangajaran minangka diménsi peniléyan prosés diajar-ngajar, ngawengku sababaraha komponén nyaéta tujuan intruksional, Matéri pangajaran, siswa, guru, alat, sumber diajar jeung peniléyan.

- a. Komponén tujuan instruksional ngawengku aspék-aspék tujuan, kapabilitas nu nyangkaruk di jerona, rumusan tujuan, saluyu heunteuna kamampuh siswa, jumlah jeung waktu nu aya pikeun ngahontal éta tujuan, saluyu henteuna jeung kurikulum nu lumaku, sarta "keterlaksanaan" dina pangajaran.
- b. Komponén Matéri pangajaran ngawengku matérina, saluyu henteuna jeung tujuan, tingkat bangbaluh Matéri, gampang henteuna maluruh éta Matéri,

daya guna pikeun siswa, "keterlaksanaan" saluyu jeung waktu nu disadiakeun, sumber-sumber pikeun maluruhna, cara maluruhna, "kesinambungan" Matéri, rélèvansi Matéri jeung kabutuh siswa, sarta *prasyarat* maluruh éta Matéri pangajaran.

- c. Komponén siswa ngawengku kamampuan *prasyarat*, minat jeung panitén, motivasi, sikep, cara diajar, hubungan sosialisasi jeung batur sakelas, bangbaluh diajar nu disanghareupan, karakteristik jeung kapribadian, kabutuhan kana diajar, idéntitas siswa jeung kulawargana nu raket patalina jeung atikan di sakola.
- d. Komponén guru ngawengku mata pelajaran nu kacangkem, kaparigelan ngajar, sikep kaguruan, pangalaman ngajar, cara ngajar, cara meunteun, karep pikeun mekarkeun profesina, kaparigelan nyarita, kapribadian, kamampuh jeung kahayang méré apinan ka siswa, hubungan jeung siswa katut babaturan guruna, cara maké raksukan, sarta kaparigelan séjén nu dibutuhkeun.
- e. Komponén alat jeung sumber diajar ngawengku jenis alat jeung jumlahna, daya guna, hésé henteu ngayakeunana, lengkep henteuna, mangpaatna pikeun siswa jeung guru, cara makéna. Alat jeung sumber diajar téh kaasup alat peraga, buku sumber, laboratorium, sarta kalengkepan diajar nu lianna.
- f. Komponén peniléyan ngawengku jenis alat peniléyan nu digunakeun, eusi jeung rumusan pananya, mariksa jeung interpréstasina, sistem peniléyan nu digunakeunana, prak-prakan nganiléy, lajuning laku hasil peniléyan, administrasi peniléyan, tingkat "kesukaran" soal, validitas jeung réliabelitas soal peniléyan, daya pembéda, frékuensi peniléyan jeung perencanaan peniléyan.

4. Kritéria Peniléyan Prosés

Nurutkeun Sudjana (2009:59-62), peniléyan prosés diajar ngajar aya kritériana.

a. Konsisténsi kagiatan diajar ngajar maké kurikulum

Kurikulum nyaéta program diajar ngajar anu geus ditangtukeun minangka patokan dina ngalaksanakeun kagiatan diajar ngajar. Hasil henteuna prosés diajar ngajar ditilik nepi ka mana éta patokan dilaksanakeun sacara nyata dina wangun jeung aspék (1) Tujuan pangajaran, (2) Matéri pangajaran nu dibikeun, (3) warna kagiatan nu dilaksanakeun, (4) Cara ngalaksanakeun warna kegiatan, (5) alat nu dipaké pikeun masing-masing kagiatan, jeung (6) Peniléyan nu dipaké dina unggal tujuan.

b. Prak-prakanana ku Guru

Kumaha waé program nu geus dilakukeun ku guru, naha nyanghareupan bangbaluh atawa henteu. Kumaha prak-prakan guru dina (1) Ngondisikeun kgiatan diajar siswa; (2) Nataharkeun alat jeung sumber diajar; (3) ngamangpaatkeun alokasi waktu; (4) Méré apingan ka siswa; (5) Ngalaksanakeun kgiatan ngajar; jeung (6) Ngadumaniskeun hasil diajar nu geus dilakonan tur nangtukeun lajuning lacuna.

c. Prak-prakan ku Siswa

Ditilik nepi ka mana siswa ngalaksanakeun kgiatan diajar luyu program guru, naha siswa (1) Nyangkem jeung nuturkeun pituduh nu diberé ku guru; (2) enya-enya diajar; (3) ngaréngsékeun pancén luyu jeung alokasi waktu; (4) ngamangpaatkeun sumber diajar; jeung (5) nyangkem tujuan pangajaran.

d. Motivasi diajar siswa

Hasil henteuna prosés diajar-ngajar bisa katémbong tina motivasi siswa nalika ngalaksanakeun kgiatan diajar saperti (1) Kahayang jeung panitén siswa kana pangajaran; (2) Sumanget siswa; (3) Tanggung jawab siswa; (4) Réaksi nu katémbong di diri siswa sabada dibéré stimulus ku guru; jeung (5) Ngarasa bungah tur sugema migawé pancén.

e. Aktif henteuna siswa dina kgiatan diajar

Peniléyan prosés diajar ngajar nyoko kana aktif henteuna siswa waktu pangajaran lumangsung. Aktif henteuna siswa bisa katémbong sababaraha hal, nyaéta (1) aktif dina migawé pancén; (2) aktif dina ngungkulán masalah; (3) nanya ka babaturan; (4) néangan informasi; (5) ngayakeun diskusi kelompok; (6) Meunteun kamampuh dirina sorangan; (7) Ngalatih diri; jeung (8) ngalarapkeun naon-naon nu geus diulikna.

f. Interaksi guru jeung siswa

Interaksi guru jeung siswa mangrupa kgiatan silih pangaruhan saperti (1) tanya jawab antara guru jeung siswa atawa siswa jeung siswa; (2) apingan guru ka siswa; (3) aya guru jeung siswa nu jadi sumber diajar; (4) guru jadi fasilitator diajar siswa; (5) guru ngungkulán masalah siswa; jeung (6) aya hasil diajar siswa nu nyugemakeun.

g. Kamampuh sarta kaparigelan guru waktu ngajar

Kaparigelan guru ngajar mangrupa puseur kaahlian guru nu profésional, utamana dina hal Matéri pangajaran, komunikasi jeung siswa, métode

ngajar, jrrd. Aya sababaraha indikator dina ngajén kamampuh guru, nyaéta (1) Nyangkem jeung ngawasa Matéri pangajaran nu diajarkeun ka siswa; (2) Parigel komunikasi jeung siswa; (3) Ngawasa kelas hartina bisa ngendalikeun kagiatan kelas; (4) Parigel ngagunakeun rupaning alat jeung sumber diajar; sarta (5) Parigel waktu méré pertanyaan ka siswa.

h. Kualitas hasil diajar nu dicangkem ku siswa

Salah sahiji ngajén hasil henteunna prosés diajar ngajar ditilik tina hasil diajar nu kahontal ku siswa baris katémbong dina aspék (1) robahna paripolah siswa (kaweruh, sikep, kaparigelan); (2) Kualitas jeung kuantitas tujuan nu kacangkem ku siswa; (3) Jumlah siswa nu ngahontal tujuan instrukisional; jeung (4) Hasil diajar nu gancang diinget sarta bisa diaplikasikeun minangka dasar dina nataharkeun matéri diajar nu bakal disanghareupan.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator Kahontalna diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kanca mitra séjénna.

É. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Jéntrékeun naon anu dimaksud peniléyan prosés!
2. Tataan naon waé tujuan peniléyan prosés!
3. Tétélakeun komponén-komponén peniléyan prosés!
4. Sebutkeun kritéria-kritéria peniléyan prosés!
5. Jéntrékeun ciri Kagiatan siswa dina prosés pangajaran basa Sunda!

F. Tingkesan

Peniléyan prosés mangrupa prosés meunteun nu museurkeun sasaran kana tingkat éfektivitas diajar ngajar dina raraga ngahontal tujuan pangajaran.

Peniléyan prosés diajar ngajar patali jeung meunteun kagiatan guru, kagiatan siswa, pola interaksi antara guru jeung siswa sarta lumangsungna prosés diajar ngajar.

Peniléyan prosés dilakukeun waktu prosés pangajaran lumangsung. Peniléyan prosés diajar patali jeung paradigma yén kagiatan diajar museur ka siswa, siswa nu dominan dina kagiatan diajar sacara mandiri sarta guru ngan saukur ngaping. Dina ieu hal guru kudu salawasna ngariksa bangbaluh nu kapanggih ku siswa dina unggal lawungan. Sedengkeun pikeun ngukur hasil diajar diayakeun kagiatan ulangan harian, tengah seméster, jeung ahir seméster.

Tujuan peniléyan prosés nyaéta pikeun maluruh kagiatan diajar-ngajar, utamana éfésienzi, kaéfektifan, sarta produktivitas pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Diménsi peniléyan prosés diajar ngajar patali jeung komponén prosés pangajaran misalna tujuan pangajaran, métodeu, Matéri pangajaran, kagiatan diajar ngajar sarta peniléyan.

Komponén pangajaran minangka diménsi peniléyan prosés diajar-ngajar. Komponén peniléyan prosés téh ngawengku sababaraha komponén nyaéta tujuan intruksional, Matéri pangajaran, siswa, guru, alat, sumber diajar jeung peniléyan.

Kritéria peniléyan prosés ngawengku tujuh aspék nyaéta: (1) Konsisténsi kagiatan diajar ngajar maké kurikulum, (2) prak-prakan ku guru, (3) prak-prakan ku siswa, (4) motivasi diajar siswa, (5) aktip henteuna siswa dina kagiatan diajar, (6) interaksi guru jeung siswa, (7) kamampuh sarta kaparigelan guru waktu ngajar, jeung (8) kualitas hasil diajar nu dicangkem ku siswa.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawas Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

Jumlah jawaban anu benerna

Tahap Nyangkem = _____ x 100%

5

Tahap nyangkem Matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79 = cukup

- 69 = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun Matéri kana Kagiatan Diajar 3. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres Matéri dina Kagiatan Diajar 2, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 3

PENILÉYAN HASIL DINA PANGAJARAN BASA SUNDA

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 3, Sadérék dipiharep meunang kamampuh ngeunaan (1) harti peniléyan hasil diajar; (2) tujuan peniléyan hasil diajar; (3) wanda tés hasil diajar; jeung (4) peniléyan kompeténsi ngagunakeun basa Sunda.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar

Indikator kahontalna kompeténsi tina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) harti peniléyan hasil diajar; (2) tujuan peniléyan hasil diajar; (3) wanda tés hasil diajar; jeung (4) peniléyan kompeténsi dasar ngagunakeun basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Harti jeung Tujuan Peniléyan Hasil Belajar

Peniléyan hasil diajar mangrupa salah sahiji kagiatan anu penting dina dunya atikan. Sabab, nya ku peniléyan hasil diajar pisan bakal kapanggih kamajuan, kakurangan, kaonjoyan diajar siswa jeung posisi siswa dina kelompokna. Lian ti éta, peniléyan hasil diajar bakal jadi *feed back* pikeun guru dina ngáévaluasi hasil henteuna prosés diajar ngajar (Kuswari, 2010:14). Sarua jeung pamadegan Kuswari, Nurgiyantoro (1995:19) ngébréhkeun yén peniléyan hakékatna mangrupa alat ukur pikeun mikanyaho kahontal henteuna tujuan-tujuan pangajaran anu geus ditangtukeun ku siswa sanggeus manéhna diajar.

Tujuan peniléyan bakal jadi pedoman anu jelas jeung pasti. Aya opat tujuan peniléyan prosés, nyaéta:

- (1) *keeping track*, pikeun ngalacak prosés diajar siswa diluyukeun jeung rarancang anu geus ditangtukeun.

- (2) *cheching-up*, pikeun ngecék kahontal henteuna kamampuh siswa jeung kakurangan siswa salila prosés pangajaran.
- (3) *finding out*, pikeun manggihan kakurangan, kasalahan, kahéngkéranaan siswa dina prosés pangajaran nepi ka guru gancang néangan solusina.
- (4) *summing-up*, pikeun nyindekkeun tingkat hontalan siswa kana kompeténsi anu geus ditangtukeun.

Ari tujuan peniléyan hasil diajar téh pikeun mikanyaho sababaraha hal, nyaéta:

- a. tingkat pamahaman siswa kana matéri anu geus diajarkeun;
- b. kamahéran, motivasi, bakat, minat, jeung sikep siswa kana program pangajaran;
- c. tingkat kamajuan jeung kasaluyuan antara hasil diajar siswa jeung standar kahontalna kompeténsi;
- d. kaonjoyan jeung kahéngkéranaan siswa dina prosés diajar;
- e. cara milih siswa anu luyu jeung salah sahiji jenis atikan nu tangtu;
- f. cara nangtukeun kanaékan kelas; jeung
- g. cara nempatkeun siswa luyu jeung posisina.

Sacara idéal, peniléyan kudu maké dua hal: (1) prosédur anu standar jeung (2) instrumén anu standar. Prosédur standar nyaéta peniléyan anu dilakukeun kudu maké léngkah-léngkah nu tangtu jeung boga sikep anu adil sarta tinimbangan ka siswa diluyukeun jeung situasi, waktu, tempat, jeung rupa-rupana kamampuhna. Ari instrumén standar nyaéta instrumén anu disusun maké instrumén anu baku jeung bisa dipertanggungjawabkeun, boh tingkat validitas boh réliabilitasna.

2. Wanda jeung Wangun Tés Hasil Diajar

Tés bisa didefiniskeun minangka prosédur sistematis pikeun ngukur paripolah individu. Eta definisi téh ngandung dua hal utama, nyaéta:

Kahiji, prosédur sistematis nuduhkeun yén tés kudu disusun, dilaksanakeun, jeung diolah dumasar kana aturan-aturan nu geus ditangtukeun. Prosédur sistematis téhnyoko kana tilu léngkah, nyaéta (a) sistematis dina eusi, hartina butir-butir soal (item) tés kudu disusun tur dipilih dumasar kana wilayah sarta paripolah anu rék jeung anu kudu diukur nepi ka tingkat validitas éta tés bener-bener bisa dipertanggungjawabkeun, (b) sistematis dina

ngalaksanakeun tés (administrasi), hartina éta tés kudu dilaksanakeun luyu jeung prosédur jeung kondisi anu geus ditangtukeun; jeung (c) sistematis dina ngolahna, hartina data anu dihasilkeun tina tés diolah jeung ditapsirkeun dumasar kana aturan-aturan sarta norma anu geus ditangtukeun.

Kadua, ngukur paripolah individu nuduhkeun yén tés kudu ngukur hiji sampel tina hiji tingkah laku individu anu dités. Tés henteu bisa ngukur sakumna (populasi) tingkah laku, tapi kauger ku eusi (butir soal) éta tés.

Eusi tés bisa mangrupa soal anu kudu dijawab ku siswa anu dités (*téstee*). Ieu téh disebut tés hasil diajar (*achievement tést*). Hasil diajar diwangun ku butir soal anu tingkat héséna béda-béda (gampang, sedeng, jeung hésé). Éta tés kudu dipigawé ku siswa dina waktu anu geus ditangtukeun. Ku kituna, tés hasil diajar mangrupa *power test*, nyaéta ngukur kamampuh siswa dina ngajawab pananya.

Aya tilu rupa tés hasil diajar, nyaéta (a) tés lisan, (b) tés tulisan, dan (c) tés tindakan. Djiwandono (1996:16-36) ngébréhkeun wanda tés dumasar kana sapuluh kritéria:

- 1) tujuan diayakeun: (a) Tés seleksi, (b) Tés penempatan, (c) Tés hasil belajar, (d) Tés uji coba
- 2) tahapan diayakeun: (a) Tés masuk, (b) Tés formatif, (c) Tés sumatif, (d) Pratés, (é) Postés
- 3) cara migawéna: (a) Tés tertulis jeung (b) Tés lisan
- 4) cara nyusunna: (a) Tés jieunan guru jeung (b) Tés standar
- 5) jumlah peserta: (a) Tés individual jeung (b) Tés kelompok
- 6) wangu jawaban: (a) Tés éséy, (b) Tés jawaban pondok, jeung (c) Tés pilihan
- 7) cara meunteun: (a) Tés subyéktif jeung (b) Tés obyéktif
- 8) acuan peunteun: (a) Tés basa acuan norma, (b) Tés basa acuan patokan, jeung (c) Tés basa acuan gabungan
- 9) aspek basa: (a) Tés bakat basa, (b) Tés kamampuh maké basa, jeung (c) Tés komponén basa
- 10) sawangan kana basa: (a) Tés basa diskret, (b) Tés integratif, (c) Tés pragmatik, (d) Tés komunikatif

(a) Soal Wangun Éséy

Wangun soal ésey atawa tés uraian, sabab téstee dipiharep ngajawab soal ésey *uraian* ku ngagunakeun basa téstee sorangan. Tés uraian mangrupa salah sahiji warna tés tulisan anu umumna mangrupa pananya anu ngandung permasalahan jeung merlukeun pedaran dina ngajawabna. Ciri tés uraian méré kabébasan ka siswa pikeun ngaorganisasikeun jawabanana sorangan. Siswa bébas nyusun jawaban soal uraian dumasar kana puseur implenganana séwang-séwangan. Dumasar kana tingkat kabébasan jawaban dina tés wangun ésey, butir-butir soal bisa dibédakan kana soal anu meredih jawaban bébas jeung soal anu meredih jawabar kauger.

Tés uraian mangrupa tés anu pangkolotna. Nepi ka kiwari ieu warna tés téh masih digunakeun di mana-mana. Kaonjoyan tés ésey, di antarana waé:

- (1) Para téstee dibere lolongkrang pikeun ngajawab soal sacara bebas.
- (2) Mangrupa tés anu cocog pikeun ngukur kamampuh ngajéntrékeun, ngabandingkan, ngaragum, ngabédakan, ngagambarkan, jeung ngaévaluasi.
- (3) Mangrupa tés anu pangalusna keur ngukur kaparigelan nembrakkeun ide ku tulisan.
- (4) Méré kasempatan ka siswa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis, ngaorganisasi-keun ideu, sarta mikir kritis jeung kréatif.
- (5) Bisa ngarojong siswa pikeun ngulik matéri sacara leuwih jembar supaya bisa ngageneralisasikeun.
- (6) Mun dibandingkeun jeung tés séjén, tés uraian rélatif leuwih gampang nyieunna.
- (7) Sacara praktis para siswa moal mungkin ngira-ngira jawaban anu bener.
- (8) Leuwih cocog pikeun ngukur kamampuh kognitif tingkat luhur.

Aya sawatara hal anu kudu diperhatikeun dina nyusun soal uraian, di antarana waé:

- (1) Rumusan soal uraian kudu jelas, dépinitif, jeung dina kalimah pasip.
- (2) Unggal pananya kudu dibarengan ku pituduh anu jelas ngeunaan jawaban.

- (3) Pananya uraian kudu ngaragum sakumna matéri anu penting tur komprehénsif.
- (4) Babandingan soal hésé, sedeng, jeung babari kudu saimbang: 3:5:2.Tegesna, hésé = 30%, sedeng = 50%, jeung babari = 20%. Sanggeus soal disusun, guru kudu gancang nyieun konci jawabanana.

(b) Tés Wangun Obyéktif

Tés wangun obyéktif ngawengku (1) wangun bener salah (*true false*); (2) wangun ngajodokeun (*matching*); (3) wangun eusian singget/ngalengkepan (*completion*); jeung (4) wangun pilihan ganda (*multiple choice*).

Kaonjoyan tés obyéktif, nyaéta (1) cocog pikeun ngébréhkeun tataran kaweruh, pamahaman, aplikasi, jeung analisis; (2) ngarojong siswa inget, napsirkeun, jeung nganalisis pamadegan; jeung (3) jawabanana bisa ngagambarkan ranah kognitif.

Ari **kahéngkéran** tés obyéktif, nyaéta (a) siswa teu diperedih pikeun ngaorganisasikeun jawaban, sabab jawabanana geus disadiakeun; (b) siswa mungkin baé ngira-ngira jawabanana; (c) henteu bisa ngagambarkeun prosés mikir jeung nalar; jeung (d) ngan ngukur ranah kognitif anu handap, teu ngali kamampuh anu leuwih kompléks.

3. Peniléyan Hasil Diajar dina Pangajaran Basa Sunda

Kompeténsi anu dipeunteun dina basa, lain ngukur kamampuh konsép basa jeung sastra, tapi kamampuh kaparigelan maké basa. Aya opat rupa tés kaparigelan basa, nyaéta (1) tés ngaregepkeun, (2) tés nyarita, (3) tés maca, jeung (4) tés nulis.

a. Tés Kamampuh Ngaregepkeun

Tés ngaregepkeun anu mangrupa tés kamampuh pikeun nyangkem basa digunakeun sacara lisan (komprehénsif lisan). Tés ngaregepkeun bisa

langsung bisa maké média rékaman. Aya opat tingkatan dina peniléyan kamampuh ngaregepkeun, nyaéta (1) ingetan; (2) pamahaman; (3) aplikasi; jeung (4) analisis (Nurgiyantoro, 1995:237-242)

b. Tés Kamampuh Nyarita

Tés nyarita nyaéta tés pikeun ngukur kamampuh nepikeun pesen ku basa lisan. Aya sawatara pancén kamampuh nyarita, nyaéta (1) nyarita dumasar kana gambar; (2) ngawawancara; (3) ngadongéng; (4) biantara; jeung (5) sawala (Nurgiyatoro, 1995).

Djiwandono (1996) ngébréhkeun yén wangun tés kamampuh nyarita ngawengku (1) nyarita singget, (2) nyaritakeun deui, jeung (3) nyarita bébas. Tingkatan tés kamampuh nyarita, nyaéta, (1) ingetan; (2) pamahaman; jeung (3) aplikasi (Nurgiyantoro:1995).

c. Tés Kamampuh Maca

Tujuan tés kamampuh maca nyaéta pikeun ngukur kamampuh dina nyangkem eusi bacaan. Wujud tina kamampuh nyangkem eusi bacaan jeung bisa dijadikeun dasar dina nyusun butir tés maca. Soal tés maca bisa mangrupa tés subyéktif atawa tés obyéktif. Tés subyéktif miharep waleran anu panjang lébar, ari tés obyéktif mah jawabanana kauger luyu jeung wangun soalna, jawaban pondok, ngalengkepan, atawa pilihan.

Djiwandono (1996) nyontokeun wangun tés obyéktif pikeun ngukur kamampuh maca: (1) ngalengkepan wacana; (2) ngajawab pananya, jeung (3) ngaringkes eusi bacaan.

d. Tés Kamampuh Nulis

Tés kamampuh nulis mangrupa tés kamampuh nepikeun pesan maké tulisan. Wangun tugas kamampuh nulis, nyaéta (1) nyusun alinea; (2) nulis dumasar visual; (3) nulis dumasar sora; (4) nulis dumasar buku; (5) nulis laporan; (6) nulis surat; jeung (7) nulis dumasar kana téma. Djiwandono (1996) nyontokeun tés nulis: (1) nyaritakeun gambar, (2) nulis ringkesan, jeung (3)

nulis bébas. Tingkat kamampuh nulis ngawengku (1) tingkat ingetan, (2) tingkat pamahaman, (3) tingkat aplikasi, jeung (4) tingkat analisis.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator Kahontalna diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung Tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kancamitra séjénna.

É. Latihan/ Kasus /Pancén

Jawab sakur pananya/paréntah ieu di handap!

1. Terangkeun harti peniléyan hasil diajar!
2. Jéntrékeun wanda tés hasil diajar!
3. Tataan wangun tés hasil diajar!
4. Kumaha peniléyan kompeténsi kamahéran ngagunakeun basa?

F. Tingeksan

Peniléyan dina hakékatna mangrupa alat ukur pikeun mikanyaho kahontal henteuna tujuan-tujuan pangajaran anu geus ditangtukeun ku siswa sanggeus manéhna ngalaksanakeun Kagiatan diajar. Tujuan peniléyan aya opat, nyaéta: (1) *keeping track*, (2) *cheching-up*, (3) *finding out*, jeung (4) *summing-up*;

Peniléyan kudu nyumponan dua hal: (1) maké prosédur baku jeung (2) maké instrumén standar. Prosédur baku nyaéta peniléyan anu dilakukeun kudu maké léngkah-léngkah nu tangtu jeung sikep anu adil ka siswa sarta tinimbangan nu diluyukeun jeung situasi, waktu, tempat, jeung kamampuhna. Ari instrumén baku nyaéta instrumén anu disusun maké prosédur mekarkeun instrumén anu baku jeung bisa dipertanggungjawabkeun, boh tingkat validitas boh réliabilitasna.

Tés bisa didéfiniskeun minangka prosédur sistematik dina ngukur paripolah individu. Éta definisi téh ngandung dua hal utama, nyaéta prosédur sistematis

jeung ngukur paripolah individu. Tés kaparigelan basa nyoko kana aspék (1) tés ngaregepkeun, anu ngukur kamampuh nyangkem basa lisan; (2) tés maca, anu ngukur kamampuh nyangkem basa tulis; (3) tés nyarita, anu ngukur kamampuh nepikeun pesen ku basa lisan; jeung (4) tés nulis, anu ngukur kamampuh nepikeun pesen ku basa tulis.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

Jumlah jawaban anu benerna

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
-		69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangekm 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar 4. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres matéri dina Kagiatan Diajar 3, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 4

PROSÉDUR PENILÉYAN

DINA PANGAJARAN BASA SUNDA

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 4, Sadérék dipiharep boga kamampuh ngeunaan (1) wangenan prosédur peniléyan; (2) komponén prosédur peniléyan hasil diajar; jeung (3) wanda peniléyan kamampuh maké basa.

B. Indikator Kahontalna Kagiatan Diajar

Indikator kahontalna kompeténsi tina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) wangenan prosédur peniléyan; (2) komponén prosédur peniléyan hasil diajar; jeung (3) wanda peniléyan kamampuh maké basa.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan jeung Prinsip Prosédur Peniléyan

Istilah “prosédur” téh (basa Inggris: *procedure* ‘lénkah-lénkah’), nyaéta tahap-tahap kagiatan pikeun ngaréngsékeun hiji Kagiatan; cara nu ngaruntuy saléngkah-saléngkah dina ngungkulan masalah (Moeliono Spk., 1988:703). Dina basa Sunda disebutna “padika”, nyaéta métodeu atawa cara ngalaksanakeun sarupaning pagawéan sahadé-hadéna (LBSS, 2007:323). Ari prosédur peniléyan atawa padika meunteun nyaéta cara atawa lénkah-lénkah dina nganiléy atawa meunteun kamampuh siswa.

Prosés peniléyan ngawengku kagiatan ngumpulkeun sajumlah bukti-bukti anu nuduhkeun kahontalna hasil diajar siswa. Ari tujuanana pikeun mikanyaho tingkat hasil diajar atawa tahap instruksional (Sagala, 2010:228). Peniléyan dilaksanakeun ku guru pikeun ngukur tahap kahontalna kompeténsi siswa jeung sumber nyusun laporan kamajuan hasil diajar jeung ngoméan prosés pangajaran. Peniléyan kudu dilaksanakeun kalawan ajeg, sistimatis, jeung écés programna boh maké tés boh nontés, bisa dina wangun lisan atau

tulisan, niténan kinerja, ngukur sikep, meunteun papancén, proyék atawa produk, portofolio, jeung meunteun diri (Mardapi, 2007:8).

Dina Palaturan Mendikbud No. 104 Taun 2014 ngeunaan Peniléyan Hasil Diajar ditétélakeun aya salapan prinsip umum peniléyan ku pangatik, nyaéta:

- a. Sohéh: dumasar kana data anu némbongkeun kamampuh nu diukur.
- b. Objéktif: dumasar kana prosédur jeung kritéria anu écés, teu subyéktif.
- c. Adil: henteu nguntungkeun atawa ngarugikeun siswa lantaran “berkebutuhan khusus” sarta béda kasang tukang hirupna.
- d. Gumulung: mangrupa salahiji komponén anu teu misah tina kagiatan pangajaran.
- e. Lagawa (*Terbuka*): prosédur, kritéria, jeung dadasar mutuskeun bisa kanyahoan ku pihak-pihak nu boga kapentingan.
- f. Holistik jeung sinambung: ngawengku sakumna aspék kompeténsi tur ku maké téhnik peniléyan anu luyu jeung kompeténsi anu kudu kacangking ku siswa.
- g. Sistematis: dirarancang tur dilaksanakeun bari tukuh kana léngkah baku.
- h. Akuntabel: bisa dipertanggungjawabkeun, boh tina téhnik, prosédur, boh hasilna.
- i. Édukatif: dilaksanakeun pikeun kapentingan jeung kamajuan siswa dina diajar.

2. Prosédur Peniléyan

a. Komponén Prosédur Peniléyan

Peniléyan hasil diajar mibanda tujuan pikeun ningali kamajuan diajar pamilon atikan dina ngawasa matéri ajar nu geus diulikna dumasar kana tujuan nu geus ditangtukeun. Peniléyan hasil diajar raket patalina jeung (1) sasaran peniléyan, (2) alat peniléyan, (3) kritéria peniléyan, jeung (4) prosédur prakna té.

Sasaran peniléyan hasil diajar nyaéta robahna paripolah anu ngawengku widang kognitif, aféktif, jeung psikomotor kalawan saimbang. Éta aspék-aspék kamampuh téh hadéna mah bisa diungkap ngaliwatan té.

Alat peniléyan hadéna mah sipatna kompréhénsif anu ngawengku té jeung non-té nepi ka meunang gambaran hasil diajar nu obyéktif. Kitu deui, makéna té minangka alat évaluasi henteu ngan ngabiasakeun diri ku té obyéktif, tapi ku té éséy.

Kriteria évaluasi hasil diajar ilaharna ngagunakeun dua kritéria, nyaéta peniléyan acuan patokan (PAP) jeung peniléyan acuan norma (PAN). Peniléyan acuan patokan gedé mangpaatna dina usaha ningkatkeun kualitas hasil diajar lantaran siswa dipaksa pikeun ngahontal standar anu geus ditangtukun. Peniléyan acuan norma ditantukeun dumasar kana rata-rata kelas. Hasil diajar siswa dibandingkeun ku hasil diajar siswa séjénna. Alusna éta dua kritéria téh digunakan kalawan saimbang.

Prosédur pelaksanaan tés ngaliwatan wangu tés formatif jeung wangu tés sumatif. Tés formatif dilaksanakeun dina waktu pangajaran lumangsung, nyaéta dina tungtung pangajaran. Tujuanana pikeun ngoméan prosés pangajaran satulunya jeung ningkatkeun motivasi katut usaha diajar siswa. Tés formatif bisa dilaksanakeun ku cara tinulis bisa lisan atawa pancén individual jeung kelompok.

Tés sumatif dilaksanakeun dina tungtung program pangajaran (Ujian Ahir Seméster) jeung dina tengah pangajaran (Ujian Tengah Seméster).

b. Sasaran Peniléyan Hasil Diajar

Sasaran peniléyan hasil diajar ku pangatik dina dimensi kaweruh bisa ditabelkeun saperti ieu di handap.

Tabel 4. 1 Sasaran Peniléyan Hasil Diajar

Diménsi Kaweruh	Déskripsi
Faktual	Kaweruh ngeunaan istilah, ngaran jalma, ngaran barang, angka, taun, jeung hal-hal nu raket patalina kalawan husus kana mata pelajaran.
Konséptual	Kaweruh ngeunaan katégori, klasifikasi, patalina antar katégori. hukum kausalitas, définition, jeung tiori.
Prosédural	Kaweruh ngeunaan prosédur jeung prosés husus tina hiji mata pelajaran saperti algoritma, téknik, métodeu, jeung kritéria pikeun nangtukeun merenahna dipakéna prosédur (kaédahe tatabasa, struktur karya sastra).
Métakognitif	Kaweruh ngeunaan cara ngulik kaweruh, nangtukeun kaweruh nu penting atawa teu penting (<i>strategic knowledge</i>), kaweruh nu luyu jeung kontéks nu tangtu, jeung mikaweruh diri sorang (<i>self-knowledge</i>).

3. Wanda Peniléyan Kamampuh Maké Basa

Saluyu jeung opat aspek makéna basa, peniléyan kamampuh maké basa ngawengku opat kaparigelan, nyaéta peniléyan kamampuh ngaregepkeun, peniléyan kamampuh nyarita, peniléyan kamampuh maca, jeung peniléyan kamampuh nulis.

a. Peniléyan Kamampuh Ngaregepkeun

1) Kamampuh Ngaregepkeun

Ngaregepkeun mangrupa kagiatan anu reseptip aktif, ngaregepkeun mangrupa prosés nu kompléks, nu meredih konséntrasi daria, merlukeun kamampuh linguistik, tur sayaga mémental anu prima. Prosés ngaregepkeun ngawengku tujuh tahap, nyaéta (a) *Tahap misah-misahkeun*; (b) *Tahap idéntifikasi*; (c) *Tahap ngaranjing-ranjing*; (d) *Tahap ngabanding-banding*; (é) *Tahap napsiran*; (f) *Tahap nyarungsum*; jeung (g) *Tahap introspéksi*.

Aya opat kamampuh nu baris ngawarnaan prosés ngaregepkeun, nyaéta (a) kamampuh museurkeun panitén, (b) kamampuh linguistik, (c) kamampuh ngajén atawa vérifikasi, jeung (d) kamampuh nginget-nginget.

2) Warna Tés Kamampuh Ngaregepkeun

Kamampuh ngaregepkeun bisa diukur ku tilu warna tes, nyaéta (a) tés réspons kauger, (b) tés réspons pilihan ganda, jeung (c) tés komunikasi jembar.

(a) Tes Réspons Kauger

Wangun tés réspons kauger bisa dijawab ku vérbal (lisan atawa tulis) bisa ku nonvérbal. Jawaban siswa kalawan vérbal bisa ku sakecap atawa sababaraha kecap, tapi lain dina wangun kalimah anu panjang. Ku kituna, tés réspon kauger cocog pikeun kelas handap anu kamampuh basana masih kéneh kawatesanan. Cara ngalaksanakeun tés réspon kauger, di antarana waé, ku ngagorolangkeun wawaran ka siswa, tuluy siswa disina ngajawab atawa nuliskeun jawaban

- (1) Bener atawa Salah,
- (2) Enya atawa Henteu, jeung
- (3) Dua gambar piliheun.

(b) Tés Pilihan Ganda

Tés pilihan ganda meredih pamilon atikan pikeun milih salah sahiji opsi jawaban anu disayagikeun anu bener. Cara ngalaksanakeun ieu tés ku cara ngagorolangkeun omongan, tuluy diajukeun wawaran atawa pananya, geus kitu pamilon atikan ngajawab ku cara milih salah sahiji opsi anu disayagikeun.

(c) Tés Komunikasi Jembar

Kagiatan ngaregepkeun dilaksanakeun ku pamilon atikan waktu aya jalma lian nyarita. Pikeun ngukur kamampuh pamilon atikan dina ngaregepkeun, tés bisa dilaksanakeun ku cara midangkeun sempalan paguneman atawa wacana lisan. Upamana waé:

Ka siswa dipidangkeun paguneman lisan saperti:

Omongan A : “Kamari téh poé Senén.”

Omongan B : “Pagéto mah poé Kemis.”

Omongan C : “Poé naon éta paguneman téh lumangsung?”

Jawaban anu bener nyaéta:

- A. Salasa
- B. Rebo
- C. Ahad
- D. Jumaah

b. Peniléyan Kamampuh Nyarita

Nyarita mangrupa kagiatan makéna basa lisan anu dipilampah ku panyatur pikeun nepikeun pesen ka pamiarsa. Pikeun méré pangajén kamampuh atawa kaparigelan nyarita, nu kudu meunang panitén saeutikna ngawengku opat usnur, nyaéta (1) lafal atawa ucapan (kaasup vokal, konsonan, jeung intonasi); (2) tatabasa; (3) kabeungharan kecap, jeung (4) paséhat atawa lancarna cumarita (Amran Halim, 1982).

Tingkatan tés kamampuh dina nyarita (biantara), di antarana waé: (1) tingkat ingetan; (2) tingkat pamahaman; jeung (3) tingkat aplikasi (Nurgiyantoro:1995).

Djiwandono (1996) ngébréhkeun wangu tés kamampuh nyarita (biantara), nyaéta (1) nyarita singget, (2) nyaritakeun deui, jeung (3) nyarita bébas. Peniléyan atawa meunteun kamampuh nyarita bisa dilaksanakeun ku tilu téhnik, nyaéta (a) tés réspons kauger, (b) tés gumulung, jeung (c) tés wawancara.

a) Tés Réspons Kauger

Tés réspon kauger dipaké pikeun ngukur kamampuh maca pamilon atikan kalawan kauger atawa sacara singget. Ieu tés réspon kauger téh bisa mangrupa (1) tés réspon terarah, (2) tés pananda gambar, jeung (3) tés nyarita bedas.

Tés réspons terarah dilaksanakeun ku cara nitah pamilon atikan niru isarah (*cue*) anu ditepikeun ku guru. Ieu téhnik téh ilahar disebut téhnik mimikri. Upamana waé:

(*Isyarat*) “Pék omongkeun ka kuring yén anjeun bisa maké basa Sunda?” Réspon anu diébréhkeun ku pamilon atikan, “Abdi bisa maké basa Sunda.”

Tés Isarah atawa *Pananda Gambar* dilaksanakeun ku cara midangkeun atawa némbongkeun gambar ka pamilon atikan, tuluy pamilon atikan disina nyaritakeun éta gambar.

Tés nyarita bedas dilaksanakeun ku cara nitah pamilon atikan disina maca kalawan bedas kalimah atawa paragrap nu disayagikeun ku guru.

b) Tés Gumulung

Tés gumulung perlu dilaksanakeun ku guru lantaran pamilon atikan mindeng ngarasa ragu-ragu lamun dititah nyarita di hareupeun kelas. Aya tilu wanda tés gumulung, nyaéta (1) tés parafrase, (2) tés ngajéntrékeun, jeung (3) tés ngaragakeun.

Tes parafrase dilaksanakeun ku cara nitah siswa pikeun ngaregepkeun atawa maca, tuluy disina nyaritakeun deui hasil ngaregepkeun atawa macana ku kekecapan sorangan.

Tés ngajéntrékeun (tes penjelasan) dilaksanakeun ku cara nitah siswa pikeun ngajéntrékeun topik nu tangtu dina waktu nu geus ditetepkeun, upamana waé, dina waktu 3 menit. Dina ieu tés, siswa bisa distimulus

ku cara némbongkeun gambar atawa barang nu tangtu, tuluy disina ngadadarkeun éta gambar atawa barang.

Tés ngaragakeun dilaksanakeun ku cara nitah siswa anu éraan atawa kurang bisa nepikeun imajinasi. Carana, guru ngabagikeun naskah paguneman (dialog) ka siswa pikeun diulik. Saméméhna, guru ngajéntrékeun naon ari paguneman jeung kumaha carana maguneman, tuluy nitah siswa macakeun éta paguneman.

c) Tés Wawancara

Dina tés wawancara, pamilon atikan henteu ngan sakadar tanya jawab ngeunaan jatidiri, tapi ngaragakeun paguneman saperti maranehna paguneman sapopoé. Wawancara bisa dipaké conto wujud kgiatan makéna basa anu saenyana, tapi waktu nu diperlukeun kurang cukup. Salila wawancara, siswa nu ngawawancara kudu wajar sikepna tur teu dijieun-jieun. Siswa anu bisa midangkeun kgiatan wawancara kalawan hadé, tangtu peuteunna bakal luhur atawa alus.

Hal-hal anu diniléy atawa dipeunteun dina nyarita umumna mibanda tilu aspek saperti ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabel 4. 2 Peniléyan Tés Nyarita

No.	Aspek Peniléyan	Ajén
1.	Makéna Basa a. Pilihan kecap, Gaya basa, jeng Étika Basa b. Struktur basa (Wangunan kecap jeung kalimah) c. Ucapan jeung Lentong	15 - 40
2.	Maham Eusi a. Ngawasa Eusi b. Penghayatan jeung penjiwaan c. Organisasi jeung sistimatika pidangan	15 - 40
3.	Tagog (Éksprézi) a. Gésture (Paroman jeung Gerak) b. Kréasi jeung gaya nyarita	10 - 20
Jumlah		40- 100

Lamun diwincik deui, unsur-unsur anu dipeunteun dina kamampuh nyarita (ngucapkeun) ngawengku opat hal, nyaéta (1) écésna ucapan (*intelligibility*), (2) lancarna ucapan (*fluency*), (3) merenahna ucapan (*accuracy*), jeung (4) kawajaran (*native-like*) (Djiwandono, 2008:125).

c. Peniléyan Kamampuh Maca

1) Tujuan Peniléyan Maca

Tujuan poko tés kamampuh maca nyaéta pikeun mikaweruh jeung ngukur tingkat kamampuh dina nyangkem eusi bacaan. Soal tés maca bisa mangrupa tés subyéktif atawa tés obyéktif. Tés subyéktif miharep jawaban anu panjang lébar, ari tés obyéktif mah jawabana kauger luyu jeung wangun soalna, naha jawaban pondok, ngalengkepan, atawa pilihan.

Djiwandono (2008) ngébréhkeun sawatara conto wangun tés obyéktif pikeun ngukur kamampuh maca siswa, nyaéta (1) ngalengkepan wacana; (2) ngajawab patalékan, jeung (3) ngaringkes eusi bacaan. Nurgiyantoro (1995) ngébréhkeun tingkatan tés kamampuh maca, nyaéta (1) tingkat ingetan; (2) tingkat pamahaman; (3) tingkat aplikasi; (4) tingkat analisis; (5) tingkat sintésis; jeung (6) tingkat évaluasi.

2) Warna Tés Kamampuh Maca

Kamampuh maca raket patalina jeung kamampuh nyangkem eusi bacaan. Dina nyangkem eusi bacaan ditangtukeun ku kamampuh maham kaweruh ngeunaan aspék-aspék basa saperti kandaga kecap jeung adegan basa.

Kamampuh maca mibanda sababaraha tahap anu saluyu jeung tahap satuan atikan saperti bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 4. 3 Tahapan Kamampuh Maham Bacaan

No	Tahap Kamampuh	Rincian Kamampuh
1.	DASAR	(1) Maham harti kecap luyu jeung larapna dina wacana. (2) Mikawanoh susunan organisasi wacana katut hubungan antar babagianana. (3) Mikawanoh jejer pikiran anu ébréh dina wacana. (4) Mampuh ngajawab pananya anu jawabana nyangkaruk dina wacana.
2.	MENENGAH	(5) Mampuh ngajawab pananya anu jawabana aya dina jero wacana sanajan ditepikeun dina kekecapan anu béda. (6) Mampuh napsirkeun eusi wacana.
3.	LANJUT	(7) Mampuh nyangkem kekecapan katut pakeman basa pikeun nyangkem nuansa sastra. (8) Mampuh mikawanoh jeung nyangkem maksud jeung pesen nu nulis minangka bagian tina nyangkem pribadi nu nulisna.

Aya dua wanda peniléyan kamampuh maca, nyaéta tés maham kalimah jeung tés maham wacana.

a) Tés Maham Kalimah

Tés maham kalimah biasana dilaksanakeun di kelas handap sakola dasar. Pikeun pamilon atikan kelas handap sakola dasar, tés kawas kieu téh bakal karasa héséna lantaran kamampuh maca pamilon atikan masih kawatesanan. Tés maham kalimah biasana dipaké pikeun ngukur kamampuh pamilon atikan dina nyangkem kagunaan kandaga kecap jeung adegan kalimah.

Aya sababaraha hal anu raket patalina jeung tés maham kalimah, di antarana waé:

- (1) mangrupa tés anu bisa gancang ngukur tahap panyangkem siswa dina maca;
- (2) tés maham kalimah henteu ngukur sakumna aspék kamampuh maca; jeung
- (3) nyusun butir-butir soal tés maham kalimah téh rélatif babari.

b) Tés Maham Wacana

Wacana mangrupa runtulan kalimah-kalimah anu raket patalina tur nyambungkeun proposisi nu hiji jeung proposisi séjenna pikeun ngawangun hiji gunggungan (Alwi dkk., 2008:419). Wangun omongan dina wacana téh sinambung, unsur-unsurna pakait dalit, tur merenah tatabasana (Carlson, 1983:xiii). Dalitna unsur jeung susunan rapih dina wacana ilaharna disebut kohési dan kohérensi (Tarigan, 1987:27).

Dina wacana kawengku rupa-rupa unsur basa. Ku kituna, tés maham wacana sipatna gumulung (integratif). Réa aspék anu bisa diukur dina tés maham wacana, di antarana, (1) maham kandaga kecap, (2) larapna adegan basa, jeung (3) maham eusi wacana.

Tés maham wacana bisa mangrupa (1) tés pilihan ganda, (2) tés eusian copong, jeung (3) tés pedaran.

(a) Tés Pilihan Ganda

Dina ngagunakeun tés pilihan ganda kudu ditimbang-timbang panjang pondokna wacana nu dibaca. Panjang pondokna wacana téh kudu disaluyukeun kana kamampuh maca siswa. Wacana anu pondok kira-kira antara 35 – 75 kecap, ari wacana anu panjang kira-kira antara 100 – 300 kecap.

(b) Tés Eusian Copong

Tés eusian copong (Tes isian rumpang) nyaéta tés maham wacana anu dipidangkeun ku cara pamilon atikan disina ngeusian babagian anu dicopongkeun dina téks bacaan. Pamilon atikan anu bisa ngeusian babagian copong ku kekecapan anu geus diéncagkeun téh hartina enya-enya maham sagemblengna eusi wacana. Upamana waé:

Adat istiadat tittinggal kiwari geus mimiti ilang, komo para nonoman mah paroho wé kana sorangan mah. Teu saeutik ayeuna leuwih agul ku kasenian ti nagri deungeun, malah kana Sunda ogé loba nu mophohokeun. Nili kana kaayaan, wuwuh matak prihatin, sabab terus diantep bisa baé Sunda téh baris kasilih ku junti.

(c) Tés Pedaran

Tés pedaran (*tes uraian*) nyaéta tés maham wacana ku cara pamilon atikan ngajawab pananya anu geus disayagikeun patalina jeung eusi wacana. Lamun pamilon atikan bisa ngajawab pananya, hartina manéhna geus maham eusi wacana.

Tés pedaran kagolong kana peniléyan maca lanjut. Tés kamampuh maca lanjut bisa dipandu ku kisi-kisi tés saperti ieu di handap.

Tabel 4. 4 Kisi-kisi Tés Kamampuh Maca Lanjut

Kamampuh	Wincikan Kamampuh Proposisi	%
Ngukur tahap kamampuan maham bacaan.	1) Mampuh ngajawab pananya ngeunaan harti kecap saluyu jeung larapna dina ték bacaan.	5%
	2) Mampuh ngajawab pananya ngeunaan hal-hal anu kalawan nembrak aya dina ték bacaan.	15%
	3) Mampuh ngajawab pananya anu meredih maham organisasi téks jeung hubungan antara eusi ték bacaan.	15%
	4) Mampuh ngajawab pananya ngeunaan maksud, sikep hirup, jeung suasana haté nu nulis.	20%
	4) Mampuh ngajawab pananya ngeunaan hal-hal anu kalawan nyamuni aya dina ték bacaan.	45%
J u m l a h		100%

Aya opat aspek anu dipeunteun dina maca pamahaman saperti dina tabé ieu di handap.

Tabel 4. 5 Wincikan Kamampuh Maham Bacaan

No	Aspek Peniléyan Pamahaman	Nilai
1.	Pamahaman Literal: Kaueruh tina bacaan	10 - 20
2.	Pamahaman Inférénzial: Kacindekan eusi bacaan	10 - 20
3.	Pamahaman Évaluatif: Peniléyan kana eusi bacaan	10 - 20
4.	Pamahaman Aprésiatif: Penghayatan eusi bacaan	10 - 30
J u m l a h		40 - 100

d. Peniléyan Kamampuh Nulis

1) Tujuan Peniléyan Kamampuh Nulis

Nurgiyantoro (2007) ngébréhkeun wangun pancén kamampuh nulis, nyaéta (1) tugas nyusun alinéa; (2) nulis dumasar kana rangsangan visual; (3) nulis dumasar kana rangsangan sora; (4) nulis dumasar rangsangan buku; (5) nulis laporan; (6) nulis surat; jeung (7) nulis dumasar kana téma anu ditangtukeun. Kamampuh nulis aya opat tingkatan, nyaéta (1) ingetan; (2) pamahaman; (3) aplikasi; jeung (4) tingkat analisis.

2) Warna Tés Kamampuh Nulis

Nulis mangrupa kagiatan pikeun ngahasilkeun tulisan. Nulis kaasup kana kaparigelan basa pikeun nepikeun pesen ka nu lian maké lambang tulisan. Meunteun kamampuh nulis bisa dilaksanakeun ku tilu wanda, nyaéta, (a) tés pratulis, (b) tés nulis gumulung, jeung (c) tés nulis bébas.

a) Tés Pratulis atawa Tés Répons Kauger

Tés pratulis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina ngalarapkeun kandaga kecap jeung adegan kalimah dina nulis. Ieu tés téh babari disusun jeung ngan bisa dipaké di kelas handap. Disebut tés pratulis lantaran henteu ngukur kamampuh nulis anu sabenerna. Wujudna mangrupa susunan kalimah ku maké kekecapan anu diacak.

b) Tés Nulis Gumulung

Tés nulis gumulung bisa dipaké pikeun ngukur kamampuh nulis siswa kalawan leuwih éfektif lantaran bisa ngontrol kamampuh siswa ku basana sorangan. Ieu tés téh bisa ngadorong siswa pikeun ngedalkeun ideuna kalawan bébas dina wangun tulisan. Siswa disina nuliskeun deui paragraf atawa carita anu dibacana ku kekecapanana sorangan.

c) Tés Nulis Bébas

Tés nulis bébas bisa dipaké pikeun ngukur kamampuh nulis siswa kalawan gembleng. Siswa bisa ngedalkeun ideuna kalawan bébas dina wangu tulisan maké rambu-rambu anu geus ditangtukeun. Aspék nu dipeunteun dina tés kamampuh nulis bébas ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabel 4. 6 Wincikan Kamampuh Nulis

No.	Unsur Kamampuh Nulis	Indikator Kamampuh	Skor
1.	Eusi (ideu)	<ul style="list-style-type: none"> Eusi tulisan luyu jeung judul Ngawasa masalah Wengkuhan eusi tulisan cukup 	12 - 27
2.	Organisasi Eusi	<ul style="list-style-type: none"> Pidangan eusi dumasar topik. Pedaran topik disusun runtut. Topik tulisan dimekarkeun. 	7 - 20
3.	Tatabasa	<ul style="list-style-type: none"> Kalimah disusun kalawan gramatikal. Kalimah digunakan kalawan éfektif. Wangun kecap katut frasa luyu jeung kaé dah. 	7 - 20
4.	Kandaga kecap	<ul style="list-style-type: none"> Kandaga kecap cukup. Pilihan jeung larapna kecap merenah. 	7 - 20
5.	Ejahan & Tehnik nulis	<ul style="list-style-type: none"> Makéna ejahan jeung tulisan saluyu jeung kaé dah. 	2 - 7
J u m l a h			35 - 100

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tételeukeun sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

1. Naon nu dimaksud ku prosédur peniléyan téh?
2. Naon waé komponén prosédur peniléyan basa?

3. Naon sasaruaan jeung bédana peniléyan kamampuh ngaregepkeun jeung nyarita?
4. Naon sasaruaan jeung bédana peniléyan kamampuh maca jeung kamampuh nulis?
5. Naon waé komponén peniléyan kamampuh nulis bébas?

F. Tingkesan

Prosédur peniléyan atawa padika meunteun téh mangrupa cara-cara jeung léngkah-léngkah dina meunteun, boh meunteun hasil diajar boh meunteun prosés pangajaran. Peniléyan bisa dilaksanakeun ku dua rupa téhnik, nyaéta téhnik tés jeung téhnik nontés.

Prosédur peniléyan mibanda sababaraha komponén saperti (1) sasaran peniléyan, (2) alat peniléyan, (3) kritéria peniléyan, jeung (4) prosédur prakna tés.

Peniléyan kaparigelan basa nyoko kana opat aspek, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. *Kahiji*, kamampuh ngaregepkeun bisa diukur ku tilu warna tés, nyaéta (1) tés réspons kauger, (2) tés réspons pilihan ganda, jeung (3) tés komunikasi jembar. *Kadua*, kamampuh nyarita bisa dipeunteun ku tilu téhnik, nyaéta (1) tés réspon kauger, (2) tés gumulung, jeung (3) tés wawancara. *Katilu*, peniléyan kamampuh maca ngawengku tés maham kalimah jeung wacana. Tés maham wacana bisa mangrupa tés pilihan ganda, tés eusian copong, jeung tés pedaran. *Kaopat*, meunteun kamampuh nulis bisa diukur ku (1) tés pratulis, (2) tés nulis gumulung, jeung (3) tés nulis bébas.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana kagiatan diajar 5. Tapi, lamun tahap maham Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui jeung deres deui matéri dina Kagiatan Diajar 4, pangpangna matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 5

INSTRUMÉN PENILÉYAN

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 5, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh ngeunaan (1) wangenan instrumén peniléyan; (2) kasaluyuan indikator jeung instrumén peniléyan; jeung (3) wanda instrumén peniléyan.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) wangenan instrumén peniléyan; (2) kasaluyuan indikator jeung instrumén peniléyan; jeung (3) wanda instrumén peniléyan.

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan Instrumén Peniléyan

Instrumén téh sacara umum mangrupa alat anu bisa nyumponan pasaratan akademis nepi ka bisa digunakeun minangka alat ukur hiji obyék atawa ngumpulkeun data ngeunaan variabel. Dina widang panalungtikan, instrumén téh dihartikeun minangka alat pikeun ngumpulkeun data ngeunaan variabel-variabel panalungtikan pikeun kabutuh panalungtikan, ari dina widang atikan mah instrumén dipaké pikeun ngukur préstasi diajar pamilon atikan, anu diduga aya patalina atawa pangaruhna kana hasil diajar, kamekaran hasil diajar pamilon atikan, kahontalna hasil prosés ngajar guru, jeung kahontalna hasil program nu tangtu. Instrumén peniléyan atawa alat meunteun nyaéta alat-alat anu digunakeun pikeun meunteun prosés jeung hasil diajar pamilon atikan.

2. Wanda Instrumén Peniléyan

Istilah “tagihan” nyoko kana pagawéan anu kudu diréngsékeun. Lamun can réngsé, pagawéan téh bakal jadi hutang sarta bakal ditagih. Ieu konsép téh

nyoko kana kagiatan nagih pamilon atikan patalina jeung tarékah pikeun mikanyaho standar kompeténsi, kompeténsi dasar, sarta indikator hontalan kompeténsi salila prosés pangajaran.

Tagihan téh gurat badagna mah bisa dibédakeun jadi dua wanda, nyaéta tagihan tés jeung tagihan non-tés. Atuh instruménna aya dua rupa, nyaéta instrumén tés jeung instrumén non-tés.

Anu kagolong kana kelompok tés nyaéta tés préstasi diajar, tés intelegrasi, tés bakat, jeung tés kamampuh akademik. Ari anu kagolong kana kelompok non-tés nyaéta skala sikep, skala peniléyan, padoman obsérvasi, padoman wawancara, angkét, mariksa dokumén, jsté. Instrumén winangun tés sipatna mangrupa péformansi maksimum, ari instrumén non-tés sipatna mangrupa péformansi tipikal.

a. Instrumén Tés

1) Watesan jeung Fungsi Tés

Tés mangrupa alat atawa prosédur anu dipaké dina raraga ngukur atawa nganiléy. Tés mangrupa prosédur anu sistimatis pikeun niténan jeung ngadadarkeun karakteristik hiji jalma kalawan ngagunakeun standar numerik atawa sistem katégori. Ku lantaran jadi alat ukur, tés réa digunakeun dina dunya atikan.

Aya sababaraha fungsi tés, nyaéta (1) alat ukur préstasi diajar siswa; (2) motivator dina pangajaran; (3) ngoméan kualitas diajar, anu nyoko kana tilu wanda tés nyaéta tés penempatan, tés diagnostik, jeung tés formatif; sarta (4) nangtukeun hasil diajar minangka sarat nuluykeun atikan ka jenjang anu leuwih luhur.

2) Nyusun Tés minangka Alat Évaluasi

Nyusun jeung mekarkeun tés ditujulkeun pikeun meunang tés anu valid nepi ka hasil ukurna bisa ngeunteungkeun kalawan keuna hasil diajar atawa préstasi diajar anu dihontal ku siswa sabada réngsé kagiatan pangajaran.

Aya sababaraha léngkah dina nyusun tés, nyaéta (1) Netepkeun tujuan tés; (2) Analisis kurikulum; (3) Analisis buku ajar; (4) Nyusun kisi-kisi;

(5) Nulis tujuan instruksional husus; (6) Nyusun soal; (7) Uji soal tés; (8) Analisis hasil uji coba tés; (9) Révisi soal; (10) Ngarakit soal jadi tés; jeung (11) Pengayaan jeung rémédial.

Jaba ti dadasar pikeun ngarévisi soal, hasil analisis dipaké pikeun nangtukeun lajuning laku sabada ngalaksanakeun tés. Pamilon atikan anu meunang peunteun saluhureun Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM), boga hak pikeun miluan pengayaan. Ari pamilon atikan anu aya di sahandapeun peunteun KKM, kudu miluan rémédial.

b. Wangun Instrumén Non-tés

Wangun isntrumén non-tés bisa mangrupa (1) portofolio jeung (2) lambaran obsérvasi. *Kahiji*, portopolio nyaéta kumpulan pagawéan pamilon atikan anu ngawujud kumpulan tugas-tugas. Peniléyan portofolio dina dasarna nyaéta peniléyan kana karya-karya tiap-tiap siswa dina hiji mata pelajaran. Sakabéh tugas siswa dina dangka waktu nu tangtu, upamana waé, saseméster dikumpulkeun, tuluy dipeunteun.

Hal-hal nu kudu ditengetan dina meunteun portofolio, nyaéta, (1) karya nu dikumpulkeun kudu enya-enya karya siswa, (2) karya siswa nu bakal dipeunteun kudu ngeunteungkeun tur ngawakilan kamekaran kamampuhna, (3) kritéria nu dipaké pikeun meunteun protfolio kudu ditetepkeun samémehna, (4) siswa disina tuluy-tuluyan meunteun portofoliona, jeung (5) perlu aya lawungan jeung siswa anu dipeunteun.

Tabel 5. 1 Conto Kisi-kisi Peniléyan Portofolio

No	Karya nu Dipeunteun	Tanggal Dijieun	Prétasi	Skor
1.	Lomba baca puisi tingkat kabupaten	20-10-2014	Juara I	6
2.	Karya tulis pikeun majalah dingding	10-11-2014	-	
3.	Ngarang carita pondok	02-05-2016		8

Kadua, instrumén obsérvasi nu dipaké dina meunteun hasil diajar basa jeung sastra Sunda ngawengku péformansi jeung sikep (af'eksi).

Instrumén peniléyan kana péformansi basa ditujulkeun pikeun ngukur kaparigelan basa jeung sastra siswa kalawan langsung. Siswa disina milampah kagiatan maké basa dina kahirupan sapopoé.

Aya sababaraha hal dina nataharkeun tugas, di antarana waé:

- (1) Pilih pancén anu meredih siswa bisa nérbongkeun kamampuh basa jeung sastra kalawan langsung, saperti biantara, ngadongéng, maca sajak;
- (2) Siapkeun matéri anu ngadeudeul lumangsungna tugas, saperti rékaman biantara, radio, jeung televisi, téks tinulis nu luyu jeung kondisi pamilon atikan;
- (3) Tuliskeun rarambu atawa aspék-aspék nu bakal dititénan jeug dipeunteun, saperti dina wangun padoman jeung tangtukeun bobot tiap aspék.

3. Mekarkeun Indikator Kahontalna Kompeténsi (IPK)

Indikator kahontalna kompeténsi atawa indikator pencapaian kompeténsi (IPK) mangrupa pananda kahontalna kompeténsi dasar (KD) anu dicirian ku robahna paripolah anu bisa diukur, anu ngawengku sikep, kaweruh, jeung kaparigelan. Indikator dimekarkeun saluyu jeung karakteristik pamilon atikan, mata pelajaran, satuan pendidikan, sarta poténsi daerah, anu dirumuskeun dina kecap pagawéan operasional anu bisa diukur atawa dititénan.

Dina mekarkeun indikator perlu ditimbang-timbang tina sababaraha hal, di antarana waé, (1) pameredih kompeténsi anu bisa dititénan tina kecap pagawéan nu dipaké dina KD; (2) karakteristik mata pelajaran, pamilon atikan, jeung sakola; sarta (3) poténsi jeung kabutuh pamilon atikan, masarakat, jeung lingkungan/daerah.

Indikator dirumuskeun dina wangun kalimah anu ngagunakeun kecap pagawéan operasional. Rumusan indikator sakurang-kurangna ngawengku dua hal, nyaéta tingkat kompeténsi jeung matéri anu jadi média Kahontalna kompetensi.

Indikator mibanda kalungguhan stratégis dina mekarkeun hontalan kompeténsi dumasar kana Standar Kompeténsi (Kompeténsi Inti) jeung Kompeténsi Dasar. Indikator mibanda sababaraha fungsi, di antarana waé:

- (1) Padoman dina mekarkeun matéri ajar

Mekarkeun matéri ajar kudu saluyu jeung indikator nu dimekarkeun. Indikator dirumuskeun kalawan gemit pikeun panduan dina mekarkeun

matéri ajar nu éfektif luyu jeung karakteristik mata pelajaran, poténsi jeung kabutuh pamilon atikan, sakola, katut lingkungan.

(2) Padoman dina ngadésain kagiatan pangajaran

Désain pangajaran perlu dirarancang kalawan éfektif sangkan kompeténsi bisa dihontal kalawan maksimal. Mekarkeun désain pangajaran sawadina saluyu jeung indikator anu dimekarkeun lantaran bakal bisa méré gambaran kagiatan pangajaran nu éfektif pikeun ngahontal kompetensi.

(3) Padoman dina mekarkeun matéri ajar

Matéri ajar perlu dimekarkeun ku guru pikeun ngadeudeul kahontalna kompeténsi pamilon atikan. Milih Matéri ajar nu éfektif kudu saluyu jeung pemeredih indikator nepika bisa ningkatkeun kahontalna kompeténsi sacara maksimal.

(4) Padoman dina ngararancang jeung ngalaksanakeun peniléyan hasil diajar.

Rarancang peniléyan méré acuan dina nangtukeun wangu jeung warna peniléyan, sarta mekarkeun indikator peniléyan. Mekarkeun indikator peniléyan kudu museur kana indikator hontalan nu dimekarkeun luyu jeung pameredih SK (KI) jeung KD.

Indikator Peniléyan mibanda sababaraha mangpaat, di antarana waé, pikeun (1) guru dina mekarkeun kisi-kisi peniléyan anu dilaksanakeun ngaliwatan tés (tés tinulis saperti ulangan poéan, ulangan tengah seméster, jeung ulangan ahir seméster, tés prakték, atawa tés perbuatan) jeung non-tés; (2) pamilon atikan bisa nataharkeun diri miluan peniléyan tés jeung non-tés; (3) pingpinan sakola dina noong jeung ngaévaluasi lumangsungna pangajaran jeung peniléyan di jero kelas; sarta (4) kolot jeung masarakat dina ngadeudeul hontalan kompeténsi pamilon atikan leuwih maksimal.

Dina mekarkeun indikator hontalan kompeténsi, léngkah awal nu kudu dilaksanakeun nyaéta nganalisis tahap kompeténsi dina SK (KI) jeung KD. Ieu hal téh diperlukeun pikeun nyumponan pameredih minimal kompeténsi nu dipaké standar sacara nasional. Sakola bisa mekarkeun indikator ngaleuwihan éta standar minimal.

Tahap kompetensi bisa dipasing-pasing dina tilu bagian, nyaéta tahap kaweruh, sikep, jeung kaparigelan. Papasingan tahap kompetensi dumasar kana kecap pagawéan bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 5. 2 Kecap Pagawéan Operasional Ranah Kognitif

Mengingat	Memahami	Menerapkan	Menganalisis	Menevaluasi	Mengkreasi
<ul style="list-style-type: none"> • Mengenali • Mengingat ulang • Membaca • Menyebutkan • Mengurutkan • Menjelaskan • Mengidentifikasi • Menamai • Menempatkan • Mengulangi • Menuliskan 	<ul style="list-style-type: none"> • Menafsirkan • Meringkas • Mengklasifikasi • Membandingkan • Menjelaskan • Menghubungkan • Menjabarkan • Menggeneralisasi 	<ul style="list-style-type: none"> • Melaksanakan • Menggunakan • Menjalankan • Melakukan • Memilih • Menyusun • Memulai • Menyelesaikan • Mendeteksi • Mentabulasi • Menghitung 	<ul style="list-style-type: none"> • Menguraikan • Memban-dingkan • Mengorganisir • Menyusun ulang • Mengubah struktur • Mengkerang-kakan • Menyusun outline • Mengintegrasи • Membedakan • Menyamakan 	<ul style="list-style-type: none"> • Memutuskan • Memilih • Mengkritik • Menilai • Menguji • Mbenarkan • Menyalahkan • Merekomen-dasikan 	<ul style="list-style-type: none"> • Merancang • Membangun • Merencana-kan • Memproduksi • Menemukan • Membaharui • Menyempur-nakan • Memperkuat • Memperindah • Menggubah • Mengkonstruksi

Tabel 5. 3 Kecap Pagawéan Operasional Ranah Afektif

Menerima	Merespon	Menghargai	Mengorganisasikan	Karakterisasi berdasarkan Nilai
<ul style="list-style-type: none"> • Mengikuti • Menganut • Mematuhi • Meminati 	<ul style="list-style-type: none"> • Mengom-promikan • Menyenangi • Menyambut • Mendukung • Menyetujui • Menampilkkan • Melaporkan • Memilih • Mengatakan • Memilah 	<ul style="list-style-type: none"> • Mengamsusikan • Meyakini • Meyakinkan • Memperjelas • Memprakarsai • Mengimani • Menekankan • Menyumbang 	<ul style="list-style-type: none"> • Mengubah • Menata • Mengklasidikasikan • Mengkombinasikan • Mempertahankan • Membangun • Membentuk pendapat • Memadukan • Mengelola • Menegoiasi 	<ul style="list-style-type: none"> • Membiasakan • Mengubah perilaku • Berakhhlak mulia • Mempengaruhi • Melayani • Membuktikan • Memecahkan

Tabel 5. 4 Kecap Pagawéan Operasional Ranah Pskomotor

Meniru	Memanipulasi	Preisi	Artikulasi	Naturalisasi
<ul style="list-style-type: none"> • Menyalin • Memgikuti • Mereplikasi • Mengulangi • Mematuhi 	<ul style="list-style-type: none"> • Membuat kembali • Membangun • Melakukan • Melaksanakan • Menerapkan 	<ul style="list-style-type: none"> • Menunjukkan • Melengkapi • Memperlihat-kan • Menyempur-nakan • Mengkalibrasi • Mengendalikan 	<ul style="list-style-type: none"> • Membangun • Mengatasi • Menggabung-kan koordinat • Mengintegra-sikan • Beradaptasi • Mengembang-kan • Merumuskan • Memodifikasi 	<ul style="list-style-type: none"> • Mendesain • Menentukan • Mengelola • Menciptakan

4. Indikator jeung Alat Peniléyan

Kahontal henteuna indicator téh diukurna ku alat peniléyan. Alat peniléyan boh dina wangun tés boh dina wangun non-tés digunakeun pikeun ngukur indikator. Indikator ranah kognitif ngawengku sababara tingkat saperti ieu di handap.

a) Tingkat Ingetan

Soal tingkat ingetan digunakeun pikeun ngukur kamampuh ingetan ngeunaan hiji hal atawa fakta anu sipatna nyata.

b) Tingkat Pamahaman

Soal tingkat pamahaman digunakeun pikeun ngukur pamahaman siswa ngeunaan ayana hubungan nu basajan di antara fakta-fakta atawa konsép.

c) Tingkat Aplikasi

Soal tingkat aplikasi digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina milih jeung ngagunakeun hiji ‘abstraksi’ nu tangtu nu tangtu dina hiji situasi nu anyar.

d) Tingkat Analisis

Soal tingkat analisis digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina nganalisis hiji hal, hubungan nu tangtu ku jalan ngagunakeun konsép-konsép dasar nu tangtu.

(é) Tingkat Sintésis

Soal tingkat sintésis digunakeun pikeun ngahubungkeun antara sawatara hal, nyusun deui hal-hal nu tangtu jadi struktur nu anyar, atawa ngaliwatan generalisasi.

(f) Tingkat Évaluasi

Soal tingkat évaluasi digunakeun pikeun meunteun kana hiji hal, kasus, atawa situasi anu disanghareupanana ku diri sorangan kana konsép atawa acuan nu tangtu.

5. Mekarkeun Kisi-kisi Peniléyan

Dina nyusun alat peniléyan kudu dumasar kana tujuan, supaya mibanda fungsi sakumaha mistina. Alat peniléyan disebut alus saupama _ndi ngukur “keluaran belajar anu konsistén jeung tujuan”. Tujuan nangtukeun tingkah laku guru jeung siswa dina wangun kaluaran diajar nu _ndi diukur.

Tingkatan peniléyan utamana dihubungkeun jeung aspek kognitif saperti tingkatan ingetan, pamahaman, penerapan, analisis, sintésis, jeung évaluasi.

Dina milih wongun alat peniléyan kudu disaluyukeun jeung tingkah laku keluaran diajar nu ditunjuk ku tujuan, nu aya hubunganana jeung kamampuh kognitif, tingkah laku nu éfektif, sarta psikomotor. Wongun pénileyan mungkin waé mangrupa lisan atawa tulisan, observasi, wawancara, jeung paripolah.

Patalina _ndicator jeung alat peniléyan ilaharna dipidangkeun dina kisi-kisi peiléyan. Ari kisi-kisi téh mangrupa tabél matriks anu eusina spesifikasi soal-soal nu disusun. Matriks kisi-kisi soal ngawengku lajur kolom jeung baris. Lajur kolom eusina tujuan pangajaran atawa kompetensi dasar, _ndicator, matéri pokok, jumlah soal, nomer soal, jeung wongun soal. Lajur baris eusina mangrupa wawaran anu dituduhkeun dina lajur kolom.

Aya sababaraha léngkah dina mekarkeun kisi-kisi peniléyan, nyaéta (1) nuliskeun standar kompeténsi (kompeténsi inti), (2) nangtukeun tujuan pangajaran atawa kompeténsi dasar, (3) nyusun daptar matéri pokok, (4) nangtukeun pilihan pangalaman diajar, (5) nangtukeun _ndicator, (6) nangtukeun warna tagihan, (7) nangtukeun wongun, instrumén, jeung conto instrumén pikeun tiap matéri ajar.

Tabel 5. 5 Conto matriks kisi-kisi Peniléyan Seméster

Mata Pelajaran	:	Basa jeung Sastra Sunda
Kelas/Seméster	:	II/3
Waktu	:	90 menit
Standar Kompeténsi (Kompeténsi Inti)	:	

Kompetensi Dasar	Indikator	Matéri Poko	Peniléyan		
			Warna Tagihan	Wongun Instrumen	Conto

Tabel 5. 6 Conto Kisi-kisi Peniléyan Kaweruh

Indikator Hontalan Kompeténsi	Téhnik Peniléyan	Wangun Peniléyan	Instrumén
1. Memahami struktur isi téks memandu acara	Tés Tertulis	Tés Uraian	1. Sebutkeun struktur eusi téks memandu acara!
2. Mengidentifikasi kaidah téks memandu acara	Tés Tertulis	Tés Uraian	2. Jéntrékeun mana anu kaasup ragam basa lulugu lulugu dina téks memandu acara!
3. Mengidentifikasi ciri-ciri bahasa dalam teks memandu acara.	Tés Tertulis	Tés Uraian	3. Jéntrékeun ciri-ciri bahasa dina téks memandu acara!
4. Memahami langkah-langkah menyusun teks memandu acara	Tés Tertulis Portofolio	Tés Uraian	4. Sebutkeun lengkah-léngkah nyusun téks memandu acara!
5. Mendeskripsikan téks memandu acara dengan cara membuat teks memandu acara	Tés Tertulis Portofolio	Tés Uraian	5. Jieun téks memandu acara anu témania: a. Acara pinton seni agustusan b. Acara halal bihalal
6. Menyajikan téks memandu acara secara lisan	Tés Lisan Observasi	Unjuk kerja	6. Ragakeun téks memandu acara anu geus disusun ku hidep!
7. Menginterpretasi teks memandu acara	Tés Lisan Observasi	Unjuk kerja	7. Interprétaisikeun kumaha nurutkeun hidep cara pidangan babaturan hidep!

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung Tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tétélkeun sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

1. Ku Sadérék bédakeun antara wangun téks jeung nontés sarta béré masing-masing contona!

2. Ku Sadérék terangkeun sing jéntré naon anu disebut wangu tés obyéktif, tés non obyéktif, jeung tés perbuatan sarta béré masing-masing contona!
3. Naon kauntungan jeung kahéngkéranana tina tés éséy?
4. Naon anu disebut tés performansi sarta digunakeun pikeun naon éta tés téh?
5. Hal-hal naon waé nu kudu diperhatikeun lamun rék ngagunakeun tés portofolio?

F. Tingkesan

Instrumén peniléyan dipaké pikeun ngukur préstasi diajar siswa, anu diduga aya patalina atawa pangaruhna kana hasil diajar, kamekaran hasil diajar, kahontalna hasil prosés ngajar guru, jeung kahontalna hasil program nu tangtu.

Aya dua rupa instrumén peniléyan, nyaéta instrumén tés jeung instrumén non-tés. Anu kagolong kana kelompok tés nyaéta tés préstasi diajar, tés intelegrasi, tés bakat, jeung tés kamampuh akademik. Ari anu kagolong kana kelompok non-tés nyaéta skala sikep, skala peniléyan, padoman obsérvasi, padoman wawancara, angkét, mariksa dokumén, jsté. Instrumén winangun tés sipatna mangrupa péformansi maksimum, ari instrumén non-tés sipatna mangrupa péformansi tipikal.

Hal-hal anu kudu dititénan dina ngayakeun peniléyan protfolio nyaéta (a) karya nu dikumpulkeun kudu enya-enya karya pamilon atikan, (b) karya pamilon atikan nu dipaké conto pagawéan nu bakal dipeunteun kudu ngeunteungkeun tur ngawakilan kamekaran kamampuh pamilon atikan, (c) kritéria nu dipaké pikeun meunteun protfolio kudu ditetepkeun samémehna, (d) pamilon atikan disina tuluy-tuluyan meunteun portofoliona, jeung (é) perlu aya lawungan jeung pamilon atikan anu dipeunteun.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem a Matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79%	=	cukup
	-	69%	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun Matéri kana Kagiatan Diajar 6. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres Matéri dina Kagiatan Diajar 5, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 6

NGOLAH HASIL PENILÉYAN

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 6, Sadérék dipiharep boga kamampuh ngeunaan cara méré skor pikeun (1) tés éséy, (2) tés obyéktif, (3) tés sikep, (4) tés psikomotor, jeung (5) cara ngolah hasil peniléyan.

B. Indikator Kahontalna Hasil Diajar

Indikator kahontalna kompeténsi tina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) cara méré skor pikeun tés éséy; (2) cara méré skor pikeun tés obyéktif; (3) cara méré skor pikeun tés sikep; (4) cara méré skor pikeun tés psikomotor; jeung (5) cara ngolah hasil peniléyan.

C. Pedaran Matéri

1. Ngolah Hasil Peniléyan

Prosés kagiatan diajar ngajar di kelas moal bisa dipisahkeun jeung kagiatan peniléyan sarta ngukur hasil pangajaran. Peniléyan mangrupa kagiatan méré peunteun kana hasil diajar anu sipatna kualitatif, sedengkeun pengukuran mangrupa sistematika dina nangtukeun gedé leutikna hasil atau karakteristik tingkah laku siswa ku ngagunakeun alat ukur nu tangtu (Kuswari, 2010:6). Ku sabab kitu, dina padoman Kurikulum 2013 aya pituduh jeung padoman peniléyan hasil diajar siswa.

Parobahan kurikulum mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran. parobahan Kurikulum 2013 anu museur kana pamarekan saintifik mangrupa upaya pikeun nyampurnakeun jeung ngoméan kualitas pangajaran. Indikator parobahan kurikulum ditandaan ku ayana parobahan pola kagiatan diajar ngajar, milih média atikan, jeung nangtukeun pola peniléyan pikeun nangtukeun hasil pangajaran.

Parobahan Kurikulum Basa Sunda ti mimiti tingkatan pendidikan dasar nepi ka pendidikan menengah bakal mibanda harti lamun dibarengan ku parobahan prakték-prakték pangajaran di kelas, anu bakal ngarobah prakték peniléyan pangajaran. Nepi ka kiwari prakték peniléyan di kelas kurang ngagunakan metode jeung alat anu variatif. Ku sabab kitu, guru basa Sunda kudu nyaho jeung ngawasa cara-cara nyusun tés-tés basa pikeun ngukur hasil henteuna pangajaran basa Sunda ogé cara ngolah hasil peniléyanana. Kamampuh cara-cara nyusun tés-tés basa mah geus dipedar dina KD 5, sedengkeun kamampuh ngolah hasil peniléyan mah aya dina KD 6. Ku kituna, satulunya baris dipedar cara ngolah hasil peniléyan.

Sistematika pedaran dina ieu kagiatan diajar ngawengku (1) cara méré skor pikeun tés éséy; (2) cara méré skor pikeun tés obyéktif; (3) cara méré skor pikeun tés sikep; (4) cara méré skor pikeun tés psikomotor; jeung (5) ngolah hasil peniléyan.

1. Cara Méré Skor pikeun Tés Éséy

Skor atah tés éséy ditangtukeun maké sistem bobot. Ari carana aya kieu.

- a. Nangtukeun bobot ku sistem skor maksimum luyu jeung tingkat kahéséanana. Upamana, pikeun soal anu gampang skor maksimumna 6, pikeun soal anu sedeng skor maksimumna 7; jeung pikeun soal anu hésé, dibéré skor maksimum 10. Ku kituna, siswa moal mungkin meunang skor 10.
- b. Bobot ditangtukeun dina bilangan-bilangan anu geus ditangtukeun luyu jeung tingkat *kesukaran* soal. Contona, soal gampang dibéré bobot 3, soal sedang dibéré bobot 4, jeung soal anu hésé dibéré bobot 5. Ku cara ieu mah mungkin siswa bisa meunang skor 10.

2. Cara Méré Skor pikeun Tés Obyéktif

Aya dua cara méré skor kana soal tés wangun obyéktif.

- a. Tanpa ngagunakeun rumus *tebakan* (*Non Guessing Formula*)

Cara ieu digunakeun nalika soal can dipikanyaho tingkat kahadéanana. Carana, itung jumlah jawaban anu benerna wungkul, tiap jawaban bener dibéré skor 1 jeung jawaban salah dibéré skor 0. Jadi, skor = jumlah jawaban nu bener.

b. Ngagunakan Rumus *Tebakan (Guessing Formula)*

Rumus ieu digunakeun lamun éta soal-soal tés geus pernah diujicobakeun jeung dilaksanakeun. Rumus-rumus tebakanana saperti kieu.

1) Wangun bener-salah (*true-false*)

Rumus: $S = \sum B - \sum S$

Keterangan: S = skor anu diteangan

$\sum B$ = jumlah jawaban anu bener

$\sum S$ = jumlah jawaban anu salah

2) Wangun pilihan-ganda (*multiple choice*)

Rumus: $S = \sum B - \sum S$

$n - 1$

Keterangan: S = skor anu ditéangan

$\sum B$ = jumlah jawaban anu bener

$\sum S$ = jumlah jawaban anu salah

n = jumlah alternatif jawaban anu geus disadiakeun

1 = bilangan tetep

3) Wangun ngajodohkan (*matching*): $S = \sum B$

Skor nu ditéangan (S) nyaéta jumlah jawaban nu bener ($\sum B$)

4) Wangun jawaban singget (*short answer*) jeung ngalengkepan (*completion*):

$S = \sum B$. Skor nu ditéangan (S) nyaéta jumlah jawaban nu bener ($\sum B$).

3. Cara Méré Skor pikeun Tés Sikep

Dina nganalisis data kualitatif saperti tés sikep, data kuantitatif tina instrumén peniléyan dikonvérsiéun kana data kualitatif skala 5, tuluy didéskripsikeun jeung hasil déskripsina dijadikeun dasar pikeun meunteun kualitas modél évaluasi anu dimekarkeun. Konvérsi data kuantitatif kana data kualitatif skala 5 saperti kieu.

81-100	4,01-5,0	Alus pisan
61- 80	3,01- 4,0	Alus
41 – 60	2,01 – 3,0	Cukup
21 – 40	1,01 – 2,00	Kurang

4. Cara Méré Skor pikeun Tés Psikomotor

Dina domain psikomotor anu diukur nyaéta tagog jeung *kinerja*. Pikeun ngukurna bisa dilakukeun ku cara ngagunakan tés tindakan, saperti simulasi, unjuk kerja, atawa tés idéntifikasi.

Ieu di handap diébréhkeun conto sababaraha modél peniléyan pikeun tés kamahéran basa, di antarana modél peniléyan kamampuh nyarita, maca, jeung nulis.

Tabel 6.1 Peniléyan Kamampuh Ngagunakeun Basa Sunda

Kamaheran basa Konsep kabasaan	Produktif		Reseptif	
	Nulis (40%)	Nyarita (10%)	Maca (40%)	Ngaregepkeun (10%)
Fonologi	-	V	V	V
Éjahan	V	-	V	-
Morfologi	V	V	V	V
Sintaksis	V	V	V	V
Semantik	V	V	V	V
Wacana	V	V	V	V
Kandaga kecap	V	V	V	V
Sastra	V	V	V	V

Pikeun nganiléy atawa meunteun tugas nyarita, nulis, jeung maca, guru bisa ngagunakeun modél saperti ieu di handap.

Tabel 6.2 Modél Peniléyan Tugas Nyarita

No.	Aspek anu dipeunteun	Tingkatan skala										
		0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
1	Kaakuratan informasi (héngker — akurat pisan)	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
2	Hubungan antarinformasi (seutik pisan—dalit pisan)	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
3	Ketepatan struktur jeung kandaga kecap (henteu mérénah—mérénah pisan)	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
4	Kalancaran (gagap—lancar pisan)	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
5	Kawajaran unit wacana (tak normal normal)	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
6	Gaya nyarita (kaku — wajar)	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
		Jumlah skor:										

Tabel 6. 3 Modél Peniléyan Tugas Nulis ku Skala 10

No.	Aspek nu dipeunteun	Tingkatan Skala 10										
1	Kualitas jeung legana amMatéri	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
2	Organisasi jeung pidangan	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
3	Gaya jeung wangunan basa	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
4	Mékanik: tata basa, éjahan, karapihan tulisan	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
5	Réspon aféktif guru kana karangan	0	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10

Tabel 6. 4 Modél Peniléyan Tugas Nulis Maké Bobot Unsur Kamampuh Nulis

No.	Unsur yang dinilai	Skor maksimum	Skor Siswa
1	Eusi gagasan anu diébréhkeun	35
2	Organisasi eusi	25
3	Tatabasa	20
4	Gaya: pilihan struktur jeung kabeungharan kecap	15
5	Éjahan	5

Tabel 6. 5 Modél Peniléyan Kamampuh Maca

Modél Kamampuh Maca	Indikator
Mikawanoh aturan maca (Code Breaker)	1. Familiaritas dina milih kecap 2. Kompléksitas tanda baca 3. Pola ngawangun kecap 4. Struktur kalimah 5. Format wacana
Partisipasi dina wacana (Text-participants)	1. Kasaluyuan harti jeung pangaweruh siswa 2. Kasaluyuan harti jeung pangalaman hirup siswa 3. Kompléksitas sistem ngawangun harti dina struktur kalimah (semantiks) 4. Rélévansi harti jeung tujuan wacana (kohérénsi ma'na téks)
Pengguna téks (text-user)	1. Négosiasi jeung arah hubungan sosial dina téks 2. Tingkat formalitas struktur téks 3. Peranan kultural hiji téks 4. Alur komponen ma'na dina hiji téks
Analís téks (text-analist)	1. Nétralitas wacana jeung kasalluyuanana jeung tingkat nalar siswa 2. Peranan wacana dina muka diri siswa pikeun ningali réalitas anu luyu jeung kamekaran siswa 3. Hibriditas pandangan dina wacana 4. Lolongkrang umpan kritis siswa

5. Ngolah Hasil Peniléyan

Dina ngolah data hasil té, ada opat léngkah poko anu kudu dilakukeun: (1) méré skor, (2) ngarobah skor atah jadi skor standar, (3) ngonvérsikan skor standar, jeung (4) ngalakukeun analisis soal.

- a. Méré skor kana hasil té siswa. Alat bantu anu diperlukeun: konci jawaban, konci skoring, jeung padoman konvérsi.
- b. Ngarobah skor atah jadi skor standar luyu jeung norma anu geus ditangtukeun.
- c. Ngonvérsikeun skor standar kana peunteun, boh kana huruf boh kana angka.
- d. Ngalakukeun analisis soal (laman diperlukeun) pikeun mikanyaho *derajat validitas* jeung *réliabilitas* soal, tingkat héséna soal (*difficulty index*), jeung daya béda.

Sanggeus ngalaksanakeun kagiatan té jeung lembar jawabanana dipariksa (benerna, salahna, jeung kalengkepanana), léngkah satulunya nyaéta ngitung skor atah unggal siswa dumasar kana rumus-rumus anu geus ditangtukeun jeung bobot tiap soal. Ieu kagiatan té kudu dilaksanakeun kalawan ati-ati pisan, sabab bakal jadi tatapakan dina kagiatan ngolahan hasil té nepi ka jadi nilai préstasi. Saméméh ngalaksanakeun té, guru kudu nyusun padoman méré skor. Pedoman penskoran penting pisan disiapkeun, utamana pikeun nyieun soal wangu éséy. Hal ieu maksudna pikeun ngaminimalisir subyéktivitas peniléyan.

Cara-cara ngolah hasil évaluasi

Cara méré skor atah pikeun té éséy

Dina wangu té éséy, skor atah ditangtukeun ngagunakeun sistem bobot.

Carana aya dua léngkah ieu di handap.

- a. Nangtukeun bobot ku sistem skor maksimum luyu jeung tingkat kahéséanana. Upamana, pikeun soal anu gampang skor maksimumna 6, pikeun soal anu sedeng skor maksimumna 7; jeung pikeun soal anu hésé, dibéré skor maksimum 10. Ku kituna, siswa moal mungkin meunang skor 10.

Contona 1.

Saurang siswa dibéré tilu soal dina wanguan ésey. Unggal soal dibéré skor (x) maksimum dina rentang 1-10 luyu jeung kualitas siswa. Cara ngitungna ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabel 6.6 Ngitung Skor ku Sistem Bobot 1

No. Soa	Tingkat Kesukaran	Jawaban	Skor (x)
1	Gampang	Bener	6
2	Sedeng	Bener	7
3	Hésé	Bener	10
Jumlah			23

Rumus Skor: $\frac{\sum x}{\sum s}$

Keterangan: $\sum x$ = jumlah skor $\sum s$ = jumlah soal

Jadi, skor siswa A = $23/3 = 7,67$

- b. Bobot ditangtukeun dina bilangan-bilangan anu luyu jeung tingkat *kesukaran* soal. Contona, soal gampang dibéré bobot 3, soal sedeng diberi bobot 4, jeung soal anu hese dibéré bobot 5. Ku cara ieu mah mungkin siswa bisa meunang skor 10.

Contona 2.

Saurang siswa dités ku tilu soal ésey. Unggal soal dibéré bobot luyu jeung tingkat hésé babarina, nyaéta bobot 5 pikeun soal nu hésé; 4 pikeun soal sedeng, jeung 3 pikeun soal anu gampang. Tiap soal dibéré skor (X) kalawan rentang 1-10 luyu jeung kualitas jawaban anu bener. Tuluy skor (X) unggal siswa dikalikeun kana bobot tiap soal.

Tabel 6.7 Ngitung Skor ku Sistem Bobot 2

No. Soal	Tingkat Kesukaran	Jawaban	Skor (x)	Bobot (B)	XB
1	Gampang	Bener	10	3	30
2	Sedeng	Bener	10	4	40
3	Hésé	Bener	10	5	50
Jumlah			23	12	120

Rumus Skor: $\frac{\sum XB}{\sum B}$

Keterangan:

TK = tingkat *kesukaran*

X = skor tiap soal

B = bobot luyu jeung tingkat *kesukaran* soal

$\sum XB$ = jumlah hasil perkalian X jeung B

Jadi, skor siswa $120/12 = 10$

6. Ngolah Data Hasil Tés: PAP jeung PAN

Sanggeus kapanggih skor tiap siswa, guru ulah rurusuhan nangtukeun prestasi diajar (*nilai*) siswa anu dasarna angka hasil ngabagi skor jeung jumlah soal, sabab ieu cara dianggap kurang proporsional. Misilna, saurang siswa meunang skor 60, ari skala anu digunakeun pikeun ngeusian buku rapor nyaéta skala 0 – 10 atawa skala 0 – 5, mangka éta skor kudu dikonvérskan heula jadi skor standar saméméh ditetepkan jadi *nilai akhir*.

a. Peniléyan Acuan Patokan (PAP)

Pamarekan ieu museur kana naon anu bisa dilakukeun ku siswa. Peniléyan anu museur kana kamampuh-kamampuh naon wae anu geus kahontal ku siswa sanggeus ngaréngsékeun sabagian atawa sakabeh program.

PAP naliti naon waé anu bisa dipigawé ku siswa lain ngabandingkesun hiji siswa jeung siswa sejenna. Tapi, ku kriteria atawa patokan anu spesifik. Kriteriana mangrupa pangalaman diajar dipiharep bisa kahontal sanggeus réngsé kgiatan diajar, atawa sajumlah kompeténsi dasar anu geus ditangtukeun saméméhn. Misalna, kriteria Kahontalna kompeténsi ngagunakeun 75% atawa 80%. Siswa anu kamapuhna sahandapeun kriteria dianggap acan hasil jeung kudu diremédial.

b. Peniléyan Acuan Norma (PAN)

Dina peniléyan acuan norma, ma'na angka (skor) saurang siswa ditéangan ku cara ngabandingkan hasil diajarna jeung hasil diajar siswa séjénna dina hiji kelompok atawa kelas. Siswa dikelompokkeun dumasar kana jenjang hasil diajar nepi ka kapanggih kalungguhan relatif saurang siswa lamun dibandingkeun jeung babaturan sakelasna.

Tujuan peniléyan acuan norma nyaéta pikeun ngabédakeun siswa tina kelompok-kelompok tingkat kamampuhna, mimiti ti nu panghéngkérna nepi ka nu pangunggulna. Sacara idéal, distribusi tingkat kamampuh dina hiji kelompok ngagambarkeun hiji kurva anu normal.

Umumna, peniléyan acuan norma digunakeun pikeun seléksi. Soal téss dina ieu pamarekan dimekarkeun tina bagian Matéri anu dianggap penting. Guru boga wewenang pikeun nangtukeun bagian mana anu leuwih urgen. Ku kituna, guru kudu ngawatésanan jumlah soal anu diperlukeun, sabab henteu sakabeh materi anu ditepikeun ka siswa muncul dina soal-soal.

Soal-soal kudu dijieu kalawan merhatikeun tingkat *kesukaran* anu variatif, ti mimiti soal nu gampang ka nu hésé nepi ka siswa bisa méré jawaban anu variatif deuih. Soal-soal ogé kudu bisa méré jawaban anu variatif, sumebar, jeung bisa ngabandingkeun kamampuh di antara para siswa.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung Tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Terangkeun bédana peniléyan jeung pengukuran!
2. Naon bae anu kudu diperhatikeun dina ngolah hasil peniléyan!
3. Jéntrékeun naon anu disebut peniléyan acuan patokan (PAP) jeung acuan norma (PAN)!
4. Léngkah-léngkah naon wae anu kudu dilakukeun dina ngolah data hasil téss? Pék jéntrékeun!
5. Itung rata-rata skor tina ieu data: 61, 59.5, 62, 60, 60, 52, 78, 78, 46, 66, 71, 61!

F. Tingkesan

Ngolah hasil peniléyan mangrupa hiji kagiatan anu kacida pentingna. Ku kituna, hal ieu perlu diperhatikeun supaya bener-bener diaplikasikeun di institusi pendidikan sabab bisa nangtukeun nasib, utamana nasib siswa. Dina ngolah hasil peniléyan tinangtu henteu meunang ngarugikeun sawatara pihak. Ku sasab kitu, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina ngolah hasil peniléyan, nyaéta téhnik ngolah hasil tés, skor total (total score), konvérsi skor, cara méré skor pikeun skala sikap, cara méré skor domain psikomotorik, jeung ngolah data hasil tés, boh ku ngagunakeun peniléyan acuan patokan (PAP) boh ku acuan norma (PAN).

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem henteuna Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem Matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100% = alus pisan
80	-	89% = alus
70	-	79 = cukup
	-	69 = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap ngawasa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun Matéri kana Kagiatan Diajar VII. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres Matéri dina Kagiatan Diajar VI, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 7

PRAKTEK PENILÉYAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 7, Sadérék dipiharep meunang kamampuh ngeunaan (1) prakték peniléyan hasil diajar jeung (2) prakték peniléyan prosés.

B. Indikator Hontalan Hasil Diajar

Indikator kahontalna kompeténsi tina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) prakték peniléyan hasil diajar jeung (2) prakték peniléyan prosés.

C. Pedaran Matéri

1. Prakték Peniléyan Hasil Diajar

Peniléyan hasil diajar ditujukeun pikeun ngukur kamajuan, kakurangan, jeung kaonjoyan diajar siswa katut posisi siswa dina kelompokna. Pikeun ngalaksanakeun peniléyan hasil diajar diperlukeun téhnik anu keuna. Aya sawatara téhnik anu bisa dipaké dina peniléyan hasil diajar, nyaéta téhnik tés jeung téhnik non-tés.

a. Téhnik Tés

Téhnik tés mangrupa téhnik anu dipaké ku cara ngayakeun tés dina wangun pananya anukudu dijawab, pananya anu kudu dibéré tanggapan, atawa pancén nu kudu dilaksanakeun ku nu dités. Dina ngayakeun tés hasil diajar, anu diukur téh nyaéta kamampuh pamilon atikan dina widang kaweruh jeung widang kaparigelan.

Dumasar kana alat nu dipakéna, téhnik tés bisa dibagi jadi sababaraha rupa, nyaéta (1) tés tulis, (2) tés lisan, jeung (3) tés paripolah (prakték).

1) Tés Tulis

Tés tulis nyaéta téhnik peniléyan anu meredih jawaban kalawan tinulis, boh mangrupa pilihan boh mangrupa eusian. Jadi, wangun tés tulis bisa wangun tés obyéktif bisa wangun tés éséy. Tés wangun obyéktif umumna ngagunakeun pilihan ganda (PG). Ieu tés umumna dipaké pikeun ngukur kaweruh pamilon atikan ngeunaan matéri nu diulikna.

Jaba ti wangun obyéktif, tés tulis téh bisa ogé dina wangun ésay. Ari wangun ésay téh bisa mangrupa pedaran panjang bisa ogé ngan cukup ku ngalengkep.

2) Tés Lisan

Tés lisan nyaéta téhnik peniléyan hasil diajar anu pananya jeung jawabana atawa tanggap-anana ku ditepikeun ku cara ngadadak jeung dilisankeun. Tés samodél kieu merlukeun daptar pananya jeung padoman nyekor. Tés lisan biasana didiktékeun ku guru, pamilon atikan ditunjuk pikeun ngajawab.

3) Tés Paripolah

Tés paripolah nyaéta téhnik peniléyan hasil diajar anu meredih pamilon atikan ngadémonstrasikeun kaparigelanana atawa midangkeun hasil diajarna dina wangun paripolah (*unjuk kerja*). Upamana waé, pamilon atikan sina nyaritakeun deui atawa macakeun hasil karangan sajak nu geus dikarangna.

b. Téhnik Nontés

Téhnik nontés mangrupa téhnik peniléyan anu ditujulkeun sangkan meunang gambaran ngeunaan karakteristik, sikap, atawa kapribadian pamilon atikan. Aya sababaraha rupa téhnik nontés, nyaéta (1) niténan (obsérvasi), (2) papancén, (3) produk, (4) portopolio.

1) Papancén

Peniléyan ku cara méré papancén ditujulkeun sangkan murid milampah kagiatan di luar kelas. Papancaén bisa dibikeun ka murid sacara mandiri bisa ku cara ngelompok. Ari papancén anu dibikeun bisa mangrupa pancén atawa proyék.

2) Produk

Peniléyan produk nyaéta peniléyan kana kaparigelan murid dina ngahasilkeun hiji produk dina waktu nu tangtu saluyu jeung kritéria anu ditangtukeun boh tina jihat prosés boh hasil ahir.

3) Portopolio

Portopolio téh mangrupa kumpulan karya murid anu disusun kalawan ngéntép seureuh anu dicokot ti murid salila prosés pangajaran. Portopolio téh dipaké ku guru jeung murid pikeun nalingakeun kamekaran kaweruh, sikep, jeung kaparigelan murid dina hiji mata pelajaran. Ku ayana portopolio bisa kanyahoan kamekaran préstasi, kaunggulan jeung kahéngkéran gawé murid saperti karancagéan jeung karya-karyana. Unggal murid mibanda portopolio séwang-séwangan, anu eusina mangrupa karya tiap murid.

4) Niténan (Obsérvasi)

Niténan atawa obsérvasi nyaéta téhnik peniléyan anu dilaksanakeun ku pangatik ku cara ngagunakeun babagan awak (indra) sacara langsung saperti ditempo jeung didéngékeun atawa teu langsung ngaliwatan nu lian saperti babaturan murid, guru lain, atawa kolot murid. Upamana waé, alus henteuna sopan santun, tagog, ucapan jeung lentong, paripolah murid waktu ngaragakeun drama.

Instrumén nu dipaké pikeun niténan nyaéta padoman obsérvasi nu mangrupa daptar cék (contréng) atawa skala peniléyan (*rating scale*) nu dibarengan ku rubrik. Daptar contréng dipaké pikeun niténan aya henteuna sikep atawa paripolah, ari skala peniléyan dipaké pikeun nangtukeun perenahna sikep atawa paripolah siswa dina rentangan sikep. Padoman obsérvasi ngamuat pernyataan sikep atawa paripolah. Pernyataan ngamuat sikep atawa paripolah positip atawa negatip luyu jeung indikator wincikan sikep dina kompeténsi inti jeung kompeténsi dasar. Ari rentang skala hasil niténan téh kieu:

- 1) Selalu, sering, kadang-kadang, tidak pernah
- 2) Sangat baik, baik, cukup baik, kurang baik

Contoh Instrumen Obsérvasi jeung Rubrik Peniléyan

Pedoman Observasi Sikap Spiritual

Petunjuk:

Lembaran ini diisi oleh guru untuk menilai sikap spiritual peserta didik. Berilah tanda cek (v) pada kolom skor sesuai sikap spiritual yang ditampilkan oleh peserta didik, dengan kriteria sebagai berikut:

4 = selalu, apabila selalu melakukan sesuai pernyataan

3 = sering, apabila sering melakukan dan kadang-kadang tidak melakukan

2 = kadang-kadang, apabila kadang-kadang dan sering tidak melakukan

1 = tidak pernah, apabila tidak pernah melakukan

Nama Peserta Didik :

Kelas :

Tanggal Pengamatan :

Materi Pokok :

No	Aspek Pengamatan	Skor			
		1	2	3	4
1	Berdoa sebelum dan sesudah melakukan sesuatu				
2	Mengucapkan rasa syukur atas karunia Tuhan				
3	Memberi salam sebelum dan sesudah menyampaikan pendapat/presentasi				
4	Mengungkapkan keagungan secara lisan maupun tulisan terhadap Tuhan saat melihat kebesaran Tuhan				
5	Merasakan keberadaan dan kebesaran Tuhan saat mempelajari ilmu pengetahuan				
Jumlah Skor					

Petunjuk Penskoran:

Skor akhir menggunakan skala 1 sampai 4

Perhitungan skor akhir menggunakan rumus :

$$\frac{\text{Skor}}{\text{Skor Tertinggi}} \times 4 = \text{skor akhir}$$

Contoh:

Skor diperoleh 14, skor tertinggi 4 x 5 pernyataan = 20, maka skor akhir :

$$\frac{14}{20} \times 4 = 2,8$$

Peserta didik memperoleh nilai :

Sangat Baik : apabila memperoleh skor 3,20 – 4,00 (80 – 100)

Baik : apabila memperoleh skor 2,80 – 3,19 (70 – 79)

Cukup : apabila memperoleh skor 2,40 – 2,79 (60 – 69)

Kurang : apabila memperoleh skor kurang 2,40 (kurang dari 60%)

2. Prakték Peniléyan Prosés

Peniléyan prosés dilaksanakeun waktu prosés pangajaran lumangsung. Peniléyan prosés museur kana sasaran peniléyan patali jeung tahap éfektivitas kgiatan diajar-ngajar dina raraga ngahontal tujuan pangajaran. Aspek anu dipeunteun dina peniléyan posés téh nyaéta kgiatan guru, kgiatan murid, pola interaksi guru—murid, jeung lumangsungna prosés diajar-ngajar. Lajuning laku tina peniléyan prosés pangajaran, lamun hasilna kurang nyugemakeun, nya guru ngayakeun panalungtikan tindakan kelas.

Dimensi peniléyan prosés pangajaran téh patali jeung komponén prosés diajar-ngajar, nyaéta (1) tujuan pangajaran, (2) Matéri ajar, (3) murid, (4) guru, (5) alat jeung sumber diajar, jeung (6) komponén peniléyan.

- a. Komponén tujuan pangajaran ngawengku aspek-aspek rumusan tujuan, kasaluyuan jeung kamampuh murid, jumlah jeung waktu nu disayagikeun, kasaluyuan jeung kurikulum nu dipaké, sarta bisa henteuna dilaksanakeun dina pangajaran.
- b. Komponén matéri pangajaran ngawengku wengkuan bahan, kasaluyuan matéri jeung tujuan, tahap hésé babarina bahan, daya guna keur murid, luyu jeung alokasi waktu, sumber diajar, cara ngulikna, kasinambungan bahan, kasaluyuan matéri jeung kabutuh murid, sarta prasyarat keur ngulikna.
- c. Komponén murid ngawengku kamampuh prasarat, minat, motivasi, sikep, cara diajarna, hubungan sosial, masaah diajar, karakteristik jeung kapribadian, kabutuh diajar, jatidiri murid katut kulawargana.
- d. Komponén guru ngawengku kamampuh ngawasa matéri ajar, kaparigelan ngajar, sikep kaguruan, pangalaman ngajar, cara ngajar, cara meunteun, kadaék mekarkeun profésina, kaparigelan komunikasi, kapribadian, kamampuh jeung kahayang mantuan jeung ngaping murid, hubungan sosial, jeung dangdanan.
- é. Komponén alat jeung sumber diajar ngawengku rupa-rupa alat jeung jumlahna, daya guna alat, babari, lengkep henteuna, mangpaatna, cara makéna.
- f. Komponén peniléyan ngawengku wanda jeung alat, eusi jeung rumusan pananya, rubrik, sistem, prakna, lajuning laku hasil, ngamangpaatkeun hasil, jeung administrasi peniléyan, tahap kasulitan soal, validitas jeung reliabilitas soal, daya pangbéda, frékwensi jeung rarancang peniléyan. Conto format peniléyan prosés:

Tabel 7.1 Pedoman Peniléyan Prosés Diajar Siswa

No	Aspek yang Diobservasi	Nilai Penampilan			
		1	2	3	4
1.	Kegiatan menanggapi konsep guru.				
2.	Partisipasi dalam pemecahan masalah.				
3.	Tanggung jawab penggerjaan tugas.				
4.	Disiplin belajar.				
5.	Kerjasama dalam pemecahan masalah.				
6.	Motivasi belajar.				
7.	Kegiatan menjawab Pertanyaan guru.				
8.	Kegiatan dalam mengerjakan tugas-tugas				
9.	Kegiatan menanggapi bacaan.				
10.	Kegiatan refleksi bersama guru.				
Nilai Hasil Observasi					

Keterangan:

Skala nilai : 4 = sangat baik 3 = baik 2 = cukup 1 = kurang

Tabel 7.2 Pedoman Peniléyan Ngajar Guru

No	Aspek yang Diobservasi	Nilai Penampilan			
		1	2	3	4
1.	Sikap guru dalam proses pembelajaran a. Kejelasan suara dalam menjelaskan materi b. Antusiasme penampilan dalam menjelaskan materi c. Membimbing siswa dalam pembelajaran				
2.	Penguasaan Matéri pembelajaran a. Penyajian Matéri ajar b. Keruntunan dalam menyajikan Matéri ajar c. Kelengkapan dalam memberikan Matéri ajar d. Konsistensi penerapan metode pembelajaran				
3.	Proses pembelajaran a. Kesesuai metode dengan Matéri ajar b. Kejelasan dalam memberikan contoh c. Antusiasme dalam menanggapi dan merespon siswa d. Kecermatan dalam penggunaan waktu				
4.	Evaluasi a. Melakukan peniléyan kegiatan pembelajaran b. Melakukan peniléyan tertulis tentang pembelajaran				
5.	Refleksi a. Mengidentifikasi kembali Kagiatan pembelajaran b. Menyimpulkan hasil proses pembelajaran				
Nilai Hasil Observasi					

Keterangan:

4 = sangat baik 3 = baik 2 = cukup 1 = kurang

Tabel 7.3 Indikator Kegiatan dalam Kerja Kelompok

Nº	Kegiatan kerja kelompok	Indikator
1	Berada dalam tugas	<input type="checkbox"/> Menjalankan tugas yang menjadi tanggung jawabnya <input type="checkbox"/> Tetap berada dalam kelompok selama kerja kelompok
2	Mengambil giliran dan berbagi tugas	<input type="checkbox"/> Bersedia menerima tugas <input type="checkbox"/> Memberikan kepercayaan kepada teman untuk menyelesaikan tugas <input type="checkbox"/> Bekerjasama dalam kelompok dan bersedia membantu teman dalam menyelesaikan tugas
3	Bertanya	<input type="checkbox"/> Bertanya kepada teman atau dosen tentang cara kerja <input type="checkbox"/> Meminta bantuan kepada teman atau bimbingan kepada dosen jika mengalami kesulitan.
4	Mendengarkan dengan aktif	<input type="checkbox"/> Memperhatikan informasi/penjelasan/pendapat yang disampaikan teman kelompok atau dosen <input type="checkbox"/> Mendengarkan pendapat teman <input type="checkbox"/> Suara dan gerak (mengangguk dan atau melihat teman atau dosen yang sedang berbicara)
5	Memberikan dan menghargai kontribusi	<input type="checkbox"/> Memberikan masukan untuk kesuksesan kelompok <input type="checkbox"/> Merespon apa yang dikatakan teman, termasuk kritikan positif <input type="checkbox"/> Memperhatikan apa yang dikerjakan teman (menyimak)

D. Kegiatan Diajar

Kegiatan atau Kegiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtulan kegiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atau pancén nu dipidangkeun dina ieu kegiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjenna.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tétélkeun sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

1. Naon bédana peniléyan prosés jeung peniléyan hasil?
2. Naon waé anu kagolong kana wanda téss jeung nontés?
3. Naon bédana padoman obsérvasi nu mangrupa daptar cékk jeung skala peniléyan?
4. Aspék naon waé anu dipeunteun dina peniléyan prosés?
5. Sebutkeun lima aspék dina peniléyan sikep santun?

F. Tingkesan

Peniléyan nyaéta runtusan kagiatan pikeun nyangking, nganalisis, jeung napsirkeun data ngeunaan prosés jeung hasil diajar siswa anu dilaksanakeun kalawan sistimatis tur sinambung nepi ka jadi informasi anu gedé hartina dina nyieun hiji kaputusan.

Aya dua rupa peniléyan, nyaéta peniléyan prosés jeung peniléyan hasil diajar. Peniléyan prosés mangrupa kagiatan meunteun nu museur kana tingkat éfektivitas diajar ngajar dina raraga ngahontal tujuan pangajaran. Peniléyan prosés meunteun kagiatan guru, kagiatan siswa, pola interaksi antara guru jeung siswa sarta luamangsungna prosés diajar ngajar. Ari peniléyan hasil diajar ditujukeun pikeun ngukur kamajuan, kakurangan, jeung kaonjoyan diajar siswa katut posisi siswa dina kelompokna.

Peniléyan bisa dilaksanakeun ku dua rupa téhnik, nyaéta téhnik tés jeung téhnik nontés. Téhnik tés aya tilu rupa, nyaéta (1) tés tulis, (2) tés lisan, jeung (3) tés paripolah (prakték). Ari téhnik nontés bisa mangrupa (1) niténan (obsérsasi), (2) papancén, (3) produk, (4) portopolio. Umumna guru leuwih museur kana peniléyan hasil diajar.

Tiap-tiap téhnik jeung wangun tés mibanda rubrik peniléyan masing-masing. Aya rubrik peniléyan tés tulis, tés lisan, tés paripolah, padoman obsérsasi, padoman peniléyan produk, padoman peniléyan papancén, jeung padoman peniléyan portopolio.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem Matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar VII. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres matéri dina Kagiatan Diajar VI, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 8

Hasil Peniléyan pikeun Nangtukeun KKM

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 8, Sadérék dipiharep meunang kamampuh ngeunaan (1) kasang tukang KKM; (2) watesan KKM; (3) cara nangtukeun KKM dina Kurikulum 2013; (4) conto KKM dina KTSP; jeung (5) napsirkeun kritéria jadi niléy.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) kasang tukang KKM; (2) watesan KKM; (3) cara nangtukeun KKM dina Kurikulum 2013; (4) conto KKM dina KTSP; jeung (5) tapsiran kritéria jadi niléy.

C. Pedaran Matéri

1. Kasang Tukang KKM

Salasahiji kawijakan pamaréntah dina widang atikan nyaéta Standar Nasional Pendidikan (SNP) anu ditetepkeun ku Palaturan Pamaréntah Nomer 19 Taun 2005. yang ditetapkan melalui Peraturan Pemerintah Nomor 19 Tahun 2005. Standar Nasional Pendidikan (SNP) ngawengku standar eusi, standar prosés, standar kompeténsi lulusan, standar pendidik jeung tenaga kependidikan, standar sarana-prasarana, standar pengelolaan, standar pembiayaan, jeung standar peniléyan pendidikan. Rarambu pikeun nyumponan tiap-tiap Standar Nasional Pendidikan diatur satuluyna dina Peraturan Menteri Pendidikan Nasional.

Dina Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomer 20 Taun 2007 ditétélakeun yén salasahiji prinsip peniléyan dina kurikulum tingkat satuan pendidikan (KTSP) nyaéta dumasar acuan kritéria. Ieu téh nuduhkeun yén peniléyan téh dumasar kana ukuran hontalan kompeténsi nu geus ditangrukeun. Ku kituna, satuan pendidikan kudu netepkeun Kriteria

Ketuntasan Minimal (KKM) tiap mata pelajaran minangka dadasar dina meunteun hontalan kompeténsi pamilon atikan. Netepkeun atawa nangtukeun kriteria ketuntasan minimal diajar mangrupa tahapan awal dina ngalaksanakeun peniléyan prosés pangajaran jeung peniléyan hasil diajar.

Dumasar kana hasil bimtek KTSP taun 2009, kapanggih réa kénéh masalah nu patali jeung nangtukeun kritéria ketuntasan minimal ku satuan pendidikan, di antarana waé, (1) dina umumna sakola geus nyusun KKM tapi teu neundeun hasil analisis KKM nu geus dilakonan lantaran maranehna can apaleun yén berkas KKM jadi bagian nu bisa dipisahkeun tina dokumén KTSP; (2) réa kénéh guru anu can mikanyaho yén KKM anu disusun geus bener atawa acan sarta sawatara guru tacan nyangkem enya-enya ngeunaan larapna kritéria kompléksitas, daya deudeul, jeung intake pamilon atikan dina nyusun KKM; (3) sawatara guru nangtukeun KKM tanpa prosés analisis. Nangtukeun KKM dumasar kana pangalaman gur ngajar jeung atawa kasaluyuan jeung guru mata pelajaran; jeung (4) calecer (panduan) nangtukeun KKM kurang operasional jeung can dilengkepan ku conto-conto prosés nangtukeun KKM nepi ka guru anu can milu bimtek teu bisa diajar sorangan ku maké éta calecer.

2. Watesan KKM

Istilah KKM téh mangrupa singgetan tina Kriteria Ketuntasan Minimal. Ari KKM téh kriteria ketuntasan belajar (KKB) atawa calecer tutasna diajar anu ditangtukeun ku satuan pendidikan (SD/MI, SMP/MTS, atawa SMA/SMK/MA/MAK). Pikeun kelompok mata pelajaran salian ti élmu kaweruh jeung téknologi, KKM dinaahir jenjang satuan pendidikan mangrupa niléy (peunteun) wates ambang kompeténsi.

KKM téh kudu ditangtukeun jeung ditetepkeun. Saha anu kudu nangtukeun jeung netepkeun KKM téh? Anu kalibet dina nangtukeun KKM dina awal taun pangajaran téh nyaéta kapala sakola, wakil kapala sakola widang kurikulum, tim pengembang kurikulum (TPK) sakola, jeung guru atawa MGMP.

Tim Pengembang Kurikulum (TPK) sakolah nyaéta tim nu ditetepkeun ku kapala sakola anu pancénna pikeun ngararancang jeung mekarkeun kurikulum. TPK diwangun ku wakil kapala sakola, guru, tanaga atikan, guru


BK/konsélor, jeung kapala sakola anu jadi pupuhu ngarangkep anggota. Ari guru nyaéta pangatik profésional anu pancén utamana ngatik siswa dina jalur atikan formal (dasar jeung menengah) (*Peraturan Pemerintah Nomor 74 Tahun 2008 tentang Guru, Bab I Ketentuan Umum, Pasal 1*).

Aya tilu perkara nu kudu dititénan dina nangtukeun KKM, nyaéta:

- a) Intake (kamampuh rata-rata siswa);
- b) Kompléksitas (idéntifikasi indikator minangka tanda kahontalna kompeténsi dasar);
- c) Kamampuh daya pangdeudeul (anu oriéntasina kana sumber diajar).

3. Léngkah-léngkah Nangtukeun KKM

Aya opat léngkah nu kudu dilakonan dina nangtukeun KKM saperti ieu di handap.



- a. Guru atawa kelompok guru netepkeunn KKM mata pelajaran kalawan tinimbangan tina tilu aspek kritéria, nyaéta kompléksitas, daya deudeul (dukung), jeung *intake* murid atawa pamilon atikan. Ari skémana kawas kieu.
- b. Hasil netepkeunn KKM ku guru atawa kelompok guru mata pelajaran disahkeun ku kapala sakola pikeun dijadikeun patokan guru dina meunteun (peniléyan).
- c. KKM nu geus ditetepkeun téh tuluy disosialisakeun ka pihak-pihak nu boga kapentingan, nyaéta pamilon atikan, kolot barudak, jeung dinas pendidikan.
- d. KKM dijinekkeun dina LHB (Lembaran Hasil Belajar) dina waktu hasil peniléyan (meunteun) dilaporkeun ka kolotna barudak/wali barudak.

a) Karuwedan (Kompléksitas)

Ari tahap karuwedan atawa kompléksitas téh nyaéta banggana jeung ruwedna tiap-tiap KD atawa indikator anu geus dihontal ku siswa. Luhur handapna tahap karuwedan ditangtukeun ku sababaraha faktor.

Tahap karuwedan luhur lamun dina ngahontal kompeténsi diperlukeun sawatara pasaratan, di antarana waé:

- 1) Pangatik (guru)
 - a. Nyangkem enya-enya kompeténsi nu kudu diajarkeun ka pamilon atikan;
 - b. Rancagé (kréatif) jeung inovatif kalawan maké métodeu pangajaran nu variatif;
 - c. Ngawasa kaweruh jeung kamampuh saluyu jeung widang nu diajarkeun.
- 2) Pamilon atikan (murid)
 - a. Mibanda kamampuh nalar nu luhur
 - b. Parigel atawa mahér dina ngalarapkeun konsép;
 - c. Tenget (cermat), rancagé (kréatif), jeung inovatif dina ngaréngsékeun pancén;
 - d. Tahap kamampuh nalar jeung tenget nu luhur téh gunana sangkan bisa ngahontal katutasan diajar.
- 3) Waktu

Perlu waktu anu lila pikeun nyangkem éta matéri nepi ka dina prosés pangajaran kudu dibalikan deui.

b) Daya Deudeul

Daya deudeul atawa daya dukung nuduhkeun ayana (1) sasadiaan tanaga, (2) sarana jeung prasarana atikan nu dipikabutuh, (3) waragan operasional atikan, (4) manajemén sakola, jeung (5) panitén nu nyekel kawijakan (*stakeholders*) sakola.

c) Intake

Intake mangrupa tahap kamampuh rata-rata pamilon atikan (murid). Ieu tahap kamampuh téh didadasaran ku kamampuh nu geus aya samémehna. Wincikanana kieu.

- 1) Kelas I bisa dumasar kana hasil dina buku rapor di TK.
- 2) Kelas II, III, IV, V, jeung kelas VI bisa dumasar kana tahap hontalan KKM pamilon atikan dina seméster atawa kelas samémehna minangka kakaitan antara indikator jeung indikator samémehna nu geus dihontal ku pamilon atikan.
- 3) Kelas VII bisa dumasar kana hasil seléksi panarimaan pamilon atikan anyar atawa Penerimaan Peserta Didik Baru (PPBD), Nilai Ujian Nasional (NUN), Rapor kelas VI, jeung tékseléksi asup.

- 4) Kelas VIII dan IX bisa dumasar kana tahap hontalan KKM pamilon atikan dina seméster atawa kelas samémehna minangka kakaitan antara indikator jeung indikator samémehna nu geus dihontal ku pamilon atikan.
- 5) Kelas X bisa dumasar kana hasil seléksi panarimaan pamilon atikan anyar atawa Penerimaan Peserta Didik Baru (PPBD), Nilai Ujian Nasional (NUN), Rapor kelas VI, té seléksi asup, atawa psikotés.
- 6) Kelas XI dan XII bisa dumasar kana tahap hontalan KKM pamilon atikan dina seméster atawa kelas samémehna minangka kakaitan antara indikator jeung indikator samémehna nu geus dihontal ku pamilon atikan.

Dina meunteun atawa nganiléy kritéria ketuntasan minimal (KKM) ilaharna sok ngagunakeun format anu eusina (1) kompléksitas, (2) daya dukung, jeung (3) intake. Ieu di handap aya conto KKM dina KTSP.

Tabel 8. 1 Format Nganiléy KKM

Kompeténsi Dasar jeung Indikator	Kriteria Katuntasan Minimal			Niléy KKM	
	Kritéria Nangtukeun Katuntasan		Karuwedan		
	Karuwedan	Daya Dukung			

4. Nangtukeun KKM dina Kurikulum 2013

Tina Permendikbud 81a Taun 2013 perkara impleméntasi kurikulum diécéskeun yén:

- (1) Katuntasan minimal pikeun sakumna kompeténsi dasar dina kompeténsi kaweruh jeung kompeténsi kaparigelan, nyaéta 2,66 (B-).
- (2) Pikeun KD-KD anu aya dina KI-3 jeung KI-4, pamilon atikan dianggap tutas diajar lamun ngahontal peuteun \geq 2,66 tina hasil tes formatif.
- (3) Pikeun KD dina KI-1 jeung KI-2, katutasan pamilon atikan disawang tina sikep sakumna mata pelajaran, lamun tagog (profil) pamilon atikan umumna aya dina katégori alus (B) dumasar kana standar nu geus ditangtukeun ku satuan pendidikan, nyaéta pamilon atikan téh ditetepkeun lulus.

Implikasina tina éta katuntasan diajar téh nyaéta kieu.

- (a) Pikeun KD dina KI-3 jeung KI-4 diayakeun rémédial individual luyu jeung kabutuh siswa nu beubeunangan peunteunna kurang ti 2,66.

- (b) Pikeun KD dina KI-3 dibéré lolongkrang pikeun nuluykeun pangajaran kana KD satuluyna ka siswa anu meunang peunteun 2,66 atawa leuwih ti 2,66.
- (c) Pikeun KD dina KI-4 diayakeun rémédial klasikal saluyu jeung kabutuh lamun leuwih ti 75% siswa meunang peunteun kurang ti 2,66.
- (d) Pikeun KD dina KI-1 jeung KI-2, siswa anu umumna profil sikepna can asup kana katégori alus, dibina kalawan holistik (ku guru kelas, guru mata pelajaran, guru BK, jeung kolot barudak).

Kritéria katuntasan belajar minimal (KKM) pikeun KI-3 jeung KI-4 nyaéta B- (2.66). Ku kituna, siswa dianggap can ngawasa KD anu diulikna lamun indikator peunteunna < 2.66 tina hasil téis formatif. Ari pikeun KI-1 jeung KI-2 pikeun sakumna mata pelajaran, nyaéta lamun profil sikep siswa umumna aya dina katégori alusa atawa B (3.00) dumasar kana standar anu ditangtukeun ku satuan pendidikan.

Tabel 8. 2 Katuntasan Diajar

Predikat	Nilai Kompetensi		
	Pengetahuan	Keterampilan	Sikap
A	4	4	SB
A-	3.66	3.66	
B+	3.33	3.33	
B	3	3	
B-	2.66	2.66	B
C+	2.33	2.33	
C	2	2	
C-	1.66	1.66	
D+	1.33	1.33	K
D	1	1	

Dumasar kana tabél di luhur, dina KD pikeun KI-3 jeung KI-4, siswa can ngawasa KD lamun indikator peunteunna < 2.66 . Siswa geus tuntas diajar mun peunteunna ≥ 2.66 tina hasil téis formatif. Siswa anu can tuntas kudu dirémédial, ari siswa nu geus tuntas bisa nuluykeun diajar kana kompeténsi satuluyna. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan tabél ieu di handap.

Tabel 8. 3 Konvérsi Peunteun

Konversi nilai akhir		Predikat (Pengetahuan dan Keterampilan)	Sikap
Skala 100	Skala 4		
86 -100	4	A	SB
81- 85	3.66	A-	
76 – 80	3.33	B+	B
71-75	3.00	B	
66-70	2.66	B-	C
61-65	2.33	C+	
56-60	2	C	K
51-55	1.66	C-	
46-50	1.33	D+	K
0-45	1	D	

Siswa anu peunteunna antara 66 -- 70, aya dina prédikat **B-** pikeun katégori kaweruh atawa kaparigelan. Eta siswa téh geus ngahontal katuntasan dina ngawasa kompeténsi. Pikeun KI-1 jeung KI-2 siswa kakara lulus lamun geus ngahontal peunteun antara 71 – 75 (skala 100) atawa peunteun 3.00 pikeun skala 4 atawa geus aya dina posisi B.

Ku ayana ieu katangtuan, pikeun KI-3 jeung KI-4, guru teu kudu ngitung deui KKM como peunteun KKM-na sahandapeun 66 -- 70 (skala 100) atawa sahandapeun (2.66) lantaran pamaréntah geus nangtukeun KKM standar. Lamun guru nangtukeun KKM pikeun KI-3 jeung KI-4 saluhureun éta peunteun, tangtuna kudu dumasar kana tinimbangan nu asak. Kitu deui, pikeun nangtukeun KKM KI-1 jeung KI-2.

Katangtuan di luhur téh gedé gunana pikeun sakola nu aya di siklukna atawa nu mencil bari sarana atawa guru-guruna nu kurang profésional, geus boga calecer yén KKM pikeun KI-3 jeung KI-4 kudu B- satata jeung 2,66 (skala 4) atawa 66 -- 70 (skala 100).

Tabel 8. 4 Conto KKM dina KTSP Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda

MATA PELAJARAN : MULOK BAHASA SUNDA
 JENJANG PENDIDIKAN : SMP/MTs
 KELAS : VII (TUJUH)

Macam

Kompetensi Dasar dan Indikator	Kriteria/Aspek			Penentuan KKM
	Kompleksitas	Intake Siswa	Daya Dukung	
7.3.1 Membaca sejarah lokal/cerita babad				
* Dapat memahami isi wacana/cerita.	85	75	70	75
* Dapat memahami kedudukan dan peranan tokoh.	78	75	70	74,3
* Dapat memahami hubungan kausalitas antarperistiwa kesejarahan.	78	73	70	74,3
* Dapat memahami pertautan antara tokoh, peristiwa dengan wilayah setempat.	65	70	70	68,3
* Dapat menyimpulkan isi teks (peristiwa sejarah).	62	68	68	66
* Dapat menanggapi berbagai aspek sejarah lokal/cerita babad.	70	70	70	70
Rata-rata				71

5. Napsirkeun Kritéria Jadi Niléy

Aya tilu cara dina napsirkeun kritéria jadi niléy, nyaéta (1) méré poin kana tiap kritéria nu ditangtukeun, (2) maké rentang niléy kana tiap kritéria, jeung (3) méré tinimbangan judgement kana tiap kritéria.

a. Méré poin kana tiap kritéria nu ditangtukeun:

Tabel 8. 5 Kriteria Niléy KKM

No.	Komponen	Peringkat		
		Luhur	Sedeng	Handap
		1	2	3
1.	Kompleksitas			
2.	Daya dukung			
3.	Intake			

Lamun indikator mibanda kritéria: kompléksitas handap, daya dukung luhur, jeung intake murid sedeng → peunteunna kieu:

$$\frac{(3 + 3 + 2) \times 100 = 88.89}{9}$$

b. Maké rentang niléy dina tiap kriteria:

Tabel 8. 6 Rentang Niléy KKM

No.	Komponen	Peringkat		
		Luhur	Sedeng	Handap
		81 - 100	65 - 80	50 - 64
1.	Kompleksitas			
2.	Daya dukung			
3.	Intake			

Lamun indikatorna boga kritéria: kompléksitas sedeng, daya dukung luhur jeung intake sedeng → niléyna nyaéta rata-rata tiap niléy tina kritéria nu ditangtuukeun. Dina nangtuukeun rentang niléy jeung niléy tina tiap kritéria perlu kasaluyuan forum MGMP.

c. Méré tinimbangan judgement kana tiap kriteria keur nangtuukeun niléy

Tabel 8. 7 Kriteria Nangtuukeun Niléy KKM

No.	Komponen	Peringkat		
		Luhur	Sedeng	Handap
		1	2	3
1.	Kompleksitas			
2.	Daya dukung			
3.	Intake			

Contona:

Lamun indikatorna boga kritéria: kompléksitas handap, daya dukung luhur, jeung intake sedeng, ngan sakomponén anu mangaruhan kana kahontalna katuntasan maksimal 100, nyaéta intake sedeng. Jadi, guru bisa ngurangan peunteun jadi rentangan 90 – 80.

Tabel 8. 8 Conto KKM Nyarita

No.	Kompetensi Dasar dan Indikator	Kriteria Ketuntasan Minimal			Nilai KKM	
		Kriteria Penetapan Ketuntasan				
		Kompleksitas	Daya dukung	Intake		
1.	Dapat menafsirkan para pembicara dalam percakapan	Handap 1	Luhur 3	Sedeng 2	88,90	
2.	Dapat menyimpulkan topik	Handap	Sedeng	Sedeng	77,80	

No.	Kompetensi Dasar dan Indikator	Kriteria Ketuntasan Minimal			Nilai KKM	
		Kriteria Penetapan Ketuntasan				
		Kompleksitas	Daya dukung	Intake		
	percakapan	1	2	2		
3.	Dapat menyebutkan bagian-bagian isi percakapan	Luhur 3	Luhur 3	Sedeng 2	66,67	
4.	Dapat menafsirkan kalimat-kalimat kunci dalam percakapan	Handap 1	Luhur 3	Sedeng 2	88,90	

D. Kagiatan Diajar

Paripolah atawa Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kanca mitra séjénna.

E. Latihan/Pancén

Pék jawab atawa tétélakeun sakur pananya atawa paréntah ieu di handap!

1. Naon anu jadi kasang tukang ayana KKM?
2. Naon ari KKM téh? Saha anu kalibet dina nangtukeun KKM?
3. Kumaha léngkah-léngkah dina nangtukeun KKM?
4. Kumaha cara nangtukeun KKM dina Kurikulum 2013?
5. Contoan salahahiji KKM aspék nyarita dina KTSP!

F. Tingkesan

Kasang tukang ayana KKM téh nyaéta ku medalna Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomer 20 Taun 2007 an nétélakeun yén salahahiji prinsip peniléyan dina kurikulum tingkat satuan pendidikan (KTSP) nyaéta dumasar acuan kritéria. Peniléyan téh dumasar kana ukuran hontalan kompeténsi nu geus ditangtukeun. Ku kituna, satuan pendidikan kudu netepkeun Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM)

tiap mata pelajaran minangka dadasar dina meunteun hontalan kompeténsi pamilon atikan.

Ari KKM téh nyaéta kriteria ketuntasan belajar (KKB) anu ditangtukeun ku satuan pendidikan. Anu kalibet dina nangtukeun KKM téh nyaéta kapala sakola, wakasek kurikulum, tim pengembang kurikulum (TPK) sakola, jeung guru atawa MGMP.

Aya tilu perkara nu kudu dititénan dina nangtukeun KKM, nyaéta:

- a) Intake (kamampuh rata-rata murid atawa pamilon atikan (peserta didik);
- b) Kompléksitas (idéntifikasi indikator minangka tanda kahontalna kompeténsi dasar);
- c) Kamampuh daya pangdeudeul (anu oriéntasina kana sumber diajar).

Kritéria katuntasan belajar minimal (KKM) pikeun KI-3 jeung KI-4 nyaéta B-(2.66). Ku kituna, pamilon atikan dianggap can ngawasa KD anu diulikna lamun indikator peunteunna < 2.66 tina hasil tés formatif. Ari pikeun KI-1 jeung KI-2 pikeun sakumna mata pelajaran, nyaéta lamun profil sikep pamilon atikan umumna aya dina katégori alus atawa B (3.00) dumasar kana standar anu ditangtukeun ku satuan pendidikan.

G.Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disadiakeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawasa Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem Matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun Matéri kana Kagiatan Diajar 9. Tapi sabalikna, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui deres matéri dina Kagiatan Diajar 8, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KOMPETENSI PROFESIONAL:

**AKSARA SUNDA, CARITA PONDOK
JEUNG GUGURITAN**

KAGIATAN DIAJAR 9

AKSARA SUNDA

A. Tujuan

Masyarakat Sunda mibanda kakayaan nu ngawujud basa jeung aksara Sunda. Aksara Sunda dirundaykeun tina aksara Pallawa. Wangun aksara Suda sipatna silabis, nyaéta hiji aksara ngalambangkeun saengang. Ayeuna Saderék bakal diajar perkara aksara Sunda.

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 9, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh ngeunaan (1) wangenan jeung fungsi aksara Sunda; (2) raratan aksara Sunda; (3) tipologi aksara Sunda; (4) wangun aksara Sunda; (5) angka Sunda; jeung (6) rarangkén (pananda vokaliasi).

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi Hasil Diajar

Indikator kahontalna kompeténsi tina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) wangenan jeung fungsi aksara Sunda; (2) raratan aksara Sunda; (3) wangun aksara Sunda; (4) angka Sunda; jeung (5) rarangkén (pananda vokaliasi)

C. Pedaran Matéri

1. Wangenan jeung Fungsi Aksara Sunda

Aksara téh nyaéta sistem tanda-tanda grafis (tulisan) anu dipaké ku manusa pikeun komunikasi sarta ngawakilan omongan (Moeliono Spk., 1988:16). Ku kituna, aksara téh jadi gambaran sora ku gurat diringkel-ringkel nepi ka uni jeug kabaca (Danadibrata, 2009:11). Ari aksara Sunda nyaéta aksara nu dipaké ku urang Sunda anu dirundaykeun tina aksara Pallawa, nyaéta aksara nu dipaké nuliskeun basa India Kidul, anu béh dituna dirundaykeun tina aksara Brahmi, nyaéta aksara nu dipaké nuliskeun basa India Kuno. Mimitina mah aksara Sunda téh dipaké dina prasasti, piagam, jeung naskah kuno.


Aksara mangrupa salah sahiji ciri kamajuan adab sarta alat pikeun ngaronjatkeun kamekaran suku bangsa. Masarakat Sunda, saméméh wanoh kana aksara, kahirupan sapopoéna masih kaasup sederhana. Tapi sanggeus mikawanooh aksara, kahirupan masarakatna jadi leuwih ngaronjat tur maju. Aksara ogé, salian ti némbongkeun ‘*jati diri*’ tur ‘ajén diri’, bisa dianggap salaku ‘wates’ kahirupan manusa antara jaman ‘prasajarah’ ka jaman sajarah.

Aksara Sunda mangrupa aksara tradisi anu jadi ciri, jatidiri jeung kareueus sélér bangsa Sunda nu mibanda éta aksara. Aksara Sunda raket patalina jeung tilu perkara, nyaéta (1) aksara Sunda bakal langsung nyoko kana sélér bangsa Sunda anu mibanda éta aksara; (2) ayana kanyataan yén henteu sakumna bangsa di alam dunya mibanda sistem aksara sorangan; jeung (3) aksara Sunda mangupa sungapan pangwangunan jatidiri bangsa anu ayana jadi kareueus urang Sunda (Baidilah dkk., 2008:23).

2. Mapay Raratan Aksara Sunda

Aksara Sunda téh dirundaykeun tina aksara Pallawa, anu dirundaykeun tina aksara Brahmi. Sungapan tur kokocoran aksara nepi ka lahir aksara Sunda bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Bagan 9. 1 SARSILAH AKSARA SUNDA



Aksara Sunda meunang pangaruh tina aksara Pallawa ti India Kidul. Dina dasarna aya tilu wanda aksara Pallawa, nyaéta (1) Pallawa Awal, anu museur kana modél aksara Calukya jeung Venggi; (2) Pallawa Panuluy, anu museur kana modél aksara Pali (Ava jeung Siam) katut Kamboja; sarta (3) aksara Nagari, anu nyoko kana modél Déwa Nagari jeung Népal.

Aksara Pallawa Awal nyoko kana ciri-ciri aksara dina prasasti abad ka-3 nepi ka-5 Maséhi di India Kidul jeung Sri Langka. Ieu aksara téh kapanggih dina prasasti mangsa Tarumanagara saperti prasasti Ciaruteun atawa Kebonkopi I (\pm 450 M) jeung prasasti Tugu (\pm 450 M).

Aksara Pallawa Panerus dipaké dina prasasti abad ka-6 nepi ka ka-8 Masehi. Ieu aksara téh kapanggih dina prasasti Kebonkopi II, anu ngawawarkeun yén *Rakryan Juru Pangambat* dina taun *kawihaji panca pasagi* (458 Caka atawa 536 Masehi), ngeunaan ngalélérl tahta pikeun *Haji* ‘Raja’ Sunda.

Bukti dipakéna aksara jeung basa Sunda buhun kapanggih dina Prasasti Geger Hanjuang di Leuwisari Tasikmalaya. Satuluyna, dina mangsa Karajaan Sunda (mangsa Pakuan Pajajaran-Galuh, abad ka-8 nepi ka ka-16 Maséhi), jaba ti kapanggih prasasti jeung piagam (Geger Hanjuang, Sanghayang Tapak, Kawali, Batutulis, jeung Kabantenan), kapanggih ogé naskah-naskah anu jumlahna kaitung réa (*Carita Parahyangan*, *Fragmen Carita Parahyangan*, *Carita Ratu Pakuan*, *Kisah Perjalanan Bujangga Manik*, *Kisah Sri Ajnyana*, *Kisah Purnawijaya*, *Sanghyang Siksakandang Karesian*, *Sanghyang Raga Déwata*, *Sanghyang Hayu*, *Pantun Ramayana*, *Serat Déwabuda*, *Serat Buwana Pitu*, *Serat Catur Bumi*, *Séwaka Darma*, *Amanat Galunggung*, *Darmajati*, *Jatiniskala*, dana *Kawih Pningkes*.

Di Jawa Barat kungsi dipaké tujuh wanda aksara, nyaéta aksara Pallawa, Pranagari, Sunda Kuno, Jawa (Carakan), Arab Pégon, Cacarakan, jeung Latén. *Aksara Pallawa* jeung *Pranagari* (abad ka-5 nepi ka abad ka-7 Maséhi, kira-kira lilana tilu abad); *Aksara Sunda Kuno* (abad ka-14 nepi ka abad ka-18 Maséhi, kira-kira lilana lima abad); *Aksara Jawa* atawa *Cacarakan* (abad ka-11 jeung abad ka-17 nepi ka abad ka-19 Maséhi, kira-kira lilana opat abad); *Aksara Arab Pégon* (abad ka-17 nepi ka pertengahan


abad ka-20 Maséhi, kira-kira tilu abad); *Aksara Cacarakan* (abad ka-19 nepi ka pertengahan abad ka-20 Maséhi, kira-kira dua abad); jeung *Aksara Latén* (ahir abad ke-19 nepi ka ayeuna).

3. Wangun Aksara Sunda


Aksara Sunda kagolong kana aksara silabis lantaran saaksara ngalambangkeun saengang. Tangtu waé ieu aksara téh béda jeung aksara Latén anu sipatna fonétis lantaran tiap aksara ngalambangkeun sasora atawa aksara Cina nu sipatna logosilabis lantaran tiap aksara ngalambangkeun sakecap. Aksara Sunda aya opat wangun, nyaéta (a) aksara swara, (b) aksara ngalagena, (c) aksara angka, jeung (4) rarangkén (tanda vokalisasi).

a. Aksara Swara

Aksara swara nyaéta aksara anu kalawan silabis mibanda harokat sora vokal anu dina sistem aksara Sunda buhun jumlahna aya lima siki. Cara nulis aksara swara bisa diilikan tina gurat beureum dina wangan aksara.





Wangun aksara Sunda kaasup rarangkénna ditulis dina posisi rada déngdék antara 45° - 75° . Babandingan ukuran wangun aksara dasar nu mangrupa aksara swara ‘vokal’ umumna ditulis 4:4. Ukuran wangun aksara swara ébréh dina kotak-kotak ieu di handap.

**b. Aksara Ngalagena**

Aksara ngalagena nyaéta lambang sora anu disawang minangka foném konsonan anu kalawan silabis ngandung sora vokal /a/. Jumlah aksara Sunda ngalagena aya dalapan welas aksara, anu susunanana diluyukeun kana kalungguhan alat-alat ucapan (artikulasi-artikulator). Runtuyanana /ka ga nga ca ja nya ta da na pa ba ma ya ra la wa sa ha/.


Cara nulis aksara ngalagena bisa diilikan tina gurat beureum anu aya dina luhureun wangun aksarana ieu di handap.





Wangun aksara Sunda kaasup rarangkénna ditulis dina posisi rada déngdék antara 45° - 75° . Babandingan ukuran wangun aksara dasar aksara ngalagena umumna ditulis 4:4, iwal ti aksara ngalagena /ra/ nya éta 4:3, pikeun /syal/ nya éta 4:5, pikeun /ba/, /kha/, jeung /nya/ nya éta 4:6; sarta pikeun aksara sora /i/ /nya/ éta 4:3.

Ukuran wangun aksara ngalagena ébréh dina kota-kotak ieu di handap.







ja



nya



ta



da



na



pa



ba



ma



ya




ra



la



wa



sa




ha




fa



qa



va



xa



za

Pancén

Eusian kolom nu dikosongkeun ku bacaan jeung tulisan Latén anu bener!


Aksara Sunda	Aksara Latin	Aksara Sunda	Aksara Latin
ŋ		ŋ'	
ɿ		ɿ'	
ɻ		ɻ'	
ɬ		ɬ'	
ɻ̪		ɻ̪'	
ɬ̪		ɬ̪'	
ɻ̪̪		ɻ̪̪'	
ɬ̪̪		ɬ̪̪'	
ɻ̪̪̪		ɻ̪̪̪'	
ɬ̪̪̪		ɬ̪̪̪'	
ɻ̪̪̪̪		ɻ̪̪̪̪'	
ɬ̪̪̪̪		ɬ̪̪̪̪'	
ɻ̪̪̪̪̪		ɻ̪̪̪̪̪'	
ɬ̪̪̪̪̪		ɬ̪̪̪̪̪'	

Eusian kolom nu dikosongkeun ku aksara Sunda anu bener!


Aksara Latén	Aksara Sunda	Aksara Latén	Aksara Sunda
aba		bao	
ésa		bau	
éva		baeu	
iga		cai	
ika		cau	
ica		kai	
ita		jaé	
mata		waé	
mawa		saga	
maha		saka	
yana		sada	
yasa		saha	
raka		haja	
raga		hapa	
raca		hama	
raja		ana	
rata		apa	
rada		ama	
rama		aya	

c. Angka

Angka nyaéta lambang bilangan. Nuliskeun lambang angka puluhan, ratusan, jeung satulunna ditulis ngaruntuy ti “kénca ka katuhu”. Angka ditulis di antara dua gurat tegak [...] . Cara nuliskeun angka ku aksara Sunda ébréh ieu di handap.



Wangun aksara Sunda kaasup rarangkénna ditulis dina posisi rada déngdék antara 45°-75°. Babandingan ukuran wujud wilangan dasar dina umumna ditulis 4:4, iwal ti pikeun wilangan atawa angka /4/ jeung angka /5/ nya éta 4:3.



d. Tanda Vokalisasi (*Rarangkén*)

Lambang pananda vokalisasi aksara Sunda Buhun kabéhna aya 14 siki, anu cara nuliskeunana ditempatkeun di luhureun aksara, di handapeun aksara, atawa sajajar jeung aksara swara atawa aksara ngalagena boh di hareupeunana boh di tukangeunana.

(1) Rarangkén ditulis “di luhureun” Aksara Dasar

Rarangkén atawa tanda vokalisasi anu ditulis “di luhureun” lambang aksara dasar jumlahna aya 5 siki, nyaéta pamepet, paneuleung, panghulu, panglayar, jeung panyecek. Pamepet gunana pikeun ngarobah sora /a/ jadi sora /e/. Paneuleung gunana pikeun ngarobah sora /a/ jadi sora /eu/. Panghulu gunana pikeun ngarobah sora /a/ jadi sora /i/. Panglayar gunana pikeun nambahana sora /r/ di tungtung engang. Panyecek gunana pikeun nambahana sora /ng/ di tungtung engang. Sangkan leuwih jétré bisa diilikan dina tabél ieu di handap.

Tabel 9. 1 Tanda Vokalisasi di Luhureun Aksara Dasar

Lambang	Penanda Vokal	Kecap	Makéna
~ ---	e = pamepet	belet	
~ ---	eu = paneuleung	weureu	
~ ---	i = panghulu	siki	
~ ---	+r = panglayar	datar	
~ ---	+ng = panyecek	caang	

Cara nuliskeun rarangkén di luhureun aksara Sunda bisa bisa diilikan tina gurat beureum ieu di handap.



panghulu (i) pamepet (e) paneuleung (eu) panglayar (+r)

(2) Rarangkén nu ditulis “di handapeun” Aksara Dasar

Rarangkén atawa tanda vokalisasi anu ditulis “handapeun” lambang aksara dasar jumlahna aya 5 siki saperti ieu di handap.

Tabel 9. 2 Tanda Vokalisasi di handapeun Aksara Dasar

Lambang	Penanda Vokal	Kecap	Makéna
.. ..	u = panyuku	suku	𠂇𠂇𠂇
.. ..	+ra = panyakra	krama	𠂇𠂇𠂇
... ..	+la = panyiku	plak	𠂇𠂇𠂇

Panyuku gunana pikeun ngarobah sora /a/ jadi sora /u/. Panyakra gunana pikeun nambahana sora /r/ dina réndonan konsonan.


Cara nuliskeun rarangkén (panyuku, panyakra, jeung panyiku) di handapeun aksara Sunda bisa diilikan tina gurat beureum ieu di handap.




panyecek (+ng) panyuku (u) panyakra (+ra) panyiku (+la)




Ukuran wujud tanda rarangkén umumna ditulis 2:2, iwal ti *panyecek /+ng/ nyaéta 1:1, panglayar /+_r/ nyaéta 2:3,*




panghulu (i)



pamepet (e)



paneuleung (eu)



panglayar (+r)

(3) Vokalisasi Ditulis “Sejajar” dengan Aksara Dasar

Tanda vokalisasi yang ditulis “sejajar” dengan lambang aksara dasar berjumlah 5 buah sebagai berikut.

Tabel 9. 3 Tanda Vokalisasi sajajar jeung Aksara Dasar

Lambang	Penanda Vokal	Kecap	Makéna
z...	é = panéleng	béré	
...z	o = panolong	bodo	
...z	Ø = pamaéh	gadag	
...m	+h = pangwisad	gajah	
...y	+ya = pamingkal	gebyar	

Panéleng gunana pikeun ngarobah sora /a/ jadi sora /é/. Panolong gunana pikeun ngarobah sora /a/ jadi sora /o/. Pamaéh gunana pikeun ngaleungitkeun sora /a/ dina aksara ngalagena. Pangwisad gunana pikeun nambahana sora /h/ dina tungtung engang anu muka. Pamingkal gunana pikeun nambahana sora /y/ dina réndonan konsonan.

Cara nuliskeun rarangkén dina aksara Sunda bisa bisa diilikan tina gurat beureum dina luhureun angka ieu di handap.



panéleng (é)



panolong (o)



pangwisad (+h)




pamingkal (+ya)




pamaéh (ø)


Ukuran wujud tanda rarangkén umumna ditulis 2:2, iwal ti *panyecek /+ng/* nya éta 1:1, *panglayar /+ r/* nya éta 2:3, *panyakra /+ ral/* nya éta 2:4, *pamaéh* nya éta 4:2, jeung *pamingkal /+ya/* nya éta 2:4 (handap) sarta 3:2 (gigireun katuhu).




panyecek (+ng)




panyuku (u)




panyakra (+ra)




panyiku (+la)




panéleng (é)




panolong (o)



pangwisad (+h)



pamingkal (+ya)



pamaéh (ø)

Pancén

Eusian kolom nu dikosongkeun ku aksara Latén jeung aksara Sunda!

Aksara Sunda	Aksara Latén	Aksara Latén	Aksara Sunda
ବ୍ୟାର		bayar	
ବାନ୍ଧିର		banjir	
ବୁବାର		bubar	
କାରପନ		carpon	
କାପେ		capé	
ଦେକିଲ		dekil	
ଦେଉଳିନ		deulin	
ଦ୍ରାଚୁନ		dracun	
ଵିଶା		visa	
ଫଣେମ		foném	
ମଦ୍ୟା		madya	
ଗେଲୁଙ୍ଗ		gelung	
ହେସିଲ		hesil	
ହେସେପ		haseup	
ଲୋହ		loah	
ିଙ୍କେଉନ		ingkeun	
ଜେବ୍ରୁଡ		jebrud	
ଜେପ୍ରୁଟ		jeprut	

5. Nulis jeung Maca Aksara Sunda

a. Nulis Aksara Sunda

Dina Kagiatan Diajar IX, Sadérék geus diajar ngeunaan wangun aksara Sunda, anu ngawengku aksara swara, aksara ngalagena, angka, jeung rarangkén (tanda vokalisasi). Titénan kalimah-kalimah ieu di handap sarta conto salinanana dina aksara Sunda.

- 1) Jaja angkat balanja ka pasar.
- 2) Di gigireun masjid aya imah Pa Haji.
- 3) Dudung subuh-subuh tuturubun mulung dukuh.
- 4) Calana merecet mah hésé maké hésé ngalaan.
- 5) Kudu dipikir dibulak balik dibeueweung diutahkeun.
- 6) Otong bongkok nyonyoo londok di kolong.
- 7) Euleuh-euleuh beuheung ceuceu ceuleugeug.
- 8) Manéhna bulak=balik ka tukang ka hareup.
- 9) Satungtung ngajugjug ngidul, kalér deui kalér deui.
- 10) Ka lihir ka girang siga nu euweuh kacapé.

Kalimah (1)-(10) di luhur, lamun disalin kanan aksara Sunda saperti ieu di handap!

|I| **Ila** **la** **la** **la** **la** **la** **la** **la** **la** **la** **la**.

|E| **E** **E**.

|A| **A** **A**.

|U| **U** **U**.

|O| **O** **O**.

|I| **I** **I**.

|E| **E** **E**.

|A| **A** **A**.

|U| **U** **U**.

|O| **O** **O**.

b. Maca Aksara Sunda

Ieu di handap aya paragraf nu ditulis ku aksara Sunda. Pék titénan, tuluy ilikan salinanana dina aksara Latén.

Pék baca ieu paragraf dina aksara Sunda:

ମାତ୍ରାଙ୍କି, “ଶବ୍ଦମାତ୍ରାଙ୍କି”

**ଅନ୍ଧ ଗୁରୁତ୍ବ କାମି, ମାତ୍ରାଙ୍କି,
ପ୍ରମାତ୍ରା-ଗୁରୁତ୍ବ, ଓ କେତ୍ରମାତ୍ରାଙ୍କି,
ଧୂର ଶବ୍ଦମାତ୍ରାଙ୍କି,
ଶ୍ରୀଶବ୍ଦମାତ୍ରାଙ୍କି, ଏବଂ ଶବ୍ଦମାତ୍ରାଙ୍କି,
ଫଳ ମାତ୍ରାଙ୍କିପା, ମାତ୍ରାଙ୍କି,
ମାତ୍ରାଙ୍କି କାମି, ପାତ୍ରମାତ୍ରାଙ୍କି, ବ୍ୟାକ୍ରମି,
ଗୁରୁତ୍ବ ଲେ ମାତ୍ରାଙ୍କିମାତ୍ରାଙ୍କି,
ଅନ୍ଧ କହିଗି, କାହାକୁ ଶବ୍ଦମାତ୍ରାଙ୍କି,
ଶବ୍ଦମାତ୍ରାଙ୍କି ମାତ୍ରାଙ୍କି ହି ମାତ୍ରାଙ୍କି ମାତ୍ରାଙ୍କି**

Hasil maca dina aksara Latén:

Sinom “Mipit Béntang”

Asa kungsi ningal béstang,
Kucap-kiceup di wiati,
Duka ngiceupan ka saha,
Gereget ku hayang mipit,
Barang diteuteup deui,
Béntang geus kasaput awun,
Kiceup nu sajorélat,
Asa matak gandrung teuing,
Harianeun bétang teu lana ngiceupan.

Pancén

a. Latihan Nulis jeung Maca Aksara Sunda

Salin kana aksara Sunda kalimah ieu di handap!

- 1) Ka mana bapa angkatna?

.....

- 2) Ti iraha bibi aya di Bandung?

.....

- 3) Asupkeun buku téh kana lomari!

.....

- 4) Haji Abud téh jalma nu beurat beunghar.

.....

- 5) Kudu dibeuweung diutahkeun heula.

.....

b. Salin ieu kalimah dina aksara Sunda kana aksara Latén!

|**E**| **ɛ̄** **ɛ̄** **ɛ̄** **ɛ̄** **ɛ̄** **ɛ̄** **ɛ̄** **ɛ̄** **ɛ̄**.

|**Z**| **ɔ̄** **ɔ̄** **ɔ̄** **ɔ̄** **ɔ̄** **ɔ̄** **ɔ̄** **ɔ̄** | **ɔ̄** | **ɔ̄** **ɔ̄**.

|**I**| **ī** **ī** **ī** **ī** **ī** **ī** **ī** **ī** **ī** **ī**?

|**U**| **ū** **ū** **ū** **ū** **ū** **ū** **ū** **ū** **ū**.

|**A**| **ā**, **ā**, **ā**, **ā**, **ā**, **ā**, **ā**, **ā**, **ā**!

.....
.....
.....
.....
.....

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan atawa aktivitas diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna hasil diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung Tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa sawala (diskusi) jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan

- 1) Ti mana sungapanana ari aksara Sunda téh?
- 2) Dina naon waé aksara Sunda dipakéna?
- 3) Aksara naon waé nu kungsi tumuwuh jeung dipaké ku masarakat Sunda?
- 4) Rarangkén (pananda vokalisasi) naon waé anu cicingna luhureun aksara swara atawa aksara ngalagena?
- 5) Salin kana aksara Sunda?
 - a) Barata ngala kalapa ka Majalaya.
 - b) Nini Icih indit ti pipir malibir.
 - c) Dudung tuturubun mulung dukuh.
 - d) Ema mawa congkrang ti dapur.
 - e) Kota Bandung téh asalna mah tina kota madya.
 - f) Dédé téh méré gé hésé kékéd mengkéné cap jahé buntut kasiran.

F. Tingkesan

Aksara mangrupa salah sahiji ciri kamajuan adab sarta alat pikeun ngaronjatkeun kamekaran suku bangsa. Nepi ka kiwari ku urang masih kasaksén di sawatara masarakat, aya nu masih nganggap yén modél aksara tradisional nu sumebar di kalangan masarakat Sunda sarua wanguetta jeung modél aksara nu sumebar di kalangan masarakat Jawa, nu katelah *aksara Cacarakan*.

Di Tatar Sunda kapanggih aya genep modél aksara nu kungsi digunakeun ku masarakatna, nya éta: aksara *Pallawa, Nagari, Jawa Kuno, Sunda Kuno, Arab (Pégon), Cacarakan (Jawa-Sunda)*, jeung *Latin*.

Ari aksara Sunda nyaéta aksara nu dipaké ku urang Sunda anu dirundaykeun tina aksara Pallawa, nyaéta aksara nu dipake nuliskeun basa India Kidul, anu béh dituna dirundaykeun tina aksara Brahmi, nyaéta aksara nu dipaké nuliskeun basa India Kuno. Mimitina mah aksara Sunda téh dipaké dina prasasti, piagam, jeung naskah kuno.

Aksara Sunda kagolong kana aksara silabis lantaran saaksara ngalambangkeun saengang. Béda jeung aksara Latén anu sipatna fonétis lantaran tiap aksara ngalambangkeun sasora. Aksara Cina nu sipatna logosilabis lantaran tiap aksara ngalambangkeun sakecap. Aksara Sunda aya opat wangu, nyaéta (a) aksara swara, (b) aksara ngalagena, (c) aksara angka, jeung (4) rarangkén (tanda vokalisasi).

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana bahan ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem bahan ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana Kagiatan Diajar 10. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui jeung deres bahan dina Kagiatan Diajar 9, pangpangna bahan nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 10

WANGUN JEUNG STRUKTUR CARITA PONDOK

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar 10, Sadérék dipiharep meunang kamampuh ngeunaan (1) wangenan carita pondok; (2) ciri-ciri carita pondok; (3) kamekaran carita pondok; jeung (4) wangun jeung unsur intrinsik carita pondok.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi dina ieu kagiatan diajar, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) wangenan carpon; (2) ciri-ciri carpon; (3) kamekaran carpon; jeung (4) wangun jeung unsur intrinsik carpon.

C. Pedaran Matéri

1. Watesan Carita Pondok

Carita pondok (carpon) téh mangrupa karangan prosa fiksi anu wanganne pondok (Atmazaki, 1990:28). Minangka salahajiji wangun karya sastra, carita pondok kagolong kana karya imajinatif anu ciri hasna hayalan, maké basa anu sipatna konotatif, tur nyumponan konvénsi éstétika (Sumardjo & Saini KM., 1984:18).

Carita pondok téh nyaéta carita rékaan (fiksi) tina tingkah laku manusa anu nyaritakeun kahirupan masarakat atawa manusa sapopoé anu méré kesan lir enya-enya kajadian. Eusina biasana teu leupas tina ajén atikan jeung moral pikeun pieunteungeun atawa picontoeun hususna anu macana.

Sumarsono (1986) nétélakeun yén carita pondok téh nyaéta karangan fiksi dina basa lancaran, hartina naon-naon anu dicaritakeun ku pangarang téh henteu kudu enya-enya kajadian ku dirina. Tapi sok sanajan mangrupa fiksi, carpon téh kudu nyindekel kana réalita. Réalitas téh mangrupa kanyataan sapopoé nu kaharti ku akal.

2. Ciri-ciri Carita Pondok

Unggal carita miboga ciri anu mandiri anu ngabédakeun jeung karya lianna. Carita pondok ngabogaan ciri-cirina nu mandiri. Sumardjo (1980) nyebutkeun yen carita pondok teh wangun fiksina pondok, sifat caritana naratif, lain argumentatif, carita fiksi tapi kudu réalistic mangrupa hiji kajadian.

Tarigan (1994:177-178) nyebutkeun sapuluh ciri carita pondok, nyaéta (1) wangun fiksina pondok; (2) sifat caritana naratif; (3) mangrupa karangan fiksi; (4) eusi carita umumna réalistic; (5) mangrupa hiji kajadian; (6) basana singget tapi munel, seukeut, sugestif jeung ngirut; (7) eusina kudu numuwuhkeun efek ka nu maca; (8) caritana ngandung harti interpretasi pangarang kana hiji kajadian; (9) caritana ngalalakonkeun tokoh utama; jeung (10) jumlah kecapna kawatesanan.

3. Kamekaran Carita Pondok

Carita pondok mimiti aya dina pajemuhan sastra Sunda dina majalah *Parahiangan*, ahir taun 1920-an. Ari kumpulan carita pondok anu munggaran dina basa Sunda nya éta *Dog-dog Pangréwong* karangan G.S. anu medal taun 1930. Jadi leuwih ti heula genep taun, upama dibandingkeun jeung buku carita pondok munggaran dina sastra Indonésia, *Téman Duduk* karangan M. Kasim, anu terbit taun 1936.

Ceuyahna carita pondok dina sastra Sunda pangpangna sabada merdéka. Sumebarna umumna ngaliwatan majalah-majalah jeung suratkabar Sunda. Nepi ka kiwari henteu robah, umumna carita pondok mah sumebar ngaliwatan majalah jeung suratkabar. Upama aya buku kumpulan carita pondok anu medal, méh saratus persén carita pondokna téh kungsi dimuat dina salahahiji majalah atawa suratkabar.

Aya sawatara buku kumpulan carita pondok katut pangarangna atawa nu ngumpulkeunana, nyaéta: (1) Aam Amilia: *Panggung Wayang*; (2) Abdullah Mustappa: *Nu Teu Kungsi Kalisankeun*; (3) Ahmad Bakri: *Ki Mérébot*, Ayatrohaédi: *Hujan Munggaran*; (4) Caraka (sandiasma Wiranta): *Néangan*; (5) Éddy D. Iskandar: *Tali Asih anu Nganteng, Lembur Singkur Panineungan*; (6) Godi Suwarna: *Murang-marling, Serat Sarwasatwa*; (7) I. Asikin: *Nu Tepung di Imah Dukun*; (8)

Iskandarwassid: *Halimun Peuting*; (9) Karna Yudibrata: *Kanyaah Kolot*; (10) Ki Umbara: *Diwadalkeun ka Siluman*; (11) Kis WS: *Mirah Dalima*; (12) Maman MS: *Tamba Hanaang*; (13) R.A.F. (Rahmatullah Ading Affandi): (14) *Carita Biasa, Dongéng Énténg ti Pasantré*; (15) Rusman Sutiasumarga: *Papacangan*; (16) Taufik Faturrohman: *Kun Fayakun*; (17) Tini Kartini: *Nyi Karsih, Paséa, jeung Jurig*; (18) Usép Romli HM: *Jiad Ajéngan, Ceurik Santri*; (19) Yus Rusyana: *Di Luhureun Jukut Reumis, Jajatén Ninggang Papastén*.


Salian ti éta, aya antologi carita pondok, nya éta *Kanjut Kundang* (dihijiikeun jeung puisi katut sempalan novel) beunang Ajip Rosidi jeung Rusman Sutiasumarga, *Sawidak Carita Pondok* dikumpulkeun ku Duduh Durahman, Abdullah Mustappa, jeung Karno Kartadibrata, *Guriang Tujuh*, kumpulan karya parapangarang wanita “patrem”, *Petingan*, beunang Duduh Durahman, *Salumar Sastra* (dihijiikeun jeung puisi katut ésséy), mangrupa kumpulan pinunjul “Hadia Sastra LBSS”.

4. Unsur Intrinsik Carita Pondok

Unsur intrinsik mangrupa unsur-unsur anu ngawangun karya sastra. Unsur-unsur intrinsik karya sastra winangun prosa bisa dipaké ku carpon. Dina umumna mah unsur-unsur carpon téh ngawengku tokoh jeung watekna; galur (*plot*) nu patali jeung téhnik nyaritakeun (penceritaan); latar (*setting*) anu nyoko kana tempat, waktu, jeung suasana; téma, amanat atawa pesan; puseur sawangan jeung puseur carita; jeung gaya basa (Sudjiman,1992:103).

Robert Stanton (1965:11,25) nyebutkeun tilu unsur intrinsik, nyaéta (1) fakta carita (galur, tokoh, jeung latar), (2) téma, katut (3) sarana sastra (*literary devices*) saperti puseur sawangan (*point of views*), gaya, jeung judul. Baganna kieu.

Bagan 10.1 Unsur Instrinsik Prosa Fiksi



a. Téma jeung Amanat Carita

Téma mangrupa ideu tina hiji carita. Nya téma anu ngadadasaran ayana carita sarta jadi pamiangan pangarang dina midangkeun karya rékaan anu diciptana (Aminuddin, 2002:107-108). Téma téh nyaéta inti pikiran atawa puseur implengan pangarang. Pikeun nangtukeun hiji téma, urang kudu maca éta carita sagemblengna. Upamana baé téma cinta, kapahlawanan, kulawarga, atikan, lingkungan hirup, jeung sajabana.

Téma raket patalina jeung amanat. Dina manggihan téma, nu maca saenyana bisa manggihan ajén-inajén didaktis nu patali jeung masalah manusa katut kamanusaan sarta hirup jeung kahirupan. Kapanggihna ajén-inajen téh ilaharna rupa-rupa gumantung kana daya tafsir nu macana (Aminuddin, 2002:110).

Amanat nyaéta gagasan anu ngadadasaran karya sastra; pesen anu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu macana. Dina karya sastra modéren, amanat téh biasana nyamuni, ari dina karya sastra buhun mah umumna amanat téh nembrak (Siswanto, 2008:162). Amanat nyarankeun ajaran moral atawa hadé-goréng anu bisa ditarima umum perkara kalakuan, sikep, kawajiban, ahlak, budi pekerti, jeung susila.

b. Fakta Carita

1) Tokoh Carita

Palaku atawa tokoh carita nyaéta ngaran-ngaran, boh jalma boh sasatoan, anu ngalakon dina carita. Loba saeutikna palaku dina carita, gumantung kana kabutuh caritana baé. Umumna palaku dina carita pondok saeutik. Pasipatan hiji jalma raket patalina jeung kaayaan sosialna.

Dumasar kana kalungguhanana dina carita, palaku téh bisa dibagi jadi tilu rupa, nyaéta:

- (a) Palaku utama (*protagonist*), nyaéta palaku anu nyekel peran ti awal nepi ka ahir. Tokoh protagonis biasana ngabogaan karakter anu pikaresepeun, pikayungyuneun, atawa bageur.
- (b) Palaku kadua (*antagonis*), nyaéta palaku anu marengan atawa jadi lawan palaku utama. Tokoh antagonis karakterna biasana réhé, pikasebeleun, anu cindekna mah tokoh anu jahat.

- (c) Palaku tambahan nyaéta palaku anu peranna teu pati penting, biasana dipikabutuh pikeun ngalancarkeun carita, ngahirupkeun suasana, nonjolkeun karakter palaku utama atawa palaku tambahan, malah bisa jadi ngan ukur ngaliwat wungkul.

Nurgiyantoro (2007:177-194) nyebutan sababaraha rupa tokoh anu aya dina carita saperti ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabel 10.1 Wanda Tokoh

Papasingan	Wanda Tokoh
Dumasar kana tahapan atawa peran palaku dina mekarkeun galur carita	Tokoh utama jeung tokoh panambah
Dumasar kana fungsi tagog tokoh.	Tokoh protagonis jeung tokoh antagonis
Dumasar kana cara midangkeun tokoh katut watekna.	Tokoh datar (sederhana) jeung tokoh ruwed tur buleud
Dumasar kana mekar henteuna watek tokoh.	Tokoh statis jeung tokoh mekar.
Dumasar kana ngeunteungkeun tokoh carita	Tokoh tipikal jeung tokoh nétral

Pikeun ngagambarkeun watek tokoh, biasana pangarang ngagunakeun dua téhnik, nyaéta (1) téhnik pedaran jeung (2) téhnik ragaan (Abrams, dina Nurgiyantoro, 2007:194). Dina téhnik pedaran digambarkeun kalawan langsung tur wincik ngeunaan tokoh carita saperti jatidiri, sipat, watek, paripolah, malah ciri warugana tur dianalisis data-datana ngeunaan hadirna tokoh. Dina téhnik ragaan digambarkeun watek tokoh ku cara teu langsung saperti ku paguneman tokoh. Éta dua téhnik téh bisa digunakeun babarengan nepi ka ngalahirkeun téhnik campuran.

2) Galur (Plot) Carita

Galur mangrupa runtulan carita anu diwangun tina tahapan kajadian nepi ka ngawujud gunggungan carita nu dimunculkeun ku tokoh carita. Galur minangka runtulan kajadian dina karya sastra pikeun ngahontal éfék nu tangtu (Sudjiman, 1992). Éta runtulan carita téh bisa diwujudkeun ku runtulan waktu bisa ku runtulan sabab-akibat. Galur diwangun ku sababaraha unsur, nyaéta:

- (a) *Bubuka atawa manggalasastra (éksposisi)*, anu nyaritakeun latar tempat, waktu, katut palakuna. Minangka ngawanohkeun anu rék ngalalakon katut kasang tukang séjénna anu dianggap perlu.

- (b) *Muncul masalah (konflik)*, anu nyoko kana masalah bisa timbul antara palaku utama jeung palaku kadua, jeung lingkunganana, atawa anu timbul ti diri si palaku utamana sorangan.
- (c) *Masalah muncer (klimaks)*, anu nyoko kana masalah mimiti ngarékaan, ngalobaan, atawa ngajeroan nepi ka muncerna.
- (d) *Ngaréngsékeun masalah (anti-klimaks)*, anu nyoko kana masalah nu aya mimiti diréngsékeun. Carana ogé bisa rupa-rupa, luyu jeung tungtutan carita. Upamana waé ku ngaleungitkeun hal anu jadi masalah téa.
- (e) *Pungkasan carita (denouement)*, anu nyoko kana pungkasan carita mangrupa tungtung kajadian carita. Rupaning rusiah geus kabuka, nu hianat geus katohyan, pacengkadan geus lubar, jeung kapanasaran geus dilakonan.

Henteu salawasna galur carita téh ngaguluyur saperti kitu. Ku kituna, aya rupa-rupa galur carita, di antarana waé:

- (1) galur marélé, nyaéta galur carita anu ngaguluyur ti bagian ka bagian, ti mimiti manggalasastra nepi ka pungkasan carita.
- (2) galur bobok tengah nyaéta galur carita anu teu ngagunakeun bubuka, tara ngawanohkeun heula anu ngalalakon, ujug-ujug dibawa ka tengah-tengah carita. Sakapeung pungkasan caritana ogé tara aya deuih, kudu dikira-kira ku nu maca.
- (3) galur mundur (*flashback*) nyaéta galur carita anu dimimitian ku bagian pamungkas. Bagian saterusna mangrupa runtulan kajadian anu nerangkeun atawa jadi pamuka pungkasan carita anu geus diheulakeun téa.

3) Latar (Setting) Cerita

Aminuddin (2002:62) nétélakeun yén *setting* minangka latar kajadian dina karya fiksi boh mangrupa tempat, waktu boh kajadian, sarta mibanda fungsi fisikal jeung fungsi psikologis. Latar carita bisa tempat umum, waktu kasajarahana, jeung kabiasaan masarakat dina babagan carita.

c. Sarana Sastra

Puseur Sawangan

Puseur implengan (*point of view*) mangrupa tempat sastrawan nyawang caritana. Tina éta tempat sastrawan nyaritakeun tokoh, kajadian, tempat, jeung waktu ku gayana sorangan (Siswanto, 2008:181). Puseur sawangan aya bédana jeung puseur carita (fokus pengisahan). Puseur sawangan nyaritakeun fungsi

pangarang (pencerita) dina hiji carita, ari puseur carita masualkeun tokoh mana anu dipentingkeun ku pangarang.

Keraf (1992:192) ngabagi puseur sawangan jadi dua rupa, nyaéta puseur sawangan jalma kahiji (*kuring*) jeung puseur sawangan jalma katilu (*manéhna*). Puseur sawangan jalma kahiji nyoko kana narator salaku tokoh utama, narator salaku panitén, jeung narator salaku panitén langsung.

5. Basa dina Carita Pondok

Basa dina carita pondok mangrupa eunteung kaéndahan nu sipatna hayalan (réfléksi artistik imajinatif) pangarangna kana réalitas kehirupan. Harti saujratna (dénotatif) kekecapanana diimbangan ku harti injeuman (konotatif) pikeun nimbulkeun éfék jeung kesan (imprési) éndah tur pikatajieu.

Unsur gaya basa dina carita nyoko kana dua maksud. *Kahiji*, raket patalina jeung basa injeuman saperti gaya basa rarahulan, rautan, ngupamakeun, ngasor, meupeuh lemes, jeung ocon dina ngarakit carita. *Kadua*, gaya kedaling pangarang dina caritana. Upamana waé, aya gaya Yus Rusyana, Karna Yudibrata, jeung Iskandarwassid.

Judul Carita

Judul atawa titél mangrupa étikét, labél, mérek, atawa ngaran anu dipaké ku karangan. Judul téh gedé gunana pikeun mikat kapanasaran nu maca kana pasualan nu keur dicaritakeun. Judul sipatna simbolis tur mangrupa slogan anu midangkeun topik dina wangun nu pikatajieu. Judul kudu saluyu tur ngawakilan sageblengna eusi karangan. Dijieunna samémeh atawa sanggeus karangan réngsé (Sudaryat, 2007:132).

Pancén

Baca carpon nu judulna “Néng Yaya Gering Panas” karya Karna Yudibrata ataw carpon Sunda séjénna, tuluy jawab pananya ieu di handap!

1. Naon téma jeung amanatna éta carpon téh?
2. Saha palaku dina éta carpon téh? Kumaha watekna?
3. Di mana, iraha, jeung kumaha suasana kajadian dina éta carpon?
4. Puseur sawangan naon nu dipaké ku pangarang dina éta carpon?
5. Kumaha galur caritana éta carpon téh?

6. Ngarang Carita Pondok

Ari ngarang téh ilaharna nyoko kana istilah nulis karya sastra. Dina dasarna ngarang téh mangrupa kagiatan nepikeun pesen (gagasan, pikiran, rasa, jeung kahayang) ti nu ngarang ka nu maca ku médium basa. Ngarang mangrupa kagatan rohani jeung kagiatan jasmani. Dina waktu ngarang sastra, daya pikir, rasa, jeung wangwangan babarengan ngahiji jadi nu dirarasakeun tur dirékacipta jadi perkara anyar. Lantaran nyipta perkara anyar, kagiatan ngarang téh mangrupa kagiatan kréatif. Kagiatan kréatif bédha jeung kagiatan niru atawa nepikeun deui anu ngahasilkeun tiruan atawa citakan. Kagatan sastra lain kagiatan niru, tapi mangrupa kagiatan nyipta (Rusyana, 1982:4).

Ngarang carita pondok kagolong kana kagiatan nyipta karya sastra. Aya sawatara léngkah dina ngarang carita pondok (Saputra, 2015), nyaéta: (1) Kumpulkeun sababaraha gagasan pikeun sumber carita; (2) Mimitian ku dadasar carita pondok; (3) Téangan inspiriasi ti jalma-jalma nu aya di sabudeureun urang;. (4) Pikawanoh watek tokoh anu rék dicaritakeun; (5) Tangtukeun saha anu bakal caculara; (6) Ngéntép seureuhkeun pikiran; (7) Mimiti ngarang; (8) Kalimah mimiti nu pikatajieu; (9) Carita sina ngamalir sorangan; (10) Teu weléh nulis; jeung (11) Nyunting karangan.

Jaba ti éta, aya nu kudu disingkahan dina ngarang carita pondok. Hal-hal anu kudu disingkahan dina ngarang carita pondok, di antarana waé: (1) aya carita dina jero carita; (2) dadaran carita kaleuleuwih; (3) teu écés saha nu caculara; (4) réa teuing tokoh nu diangkat; (5) amanat dina carpon teu katepikeun; (6) réa teuing ngagunakeun gaya basa; 7) karangan acak-acakan.

Latihan

Pék ayeuna Sadérék ngarang carpon!

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan Diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator hontalan diajar.
2. Baca pedaran Matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran Matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung Tingkesan Matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kancamitra séjéenna.

E. Latihan/Pancén

Jawab atawa tétélakeun sakur pananya jeung paréntah ieu di handap!

1. Naon waé ciri-cirina karya sastra nu disebut carpon téh?
2. Naha carpon téh asli sastra Sunda? Ti mimiti iraha gelarna carpon?
3. Naon waé anu kagolong kana unsur-unsur galur carita?
4. Naon sasaruaan katut bédana antara téma jeung amanat?
5. Kumaha ari basa dina carita pondok?

F. Tingkesan

Carita pondok nyaéta karangan fiksi pondok dina basa lancaran. Naon-naon anu dicaritakeun ku pangarang téh henteu kudu enya-enya kajadian ku dirina. Sanajan mangrupa fiksi, carpon téh kudu nyindekel kana réalitas atawa kanyataan sapopoé.

Kumpulan carita pondok Sunda nu judulna *Dogdog Pangréwong* karya G.S. (1930) kaasup kumpulan carpon nu munggaran di Indonesia, malah genep taun leuwih ti heula batan kumpulan carpon *Teman Duduk* karya M. Kasim (1936).

Carita pondok mibanda tilu unsur intrinsik, nyaéta (1) téma, (2) fakta carita (galur, tokoh, jeung latar), katut (3) sarana sastra (puseur sawangan, gaya, jeung judul).

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap ngawas Sadérék kana Matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Nyangkem} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap nyangkem Matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun Matéri kana Kagiatan Diajar XI. Tapi, lamun tahap nyangkem Sadérék kurang ti 80%, pék balikan jeung deui deres Matéri dina Kagiatan Diajar X, pangpangna Matéri nu can dicangkem.

KAGIATAN DIAJAR 11

WANGUN JEUNG STRUKTUR GUGURITAN

A. Tujuan

Saréngséna ngulik Kagiatan Diajar XI, Sadérék dipiharep mibanda kamampuh pikeun ngajéntrékeun (1) wangenan guguritan; (2) pupuh minangka dasar nganggit guguritan; (3) wangun guguritan; jeung (4) struktur guguritan.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator Kahontalna Kompeténsi Kagiatan Diajar XI, nyaéta bisa ngajéntrékeun (1) wangenan guguritan; (2) pupuh minangka dasar nganggit guguritan; (3) conto wangun guguritan; jeung (4) struktur guguritan.

C. Pedaran Matéri

1. Sajarah Guguritan

Kecap ‘gurit’ asalna tina basa Sangsekerta gurit anu hartina nyusun karangan, dina basa Sunda aya istilah ngagurit atawa ngadangding, ari hartina sarua baé nyaéta némbongkeun pagawéan ngaréka atawa nyusun karangan wangun dangding. Dina mangsa saméméh perang, siswa di Sakola Angka II jeung utamana Sakola Guru (*Normalschool*) diajarkeun nembang jeung nulis guguritan, nu matak maranéhna parigel lain ngan saukur ngahariringkeun saluyu jeung lagu pupuh, tapi bisa nyusun guguritan ku sorangan deuih. Dina mangsa sabada perang, dangding jeung cara nembang teu diajarkeun sacara inténsif. Ku kituna, guguritan leungit popularitasna, iwal di kalangan ahli tembang tapi éta ogé ngan ukur kawatesan ku ngapalkeun guguritan nu geus aya.

Guguritan nyaéta unggara sastra wangen dangding atawa pupuh anu sok disebut wawacan. Sanajan guguritan biasana dipaké pikeun dangding anu teu panjang tur biasana ngébréhkeun rasa si pangarang atawa mangrupa naséhat, sedengkeun wawacan mah mangrupa carita, tapi teu saeutik guguritan nu panjangna leuwih ti wawacan. Upamana, guguritan karya H. Hasan Mustapa (1852-1930) aya nu panjangna nepi ka 500 pada, réréana

panjangna kurang leuwih 200 pada. Sabalikna, réa wawacan anu ngan ukur saratus/dua ratus pada. Kitu deui, aya guguritan anu eusina mangrupa carita, kyaning "Kiamat Leutik" karya Toebagoes Djajadilaga atawa "Nu Alus Tetep Alusna" karya A. Kartawinata (Rosidi:2011).

Ari H. Muhammad Musa nyieun dangdinganna Wulangkrama, Wulang Guru, jeung Wulang Murid anu eusina naséhat tur panjangna masing-masing ngan ukur wewelasan jeung lilikuran pada. Jadi, umumna mah bédana guguritan jeung wawacan téh sok dumasar kana panjang-pondokna baé, salian ti gumantung kana kahayang nu nganggitna téh. Nu panjang mahi sabukueun disebut wawacan, sanajan eusina henteu ngalalakon, sabalikna nu pondok disebut guguritan sanajan ngalalakon. Sumebarna ngan sacara lisan; pada ngapalkeun atawa disténsil pikeun lingkungan husus.

2. Harti guguritan

Guguritan nyaéta unggara sastra anu winangun *dangding* atawa *pupuh*. Guguritan biasana dipaké nyebut dangding anu henteu panjang tur biasana ngagambarkeun rasa lirik anu nulisna atawa mangrupa naséhat.

Guguritan kagolong kana karangan ugeran dina wangun puisi heubeul. Pangna disebut karangan ugeran lantaran kaiket ku patokan anu tangtu, nyaéta patokan pupuh. Rusyana (2002) nyebutkeun yén guguritan nyaéta karangan pondok anu disusun maké patokan pupuh. Ari ceuk Rosidi (2011) mah, guguritan nyaéta jejer anu dijieu dangding. Ari dangding nyaéta beungkeutan puisi nu geus tangtu pikeun ngagambarkeun hal-hal nu geus tangtu ogé.

Iskandarwassid nyebutkeun yén guguritan téh nyaéta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Nurutkeun wanguananana, guguritan kaasup wangun ugeran, nyaéta kauger ku patokan pupuh. Biasana mah ukur diwangun ku hiji pupuh. Dibacana biasana mah dihariringkeun make lalaguan anu geus matok keur pupuh éta. Atawa ngahaja jadi rumpaka dina pagelaran seni tembang Cianjur.

Guguritan téh geus lila gelarna dina sastra Sunda. Ti abad ka-19 geus loba anu nganggit guguritan. Taun 1822-1866 R. Haji Muhammad Musa nganggit

Wulang Krama; taun 1865. R.A. Bratadiwijaya nganggit Asmarandana Lahir Batin; taun 1892 Haji Hasan Mustapa nganggit welasan rebu pada guguritan, upamana waé *Kinanti Ngahurun Balung, Asmarandana Babalik Pikir, Sinom Pamulang Tarima, Dangdanggula Pamolah Rasa*.

3. Bédana Guguritan jeung Wawacan

Umumna mah bédana guguritan jeung wawacan téh sok dumasar kana panjang-pondokna baé, salian ti gumantung kana kahayang nu nganggitna téh. Nu panjang mahi sabukueun disebut wawacan, sanajan eusina henteu ngalalakon, sabalikna nu pondok disebut guguritan sanajan ngalalakon. Guguritan mah wangun sastra anu kauger ku aturan pupuh sarta didangdingkeun jeung sipatna *deskriptif*; ari wawacan mah wangun sastra anu sipatna *naratif* sarta diwangun ku sababara pupuh.

Tabel 11. 1 Babandingan Guguritan jeung Wawacan

Guguritan	Wawacan
Sipatna deskriptif	Sipatna naratif
Karangan pondok	Karangan panjang
Réana ngan diwangun ku hiji pupuh	Diwangun ku sababaraha pupuh gumantung kana carita nu dipedarna

Cindekna, guguritan mangrupa karangan pondok anu diwangun make ku aturan hiji pupuh. Lalobana pupuh anu dipaké nyaéta sekar ageung. Guguritan *sipatna deskriptif* jeung ilharna pondok sabab hiji guguritan biasana ngan diwangun ku hiji wanda pupuh.

4. Pupuh dina Guguritan

Pupuh KSAD (Kinanti, Sinom, Asmarandana, Dangdanggula) disebut sekar ageung. Ari sésana disebut sekar alit.

- a) **Asmaranda:** Watekna silih asih, silih pikanyaah, atawa mepelingan. Aturanana: 8-i, 8-a, 8-é/o, 8-a, 7-a, 8-u, 8-a.
- b) **Balakbak:** Watekna pikaseurieun atawa banyol. Aturanana: 15-é, 15-é, 15-é).
- c) **Dangdanggula:** Watekna bungah atawa agung. 10-i, 10-a, 8-é/o, 7-u, 9-i, 7-a, 6-u, 8-a, 12-i, 7-a.
- d) **JuruDEMUNG:** Watekna kaduhung. Aturanana: 8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i.

- e) **Durma:** Watekna heuras, siap tarung. Aturanana: 12-a, 7-i, 6-a, 7-a, 8-i, 5-a, 7-i.
- f) **Gambuh:** Watekna bingung, samar polah. Aturanana: 7-u, 10-u, 12-i, 8-u, 8-o.
- g) **Gurisa:** Watekna pangangguran, lulucon atawa tamba kesel. Aturanana: 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a.
- h) **Kinanti:** Watekna miharep atawa prihatin. Aturanana: 8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i.
- i) **Ladrang:** Watekna banyol pikaseurieun. Aturanana: 10-i, 4-a, 10-i, 4-a, 8-i, 12-a.
- j) **Lambang:** Watekna banyol atawa pikaseurieun. Aturanana: 8-a, 8-a, 8-a, 8-a.
- k) **Magatru:** Watekna lulucon atawa prihatin. Aturanana: 12-u, 8-i, 8-u, 8-i, 8-o.
- l) **Maskumambang:** Watekna prihatin (nalangsa). Aturanana: 12-i, 6-a, 8-i, 8a.
- m) **Mijil:** Watekna sedih, susah, cilaka. Aturanana: 10-i, 6-o, 10-é, 10-i, 6-i, 6-u.
- n) **Pangkur:** Watekna nafsu, lumampah atawa sadia perang. Aturanana: 8-a, 11-i, 8-u, 7-a, 12-u, 8-a, 8-i.
- o) **Pucung:** Watekna piwuruk atawa wawaran. Aturanana: 12-u, 6-a, 8-é/o, 12-a.
- p) **Sinom:** Watekna gumbira. Aturanana: 8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 7-i, 8-u, 7-a, 8-i, 12-a..
- q) **Wirangrong:** Watekna era atawa wirang. Aturanana: 8-i, 8-o, 8-u, 8-i, 8-a, 8-a.

5. Nulis Naskah Guguritan

Nulis naskah guguritan aya sababaraha sarat, di antarana waé:

- a. Kudu apal heula kana salah sahiji rumpaka pupuh nu rek ditulis
- b. Tangtukeun tema atawa jejer karangan
- c. Tangtukeun pupuh nu luyu jeung tema / jejer karangan
- d. Téangan kecap-kecap nu cocog jeung purwakanti pupuh nu digunakeun
- e. Bisa ditepikeun dina sababaraha pada, bisa ogé dina sapada.

6. Wangun Guguritan

Guguritan kaasup wangun sastra anu kauger. Rusyana (2002) ngajéntrékeun yén guguritan mangrupa karangan pondok anu disusun maké patokan pupuh. Iskandarwasid (1992:46) netelakeun yén guguritan téh nyaéta karangan puisi anu mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Tina sababaraha sawangan para inohong di luhur, geus kaharti yén guguritan mangrupa karya sastra anu kauger ku aturan pupuh.

Ku sabab guguritan ditulis maké aturan pupuh, macana ogé sok dihaleuangkeun luyu jeung pupuh anu diguritna. Loba guguritan anu dijadikeun rumpaka tembang Cianjur. Guguritan mindeng dijieuun jadi gending karesémén jeung sentra karesmén.

Guguritan kauger ku aturan pupuh. Atuh eusi carita dina guguritan gé saluyu jeung eusi pupuh nu dipilihna. Rusyana (2002) nyieun papasingan guguritan jadi lima rupa, nyaéta:

- a. Piwulang, upamana waé *Wulang Krama, Wulang Murid, Wulang Guru* karangan R. Haji Muhamad Musa. *Asmarandana Lahir Batin* karangan R.A. Bratawijaya;
- b. Pangalaman kabatinan, contona guguritan karangan Haji Hasan Mustapa;
- c. Kawaasan alam, contona *Dangdanggula Laut Kidul* karangan Kalipan Apo;
- d. Kajadian, contona *Kiamat Leutik* karangan Tubagus Jayadila
- e. Surat, biantara, jeung buka pintu. Guguritan anu eusina surat jeung biantara, upamana anu dikumpulkeun ku R. Danureja dina buku *Serat-sinerat Jaman Jumenengna Raden Haji Muhammad Musa*. Guguritan buka pintu sok dihaleuangkeun dina upacara buka pintu di nu kawinan.

7. Struktur Guguritan

Guguritan diwangun ku opat unsur intrinsik, nyaéta téma, rasa, nada, jeung amanat.

- ✓ **Téma** nyaéta “pokok pikiran” atawa dasar carita dina puisi.
- ✓ **Rasa** atawa “citraan” dina karya sastra nyaéta cara ngawangun rasa atawa gambaran hiji hal; gambaran visual anu ditimbulkeun ku hiji kecap, frasa, atawa kalimah sarta mangrupa unsur dasar anu has dina karya prosa jeung puisi.
- ✓ **Nada** nyaéta tarik halonna sora. Nurutkeun Sudaryat dina Ulikan Semantik nada nyaéta sikep panyatur/pangarang ka pamiarsa atawa ka nu maca.
- ✓ **Amanat** dina karya sastra nyaéta gagasan anu jadi dasar hiji karya sastra; naon anu baris ditepikeun ku panulis atawa pangarang ka pamaca.

Conto Analisis Struktur dina Guguritan

NGITUNG UMUR

Anteng ngitung sésa umur
dina ruas geter éling
dijeungkalan gurat kadar
diwengku angkeuhan takdir
kadarna banda sorangan
takdirna milik nu kuring
Sésa umur digugulung
inggis kajongjonan ngimpi
keur bétah nataran dunya
ngahening leunjeuran lahir

isukan saha nu terang
palias diangkir mulih .

Digugulung sugar nimu
pangjurung bawaéun balik
ngurud tariking cilaka
nyaeur babanda ning asih
sina punjul bekel amal
lugina teu ngaligincing
Nimu wanci dina waktu
di dinya lalakon ngancik
nyulam bener reujeung salah
reureundahan piligenti
timbangan beurat ka mana
hancengan urang nu milih

(Tina “Lagu Ngajadi: Kumpulan Guguritan” Karya Dian Hendrayana, 2014: 4)

- Téma** ngeunaan ngeunaan hakékat hirup manusa di alam dunya anu diwatesanan ku waktu/umur. Anu beuki dieu téh umurna beuki ngurangan.
- Rasa:** Pangarang ngawanti-wanti pisan kana masalah umur, da beuki dieu téh umur beuki ngurangan jeung moal aya anu apal, boa ayeuna boa isuk boa pagéto urang diangkir pikeun mulang ka alam kalanggengan. Lalakon hirup di dunya nu bakal aya pertanggungjawabanana, dina hiji wanci amal-amalan urang bakal ditimbang naha leuwih beurat amal hadéna atawa leuwih beurat amal goréngna gumantung kana lalakon urang nalika hirup di alam dunya. Hirup téh tong kajongjonan tong bétah teuing nataran dunya sabab urang bakal diangkir mulih ka alam kalanggengan.
- Nada:** Pangarang nyaritakeun gagasana ka nu maca sacara togmol langsung kana eusi anu dipimaksud sangkan nu maca gampang mahamna. Pangarang ogé ngélingan kanu maca sangkan ulah kajongjonan teuing hirup di alam dunya sabab dina hiji wanci urang bakal mulih ka jati mulang ka asal. Dina kekecapanana pangarang umajak kanu maca sangkan migawé amalan anu hadé pikeun bekel nalika mulih ka alam kalanggengan.
- Amanat:** Kahirupan ayeuna bakal aya ahirna, sakur pangeusi alam dunya bakal mulih ka jati mulang ka asal ka alam kalanggengan ku kersaning Gusti. Amanat dina pada (1) kahirupan téh aya dina guratan takdir Nu Mahakawasa; (2) umur moal aya anu apal; (3) amal hadé bawaéun balik ka alam kalanggengan téh teu karasa, henteu ngajirim. Kahayang mah embung cilaka tapi hayang babanda

kaasih, ngumpulkeun amal-amalan nepi ka punjul pikeun bekel mulang ka alam ahérat sangkan lugina teu ngaligincing; (4) dina hiji wanci bakal kapanggih lalakon urang nalika hirup di alam dunya tuluy bakal ditimbang kabéh amal-amalan, hadé atawa goréng, gumantung lalakon di dunya.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtusan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Titénan heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar.
2. Baca pedaran matéri ajar nu dipidangkeun.
3. Pigawé latihan atawa pancén nu dipidangkeun dina ieu kagiatan diajar.
4. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar.
5. Lamun manggih bangbaluh, Sadérék bisa diskusi jeung kancamitra séjénna.

E. Latihan/ Kasus /Tugas Pancén

1. Terangkeun harti guguritan!
2. Béré conto wangun guguritan!
3. Terangkeun struktur guguritan!
4. Tétélakeun bédana wawacan jeung guguritan!
5. Pék analisis eusi guguritan ieu di handap dumasar kana unsur-strukturna!

KINANTI IMPIAN

Tina Buku "Lagu Ngajadi: Kumpulan Guguritan"

Karya Dian Hendrayana

Peuting dilimpudan Liwung
liwungna pageuh na jempling
saéna tuang jungjunan
kersa rurumpaheun sumping
ngalayadan ngalanglangan
jigrah teuing ieu ati
Ati dirungruman bingung
bingungna maseuk na batin
saéna tuang panutan
kersa rinéh naros lirih
mapaykeun nu keur sungkawa
sungkawa teuing ku lami
Lami diseundeuhan gandrung
gandrungna nyeumat na pikir

saéna tuang salira

Kersa néang nu prihatin
da cacak teu disindangan
tangtos nineung langkung nambih
Tambah nineung janten lamun
lamunan eunteup na ngimpi
saéna tuang pangersa
léah nyungsi najan demit
ngademit dina impian
impian nu tanpa tepi

F. Tingkesan

Guguritan nyaéta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Nurutkeun wangunanana, gugurutan kaasup wangun ugeran, nyaéta kauger ku patokan pupuh. Ku lantaran teu panjang tea biasana mah ukur ukur diwangun ku hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh cara dina wawacan, sarta ilaharna eusina henteu ngawujud carita (naratip). Dibacana biasana mah dihariringkeun make lalaguan anu geus matok keur pupuh éta. Atawa ngahaja jadi rumpaka dina pagelaran seni tembang Cianjuran. Guguritan diwangun ku sababaraha unsur, nyaéta anu aya patalina jeung struktur jero (struktur) sarta struktur luar (unsur ékstrinsik). Struktur dina guguritan di antarana nyaéta: téma, rasa, nada, jeung amanat.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur panyangkem Sadérék kana matéri.

Rumus:

Jumlah jawaban anu benerna

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa dianggap geus tutas Kagiatan Diajar 11. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar 11, pangpangna matéri nu tacan kacangkem.

KONCI JAWABAN LATIHAN KAGIATAN DIAJAR

A. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 1

1. Harti peniléyan oténtik nyaéta peniléyan paripolah siswa sacara multi-diménşional dina situasi nyata. Asésmen oténtik ngawengku tilu téhnik peniléyan: (1) ngukur langsung kaparigelan siswa; (2) peniléyan kana papancén anu merlukeun karancagéan sarta kompléks; jeung (3) analisis prosés pikeun ngahasilkeun réspon siswa ngeunaan sikap, kaparigelan, jeung pangaweruhna.
2. Rupa-rupa peniléyan asésmen oténtik, nyaéta:
 - a. Peniléyan kinerja mangrupa hiji téknik peniléyan anu dilakukeun ku cara guru meunteun prosés gawé siswa pikeun ngukur tingkat kahontalna kompeténsi kognitif, aféktif jeung psikomotor anu diulikna dina hiji mata pelajaran.
 - b. Peniléyan proyék mangrupa peniléyan kana tugas anu kudu diréngsékeun ku siswa dina hiji periodeu atawa waktu. Siswa ngaréngsékeun éta tugas ku cara ngalakukeun léngkah-léngkah panalungtikan: ti mimiti nyieun rarancang, ngumpulkeun data, ngelompokkeun, ngolah, nganalisis, jeung nyodorkeun data.
 - c. Peniléyan portofolio mangrupa peniléyan kana kumpulan artéfak anu ngagambarkeun kamajuan hasil gawé nyata siswa. Peniléyan portofolio bisa tina hasil gawé siswa sacara individual atawa diproduksi sacara kelompok.
 - d. Tés tinulis meredih kamampuh ingetan, pamahaman, ngalarapkeun, nganalisis, ngagabungkeun, jeung ngaévaluasi matéri ulikan. Tés tinulis wangu éseyé sipatna kompréhéntif, nepi kagambarkeun sikap, kaparigelan, jeung kaweruh siswa. Tés tinulis obyéktif aya dua: wangu milih jeung nyadiakeun jawaban. Milih jawaban upamana pikeun soal PG, BS, ngajodokeun, jeung sabab-akibat. Kagiatan nyadiakeun jawaban pikeun soal ngeusian atawa ngalengkepan, jawaban singget, jeung éseyé.
3. Mangpaat peniléyan oténtik nyaéta (1) numuwuhkeun rasa percaya diri siswa; (2) siswa jadi sadar kana kakuatan dan kahéngkéran dirina; (3) ngarojong, ngabiasakeun, jeung ngalatih jujur; jeung (4) numuwuhkeun sumanget pikeun maju.

4. Léngkah-léngkah ngalaksanakeun peniléyan portofolio.
 - a. Guru ngajéntrékeun sacara ringkes esensi peniléyan portofolio.
 - b. Guru bisa babarengan jeung siswa nangtukeun jenis portofolio anu rék dijieu.
 - c. Siswa nyusun portofolio pangajaran.
 - d. Guru nunda, nyatet, jeung meunteun portofolio siswa.
 - e. Guru ngajén portofolio siswa dumasar kana hiji kritéria.
 - f. Guru babarengan jeung siswa medar dokumén portofolio anu geus dihasilkeun.
 - g. Guru méré umpan balik ka siswa kana hasil peniléyan portofolio.
5. Tés tinulis wangu ésey biasana meredih dua jenis pola jawaban, nyaéta jawaban bébas (*extended-response*) atawa jawaban kawatesanan (*restricted-response*). Ku cara tés tinulis ésey pola jawaban bebas, siswa dibéré lolongkrang pikeun ngajawab anu sabébas-bébasna; jawaban anu bédha jeung babaturanana tapi tetep boga hak pikeun meunang peunteun anu sarua. Tina puseur implengan anu bédha, tinangtu bakal ngahasilkeun jawaban anu bédha-bédha. Tapi tetep unggal jawaban bisa bener, asal analisisna ogé bener. Ieu jawaban téh gumantung kana bobot soal anu dibikeun ku guru. Ku kituna, tés ésey bisa méré lolongkrang ka guru pikeun ngukur hasil diajar siswa kana tingkatan anu leuwih luhur atawa leuwih kompléks.

B. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 2

1. Peniléyan prosés nyaéta prosés meunteun nu museurkeun sasaran kana tingkat éfektivitas diajar ngajar dina raraga ngahontal tujuan pangajaran. Peniléyan prosés diajar ngajar patali jeung meunteun kagiatan guru, kagiatan siswa, pola interaksi antara guru jeung siswa sarta lumangsungna prosés diajar ngajar.
2. Tujuan peniléyan prosés nyaéta pikeun maluruh kagiatan diajar-ngajar, utamana éfesiénsi, kaéfektifan, sarta produktivitas pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Diménsi peniléyan prosés diajar ngajar patali jeung komponén prosés pangajaran misalna tujuan pangajaran, métode, Matéri pangajaran, kagiatan diajar ngajar sarta peniléyan.
3. Komponén pangajaran minangka diménsi peniléyan prosés diajar-ngajar. Komponén peniléyan prosés téh ngawengku sababaraha komponén nyaéta tujuan intruksional, Matéri pangajaran, siswa, guru, alat, sumber diajar jeung peniléyan.

4. Kritéria peniléyan prosés ngawengku tujuh aspék nyaéta: 1) konsisténsi kgiatan diajar ngajar maké kurikulum, 2) prak-prakan ku guru, 3) prakt-prakanana ku siswa, 4) motivasi diajar siswa, 5) aktip henteuna siswa dina kgiatan diajar, 6) interaksi guru jeung siswa, 7) kamampuh sarta kaparigelan guru sawaktu ngajar, sarta 8) kualitas hasil diajar nu dicangkem ku siswa.
5. Aktip henteuna siswa bisa katémbong dina sababaraha hal saperti ieu di handap.
 - a. Milu aktip dina ngalaksanakeun pancén diajarna.
 - b. Milu aktip dina ngungkulán masalah.
 - c. Nanya ka babaturan atawa guru nalika manggihan bangbaluh dina pangajaran.
 - d. Néangan informasi pikeun ngungkulán hiji bangbaluh dina diajar.
 - e. Ngalaksanakeun sawala kelompok saluyu jeung pituduh guru.
 - f. Meunteun kamampuh dirina sorangan sarta hasil-hasil nu geus kahontal.
 - g. Ngalatih diri dina ngungkulán soal nu sarupa dina pangajaran.
 - h. Boga kasempetan pikeun ngaplikasikeun hal naon waé nu geus kacangkem pikeun ngungkulán masalah nu disanghareupanana.

C. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 3

1. Peniléyan hakékatna mangrupa alat ukur pikeun mikanyaho kahontal henteuna tujuan-tujuan pangajaran anu geus ditangtukeun ku siswa sanggeus manéhna ngalaksanakeun Kagiatan diajar. Tujuan peniléyan aya opat, nyaéta (1) *keeping track*, (2) *cheching-up*, (3) *finding out*, jeung (4) *summing-up*;
2. Tés hasil diajar bisa dibagi tilu, nyaéta (a) tés lisan, (b) tés tulisan, dan (c) tés tindakan atawa perbuatan. Ngagunakeun tilu rupa anu kudu diluyukeun jeung kawasan domain tingkah laku siswa anu rék diukur. Misilna, tés tulisan jeung tés lisan bisa digunakeun pikeun ngukur kawasan kognitif, sedangkan kawasan psikomotor bisa diukur ku tés perbuatan, jeung kawasan aféktif biasana diukur ku skala peniléyan anu biasana disebut tés skala sikap.
3. Dina tés tulisan digunakan wangu (1) tés wangun ésény (tés subyektif) anu ngawengku tés ésény bebas jeung tés ésény kauger, jeung (2) tés wangun objéktif, anu eusina ngawengku butir soal bener-salah, pilihan ganda, eusian singget, jeung ngajodoxeun. Soal wangun ésény atawa uraian, sabab téstee dipiharep ngajawab soal ésény *uraian* ku ngagunakeun basa téstee sorangan. Tés uraian mangrupa salah sahiji jenis tés tulisan anu umumna mangrupa

pertanyaan anu ngandung permasalahan tur merlukan pedaran dina ngajawabna. Ciri tés uraian méré kabébasan ka siswa pikeun nyusun jawaban soal uraian dumasar kana puseur implenganana séwang-séwanan. Tés wangun obyéktif umumna jawabanana geus disadiakeun ku nu nyieun soal. Siswa teu kudu mikir jero tapi ngan milih atawa ngajawab singget jeung ngalengkepan luyu jeung jawaban anu dipiharep tina soal obyéktif anu wanguanna rupa-rupa, nyaéta: wangun BS; PG; ngajodokeun; eusian singget/ngalengkepan.

4. Peniléyan kompeténsi kamahéran ngagunakeun basa ngawengku tés kamampuh ngaregepkeun, tés kamampuh nyarita, tés kamampuh maca, jeung tés kamampuh nulis. Tés ngaregepkeun mangrupa tés kamampuh pikeun nyangkem basa anu digunakeun sacara lisan (*kompréhensif lisan*). Matéri tés ngaregepkeun kudu ditepikeun sacara lisan pikeu ngukur aspek jeung kaédah ngagunakeun basa. Tés kamampuh maca pikeun ngukur tingkat kamampuh dina nyangkem eusi bacaan. Tés kamampuh nulis dipaké pikeun ngukur kamampuh ngawasa unsur basa jeung luar basa dina karangan.

D. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 4

1. Prosédur peniléyan atawa padika meunteun téh mangrupa cara-cara jeung léngkah-léngkah dina meunteun, boh meunteun hasil diajar boh meunteun prosés pangajaran. Peniléyan bisa dilaksanakeun ku dua rupa téhnik, nyaéta téhnik tés jeung téhnik nontés. Tiap-tiap téhnik tés mibanda prosédur jeung cara séwang-séwangan.
2. Prosédur peniléyan mibanda sababaraha komponén, nyaéta (a) sasaran peniléyan, anu ngawengku widang kognitif, aféktif, jeung psikomotor kalawan saimbang; (b) alat peniléyan, anu ngawengku tés jeung non-tés; (3) kritéria peniléyan, anu ngawengku peniléyan acuan patokan (PAP) jeung peniléyan acuan norma (PAN); jeung (4) prosédur prakna tés, anu ngawengku tés formatif jeung tés sumatif (UTS, UAS).
3. Tés kamampuh ngaregepkeun jeung tés nyarita aya sasaruanaana jeung aya bédana. Sasaruanaana nyaéta pada-pada ngukur kamampuh pamilon atikan tina médium basa lisan. Ari bédana, tés kamampuh ngaregepkeun diukur maké téhnik tés réspon kauger, tés réspon pilihan ganda, jeung tés

komunikasi jembar; ari tés kamampuh nyarita diukur maké tés réspon kauger, tés gumulung, jeung tés wawancara.

4. Peniléyan kamampuh maca jeung kamampuh nulis mibanda sasaruaan, nyaéta pada-pada ngukur kamampuh pamilon atikan tina médium tulis. Ari bédana, tés kamampuh maca ngukur pamahaman kalimah jeung pamahaman wacana ku cara tés pilihan ganda, tés eusian copong, jeung tés pedaran; sedengkeun tés kamampuh nulis diukur maké tés pratulis, tés nulis gumulung, jeung tés nulis bébas.
5. Tés kamampuh nulis bébas ngawengku lima komponén, nyaéta eusi (nangtukeun gagasan), organisasi gagasan, tatabasa, kandaga kecap, jeung unsur mékanik (éjahan jeung téhnik nulis). Tiap unsur dipeunteun ku jumlah skor anu béda-béda. Skor nangtukeun gagasan jeung organisasi gagasan kagolong luhur, skor tatabasa jeung kandaga kecap kagolong sedeng, ari skor unsur mékanik kagolong handap.

E. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 5

1. Instrumén peniléyan téh bisa dibagi jadi dua rupa, nyaéta instrumén tés jeung instrumén non-tés. Anu kagolong kana kelompok tés nyaéta tés préstasi diajar, tés integrénsi, tés bakat, jeung tés kamampuh akademik. Ari anu kagolong kana kelompok non-tés nyaéta skala sikep, skala peniléyan, padoman obsérvasi, padoman wawancara, angkét, mariksa dokumén, jsté. Instrumén winangun tés sipatna mangrupa péformansi maksimum, ari instrumén non-tés sipatna mangrupa péformansi tipikal.
2. Wangun tés obyéktif nyaéta wangun tés anu jawabanana bisa dipariksa ku saha waé sarta hasilna rélatif akur lantaran ngan boga hiji jawaban anu bener. Wangun tés nonobyéktif nyaéta wangun tés anu cara méré skor kana jawaban amilon atikan dipangaruhan ku subyék pamriksa. Wangun tés perbuatan meredih pamilon atikan milampah Kagiatan nu tangtu sarta meunteunna dilaksanakeun ku cara niténan péformansi basa jeung sastra pamilon atikan.
3. Tés ésény mibanda kauntungan jeung kahéngkéran. Kauntungan tés ésény bisa ngukur prosés mikir jeung ngalibetkeun Kagiatan kognitif tingkat luhur, ngalatihi mikir pamilon atikan, jeung nyusunna gancang. Kahéngéranana

nyaéta ngan ngawengku Matéri anu saeutik, dina meunteunna subyéktif gumantung ka nu mariksa.

4. Tes péformansi nyaéta tés perbuatan anu dipaké pikeun ngukur kamampuh pamilon atikan dina ngagunakeun basa dina raraga prosés komunikasi atawa midangkeun Kagiatan maké basa.
5. Hal-hal anu kudu dititénan dina ngayakeun peniléyan protofolio nyaéta (a) karya nu dikumpulkeun kudu enya-enya karya pamilon atikan, (b) karya pamilon atikan nu dipaké conto pagawéan nu bakal dipeunteun kudu ngeunteungkeun tur ngawakilan kamekaran kamampuh pamilon atikan, (c) kritéria nu dipaké pikeun meunteun protofolio kudu ditetepkeun samémehna, (d) pamilon atikan disina tuluy-tuluyan meunteun portofoliona, jeung (é) perlu aya lawungan jeung siswa anu dipeunteun.

F. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 6

1. Peniléyan mangrupa kagiatan méré peunteun kana hasil diajar anu sifatna kualitatif, sedengkeun pengukuran mangrupa sistematika dina nangtukeun gedé leutikna hasil atawa karakteristik tingkah laku siswa ku jalan ngagunakeun alat ukur nu tangtu
2. Sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina ngolah hasil peniléyan, nya éta teknik ngolah hasil tés, skor total (*total score*), konvérsi skor, cara méré skor pikeun skala sikap, cara méré skor domain psikomotorik, jeung ngolah data hasil tés, boh ku ngagunakeun peniléyan acuan patokan (PAP) boh ku acuan norma (PAN).
3. Peniléyan Acuan Patokan (PAP) jeung Peniléyan Acuan Normatif
 - (a) Peniléyan acuan patokan (PAP) mangrupa peniléyan anu museur kana kamampuh anu geus kahontal ku siswa sanggeus ngaréngsékeun sabagian atawa sakabéh program. PAP naliti naon waé anu bisa dipigawé ku siswa lain ngabandingkesun hiji siswa jeung siswa séjenna. Kriteria mangrupa pangalaman diajar nu dipiharep bisa kahontal sanggeus réngsé kagiatan diajar, atawa sajumlah kompeténsi dasar anu geus ditangtukeun saméméhna.
 - (b) Peniléyan Acuan Norma (PAN) nyoko kana skor saurang siswa ditéangan ku cara ngabandingkan hasil diajarna jeung hasil diajar siswa séjenna di kelas. Siswa dikelompokkeun dumaasar kana jenjang hasil diajar nepi ka

kapanggih kalungguhan relatif saurang siswa lamun dibandingkeun jeung babaturan sakelasna. Tujuan peniléyan acuan norma nyaéta pikeun ngabédakeun siswa tina kelompok tingkat kamampuhna, mimiti ti nu panghéngkérna nepi ka nu pangunggulna. Distribusi tingkat kamampuh dina hiji kelompok ngagambarkeun hiji kurva normal. Soal tés dimekarkeun tina bagian matéri anu dianggap penting. Soal kudu dijieu kalawan merhatikeun tingkat *kesukaran* anu variatif ti mimiti nu gampang ka nu hésé anu ngamungkinkeun siswa méré jawaban anu variatif deuih. Soal kudu ngamungkinkeun siswa méré jawaban anu variatif, sumebar, jeung bisa ngabandingkeun antarsiswa.

4. Dina ngolah data hasil tés, aya opat léngkah pokok anu kudu dilakukeun ku guru, di antarana (1) méré skor, (2) ngarobah skor atah jadi skor standar, (3) ngonvérsekeun skor standar, jeung (4) ngalakukeun analisis soal.
5. Rumusna nyaéta jumlah skor : jumlah siswa = skor rata-rata $866,1 : 14 = 61,2$.

G. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 7

1. Peniléyan prosés mangrupa prosés meunteun nu museurkeun sasaran kana tingkat éfektivitas diajar ngajar. Peniléyan prosés diajar ngajar patali jeung meunteun kagiatan guru, kagiatan siswa, pola interaksi antara guru jeung siswa sarta luamangsungna prosés diajar ngajar. Ari peniléyan hasil diajar ditujukeun pikeun ngukur kamajuan, kakurangan, jeung kaonjoyan diajar siswa katut posisi siswa dina kelompokna.
2. Téhnik tés aya tilu rupa, nyaéta (1) tés tulis, (2) tés lisan, jeung (3) tés paripolah (prakték). Ari téhnik nontés bisa mangrupa (1) niténan (obsérvasi), (2) papancén, (3) produk, (4) portopolio.
3. Padoman obsérvasi umumna ngamuat pernyataan sikep atawa paripolah anu dititénan jeung hasil niténan sikep atawa paripolah luyu jeung kanyataan. Padoman obsérvasi dibédakeun jadi daptar contréng jeung skala peniléyan. Daptar contréng dipaké pikeun niténan aya henteuna sikep atawa paripolah, ari skala peniléyan dipaké pikeun nangtukeun perenahna sikep atawa paripolah dina rentangan sikep.

4. Aspék anu dipeunteun dina peniléyan prosés nyaéta kagiatan guru, kagiatan siswa, pola interaksi antara guru jeung siswa sarta lumangsungna prosés diajar ngajar.
5. Aspék-aspék anu dipeunteun dina sikep santun, nyaéta (a) hormat ka kolot, (b) ngedalkeun nuhun mun dibantuan, (c) maké basa hormat (santun) waktu nepikeun pamadegan, (d) maké basa hormat (santun) dina nyawad batur, jeung (d) mibanda sikep 3S (salam, senyum, sapa).

H. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 8

1. Kasang tukang ayana KKM téh nyaéta ku medalna Peraturan Menteri Pendidikan Nasional Nomer 20 Taun 2007 anu nétélakeun yén salasahiji prinsip peniléyan dina kurikulum tingkat satuan pendidikan (KTSP) nyaéta dumasar acuan kritéria. Peniléyan téh dumasar kana ukuran hontalan kompeténsi nu geus ditangtukeun. Satuan pendidikan kudu netepkeun Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) tiap mata pelajaran minangka dadasar dina meunteun hontalan kompeténsi pamilon atikan. Jaba ti éta, aya réa kénéh masalah nu patali jeung nangtukeun KKM, di antarana waé, (a) sakola geus nyusun KKM, tapi teu neundeun berkasna; (b) réa guru nu can nyahoeun bener henteuna KKM nu geus disusun; (c) sawatara guru nangtukeun KKM tanpa dianalisis heula; jeung (d) calécér nangtukeun KKM masih kurang operasional.
2. Ari KKM téh kriteria ketuntasan belajar (KKB) anu ditangtukeun ku satuan pendidikan. Anu kalibet dina nangtukeun KKM nyaéta kapala sakola, wakil kapala sakola widang kurikulum, tim pengembang kurikulum (TPK) sakola, jeung guru atawa MGMP.
3. Léngkah-léngkah dina nangtukeun KKM, nyaéta:
 - a) Guru (kelompok guru) netepkeunn KKM mata pelajaran kalawan tinimbangan tina tilu aspék, nyaéta kompléksitas, daya deudeul (dukung), jeung *intake* siswa.
 - b) Hasil netepkeun KKM ku guru atawa kelompok guru mata pelajaran disahkeun ku kapala sakola pikeun dijadikeun patokan guru dina meunteun (peniléyan).
 - c) KKM nu geus ditetepkeun téh tuluy disosialisasikeun ka pihak-pihak nu boga kapentingan, nyaéta pamilon atikan, kolot barudak, jeung dinas pendidikan.
 - d) KKM dijinekkeun dina LHB (Lembaran Hasil Belajar) dina waktu hasil peniléyan (meunteun) dilaporkeun ka kolotna barudak/wali barudak.

4. Cara nangtukeun KKM dina Kurikulum 2013 didadasaran ku Permendikbud 81a taun 2013 ngeunaan larapna (impleménntasi) kurikulum yén:
- Katutasan minimal pikeun sakumna kompeténsi dasar dina kompeténsi kaweruh jeung kompeténsi kaparigelan, nyaéta 2,66 (B-).
 - Pikeun KD-KD anu aya dina KI-3 jeung KI-4, pamilon atikan dianggap tutas diajar lamun ngahontal peunteun $\geq 2,66$ tina hasil tes formatif.
 - Pikeun KD dina KI-1 jeung KI-2, katutasan pamilon atikan disawang tina sikep sakumna mata pelajaran, lamun tagog (profil) pamilon atikan umumna aya dina katégori alus (B) dumasar kana standar nu geus ditangtukeun ku satuan pendidikan, nyaéta pamilon atikan téh ditetepkeun lulus.
5. Conto KKM dina kaparigelan basa aspek nyarita:

Kompetensi Dasar dan Indikator	Kriteria/Aspek			Penentuan KKM
	Kompleksitas	Intake Siswa	Daya Dukung	
7.2.1 Menceritakan pengalaman				
* Dapat memilih topik yang paling penting	70	70	70	70
* Dapat menyampaikan pembukaan dengan baik	70	70	70	70
* Dapat menceritakan peristiwa-peristiwa pengalaman dalam rangkaian yang sistematis.	70	70	70	70
* Dapat menggunakan bahasa jelas dan santun.	70	70	70	70
* Dapat bercerita dengan penampilan yang baik.	70	70	70	70
* Dapat mengakhiri penceritaan dengan bagian penutup yang baik.	70	70	70	70
* Dapat memperbaiki penceritaan.	70	70	70	70
Rata-rata				70

I. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 9

- Aksara Sunda téh sungapanana mah tina aksara Pallawa, beh dituna pisan mah tina aksara Brahmi ti India.
- Aksara Sunda mimitina dipaké dina prasasti, piagem, jeung naskah buhun.
- Di Tatar Sunda kapanggih aya genep modél aksara nu kungsi digunakeun ku masarakatna, nyaéta: aksara *Pallawa, Nagari, Jawa Kuno, Sunda Kuno, Arab (Pégon), Cacarakan (Jawa-Sunda)*, jeung *Latin*.
- Rarangkén atawa pananda vokalisasi anu cicingna luhureun aksara dasar (swara jeung ngalagena) nyaéta panghulu, panglayar, panyecek, pamepet, paneuleung.
- Nyalin kana aksara Sunda:

၁၂) Ꮓ။ ም။ ተ။ እ။ የ။ የ။

၁၃) የ။ የ။ የ။ የ။

၁၄) የ။ የ။ የ။

၁၅) የ။ የ။

၁၆) የ။ የ။

၁၇) የ။ የ။

J. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 10

1. Ciri-ciri karya sastra anu disebut carita pondok téh, nyaéta (a) Wangun fiksina pondok; (b) Sifat caritana naratif; (c) Caritana mangrupa karangan fiksi; (d) Eusi carita umumna réalistik; (é) Carita pondok kudu mangrupa hiji kajadian; (f) Eusina téh kudu numuwuhkeun efek ka nu maca; (g) Caritana ngandung harti interpretasi pangarang kana hiji kajadian; (h) Caritana ngalalakonkeun tokoh utama; jeung (i) Jumlah kecapna kawatesanan.
2. **Carita pondok** téh mangrupa karya sastra pangaruh Barat. Minangka terjemahan tina ‘*short story*’. Mimiti hadir dina pajemuhan sastra Sunda dina majalah *Parahiangan*, ahir taun 1920-an. Ari kumpulan carita pondok anu munggaran dina basa Sunda nya éta *Dog-dog Pangréwong* karangan G.S. anu medal taun 1930. Genep taun leuwih ti heula batan carita pondok munggaran dina sastra Indonésia, *Téman Duduk* karangan M. Kasim, anu terbit taun 1936.
3. **Galur atawa plot** mangrupa runtuyan kajadian dina carita. Galur mibanda adegan gerak, anu ngawengku bubuka, muncul masalah, masalah muncer, klimaks, jeung ngaréngsékeun masalah. Henteu salawasna galur carita téh

ngaguluyur saperti kitu. Aya rupa-rupa galur nyaéta galur marélé, bobok tengah, jeung pandeuri ti heula.

4. **Téma** téh nyaéta inti pikiran atawa puseur implengan pangarang atawa inti pikiran nu aya dina prosa fiksi. Pikeun nangtukeun hiji téma, urang kudu maca éta carita sagemblengna. Sakapeung téma prosa fiksi ogé disebutkeun dumasar kana téma umumna, upamana baé téma cinta, kapahlawanan, kulawarga, atikan, Lingkungan hirup, jeung sajabana. Ari **amanat** nyaéta pesen pangaran nu hayang ditepikeun ka nu maca anu eusina mangrupa ajén-inajén didaktis nu patali jeung masalah manusa katut kamanusaan sarta hirup jeung kahirupan.
5. **Basa nu digunakeun kudu singget tapi munel, seukeut, sugestif jeung ngirut;** hartina basa anu digunakeun dina carita pondok téh kudu singget, teu ngayayay, munel, seukeut jeung sugestif anu narik ati pikeun nu maca. Basa dina carita pondok mangrupa eunteung kaéndahan nu sipatna hayalan (réfléksi artistik imajinatif) pangarangna kana réalitas kehirupan.

K. Konci Jawaban Latihan Kagiatan Diajar 11

1. Guguritan nyaéta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Nurutkeun wangunanana, gugurutan kaasup w邦 gun ugeran, nyaéta kauger ku patokan pupuh. Ku lantaran teu panjang tea biasana mah ukur ukur diwangun ku hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh cara dina wawacan, sarta ilaharna eusina henteu ngawujud carita (naratip). Dibacana biasana mah dihariringkeun make lalaguan anu geus matok keur pupuh éta. Atawa ngahaja jadi rumpaka dina pagelaran seni tembang Cianjuran.
2. Conto wangun guguritan

Caangna Bulan Purnama Aep Saepudin

Sinom

Bray caang bulan purnama
Rèa jalma balawiri
Di buruan sakedapan
Salin jadi panggung seni
Rupaning kawih ulin
Kaulinan nu lumangsung
Bungah pikeun barudak
Barudak dihiji wanci
Raramèan gogonjrakan kaulinan

3. Guguritan diwangun ku sababaraha unsur, nyaéta anu aya patalina jeung struktur jero (struktur) sarta struktur luar (unsur ékstrinsik). Struktur dina guguritan di antarana nyaéta: téma, rasa, nada, jeung amanat.
4. Guguritan téh wangun sastra pondok anu kauger ku aturan hiji wanda pupuh, sok didangdingkeun jeung sipatna *deskriptif*. Ari wawacan mah wangun sastra panjang, anu sipatna *naratif*, sarta diwangun ku sababara rupa wanda pupuh. Cindekna, guguritan diwangun jeung kauger ku aturan pupuh. Lalobana pupuh anu dipaké nyaéta sekar ageung. Guguritan *sipatna deskriptif* jeung ilharna pondok sabab hiji guguritan biasana ngan diwangun ku hiji pupuh.
5. Analisis struktur guguritan **KINANTI IMPIAN**
 - a. **Téma**: ngéstokeun perkara katresna, kasono ka hiji jalma.
 - b. **Rasa** : Pangarang nyieun konflik batin anu diwuwuhan ku purwakanti. Di dieu pangarang teleb pisan dina nepikeun rasa gandrung jeung sono ka pamaca.
 - c. **Nada** : Pangarang mani eunteup pisan ngagunakeun basana nepi ka ngirut nu maca. Dina ngutarakeun gagasana pangarang maké nada nyungkun sarta maké gaya basa kaleuleuwih.
 - d. **Amanat**: Eusi guguritan di luhur nyaéta ayana rasa kasono, katresna ka hiji jalma. Dina pada (1) ayana rasa tunggara hiji jalma, nu hayang dibaturan ku kabogohna; pada (2) ayana rasa kabingung na ati hayang ditanyaan atawa aya batur ngobrol sangkan henteu sungkawa teuing; pada (3) ayana kasono hayang tepang jeung hayang disindangan; pada (4) ayana implengan ngeunaan beubeureuhna, hayang sina datang.

EVALUASI

Pilih salahiji jawaban anu benerna!

1. Pernyataan mana anu bener?
 - A. Tés tinulis wangun éséy biasana ngan meredih jawaban anu kawatesanan.
 - B. Tés éséy bisa méré lolongkrang ka guru pikeun ngukur hasil diajar siswa kana tingkatan anu leuwih luhur atawa leuwih kompléks.
 - C. Jawaban anu béda tina soal éséy tetep boga hak pikeun meunang peunteun anu sarua.
 - D. Jawaban éséy gumantung kana bobot soal anu dibikeun ku guru.
2. Mana anu henteu kaasup kana mangfaat positif peniléyan aoténtik?
 - A. numuwuhkeun rasa percaya diri siswa
 - B. siswa jadi sadar kana kakuatan dan kahéngkéran dirina
 - C. ngarojong, ngabiasakeun, jeung ngalatinis siswa jujur
 - D. numuwuhkeun jiwa individual.
3. Peniléyan anu dilaksanakeun kana kumpulan artéfak anu ngagambarkeun kamajuan hasil gawé nyata siswa disebut peniléyan
 - A. Kinerja
 - B. proyék
 - C. portofolio
 - D. Tinulis
4. Tés tinulis anu méré lolongkrang ka siswa pikeun ngajawab ku jawaban anu sabebas-bebasna disebut tés
 - A. *restricted-response*
 - B. *extended-response*
 - C. *true-false*
 - D. *narrative records*
5. Dina nangtukeun niléy atawa harga hiji objék diperlukeun ayana....
 - A. Kriteria
 - B. matéri ajar
 - C. tujuan
 - D. Prosés
6. Nu teu kaasup kana fungsi peniléyan prosés dina pangajaran nyaéta
 - A. pikeun maluruh kahéngkéran siswa dina kagaiatan diajar
 - B. pikeun Matéri nyieun tés lisan
 - C. maluruh tingkat "ketercapaian" siswa dina kagaiatan diajar
 - D. minangka eunteung pikeun guru, nu sumberna ti siswa
7. Aspék-aspék nu aya dina kurikulum nyaéta, iwal:
 - A. Tujuan-tujuan pangajaran
 - B. Daftar kamus basa Sunda
 - C. Matéri ajar nu dibikeun
 - D. Jenis kagaiatan nu dilaksanakeun
8. Diménsi peniléyan prosés ngawengku sababaraha komponén, nyaéta
 - A. tujuan, Matéri ajar, siswa, guru, alat jeung sumber diajar sarta peniléyan.
 - B. tujuan intruksional, siswa, guru, alat jeung sumber diajar sarta peniléyan.
 - C. tujuan, Matéri ajar, guru, alat jeung sumber diajar sarta peniléyan.
 - D. tujuan intruksional, Matéri ajar, siswa, sumber diajar sarta peniléyan.
 - E.

9. Salah sahiji aspek nu némbongkeun yén kualitas diajar kacangkem ku siswa nyaéta jumlah siswa nu ngahontal tujuan instruksional tina jumlah sakabéh instruksional nu kudu dihontal.
- A. minimal 25 C. minimal 55
B. minimal 50 D. minimal 75
10. Tés anu meredih kamampuh ingetan, pamahaman, ngalarapkeun hiji konsép, nganalisis, ngagabungkeun, jeung ngaévaluasi matéri anu geus diulikna.
- A. Tés ésény C. Tés PG
B. Tés obyektif D. Tés campuran
11. Pernyataan anu bener ngeunaan peniléyan, iwal
- A. Peniléyan dina widang naon wae kudu ngagunakeun prosedur jeung instrumén anu dijieu ku guru.
B. Peniléyan hasil diajar kaasup salah sahiji kagiatan penting dina dunya atikan
C. Peniléyan hasil diajar bisa ningali kamajuan, kakurangan, kaonjoyan diajar siswa jeung posisi siswa dina kelompokna.
D. Peniléyan hasil diajar bakal jadi *feed back* pikeun guru dina ngaévaluasi hasil henteuna prosés diajar ngajar.
12. Mana anu teu kaasup kana kaonjoyan tés obyektif
- A. Tés anu panghadéna keur ngukur kaparigelan nepikeun gagasan ku tulisan.
B. Bisa ngarojong siswa pikeun ngulik Matéri sacara leuwih jembar.
C. Cocog pikeun ngukur kamampuh kognitif tingkat luhur.
D. Tés obyektif relatif leuwih gampang nyieunna.
13. Di handap ieu ditataan wanda tés basa dumasar kana kritéria sawangan kana basa, iwal:
- A. Tés diskret C. Tés bakat
B. integratif D. Tés komunikatif
14. Ngalengkepan wacana, ngajawab pananya, jeung ngaringkes eusi bacaan kaasup kana wangun tés....
- A. ngaregepkeun B. nyarita C. maca D. Nulis
15. Mana anu henteu kaasup kahéngkéran tés obyektif?
- A. Siswa mungkin baé ngira-ngira jawabanana.
B. Siswa ngaorganisasikeun jawaban, sabab jawabanana geus disediakeun.
C. Siswa teu ngaorganisasikeun jawaban, sabab jawaban geus disediakeun.
D. Siswa henteu diperedih pikeun ngaorganisasikeun jawaban
16. Prosédur peniléyan atawa padika meunteun mangrupa peniléyan.
- A. tujuan C. wengkuan
B. fungsi D. léngkah-léngkah
17. Anu henteu kagolong kana aspek-aspek peniléyan, nyaéta.....
- A. kognitif B. aféktif C. konatif D. psikomotor
18. Kamampuh ngaregepkeun henteu diukur ku warna tes ieu di handap....
- A. tés eusian copong C. tés réspons pilihan ganda
B. tés réspons kauger D. tés komunikasi jembar.

19. Tés pedaran alus lamun dipaké pikeun ngukur kamampuh.....
 A. ngaregepkeun B. Maca nyangkem C. nyarita D. Nulis
20. Aspék-aspék nu henteu dipaké pikeun ngukur kamampuh nulis, nyaéta....
 A. organisasi gagasan C. tatabasa jeung kandaga kecap
 B. hubungan judul jeung eusi D. unsur mékanik jeung karapihan
21. Cutatan soal:
 Mana kalimah ieu di handap nu ngandung harti konotatif?
 a. Imah kuring dicét maké warna héjo.
 b. Manéh mah mani héjo ari ningali duit téh.
 c. Tiap poé Senén ka kantor kuring sok maké baju warna héjo.
 d. kuring mah resep pisan maké kantong héjo téh.
 Jawaban nu benerna (b)
 Conto soal di luhur ngagunakeun tingkat tés....
 A. ingetan B. pemahaman C. aplikasi D. Analisis
22. Tingkat tés anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina milih jeung ngagunakeun hiji 'abstraksi' nu tangtu dina hiji situasi, disebut tingkat
 A. pamahaman B. analisis C. aplikasi D. sintésis
23. Tingkat tés anu dipaké pikeun ngukur kamampuh siswa dina nganalisis hiji hal, hubungan atawa situasi nu tangtu ku jalan ngagunakeun konsép-konsép dasar nu tangtu, disebut tés tingkat....
 A. évaluasi B. analisis C. tingkat ingetan D. tingkat aplikasi
24. Hal-hal anu perlu diperhatikeun mun urang rék maké peniléyan portofolio, iwal:
 A. karya anu dikumpulkeun kudu bener-bener mangrupa karya siswa
 B. karya siswa nu rék dijadikeun conto kudu ngagambarkeun kalakuan dirina
 C. kriteria nu dipaké pikeun meunteun portofolio kudu ditetepkeun saméméhna
 D. siswa kudu meunteun sacara rutin hasil portofoliona
25. Ieu di handap teu kaasup kana wangu instrumén tés atawa soal ujian performansi basa jeung sastra, nya éta
 A. tés mandiri B. Tés obyéktif C. tés éséy D. tés perbuatan
26. Aya skor kamampuh nulis siswa saperti kieu: 73, 52, 70, 80, 82, 60, 60, 71, 70, 82, 77.5, 53.5, 87, 58, 67.5, 67, 53, 80, 60, 75, 62.5, 75, 45, 77.5, 65.
 Sabaraha skor rata-ratana?
 A. 65,2 B. 66,3 C. 67,6 D. 68,5
27. Pék eusian dina kolom anu can lengkep!
- | | | |
|---------|-------------|------------|
| 81-100 | 4,01-5,0 | Hadé pisan |
| 61- 80 | ... | ... |
| 41 – 60 | 2,01 – 3,0 | Cukup |
| 21 – 40 | 1,01 – 2,00 | Kurang |
- A. 2,9-3,9 hadé C. 2,0-3,1 kurang hadé
 B. 2,1-3,0 cukup hadé D. 3,01-4,0 hadé

28. Skor siswa dina nulis karangan déskripsi saperti anu aya dina tabel. Sabaraharata-rata skor éta siswa?

No.	Unsur yang dinilai	Skor maksimum	Skor Siswa
1	Eusi gagasan anu diébréhkeun	35	25
2	Organisasi eusi	25	18
3	Tata basa	20	19
4	Gaya: pilihan kandaga kecap	15	11
5	Éjahan	5	4

A. 67 B. 77 C. 69 D. 73

29. Kamampuh nulis paragraf argumentasi siswa dina aspék eusi digambarkeun secara kwalitatif saperti kieu: informasi, "substansi cukup", mekarkeun tésis kawatésanan, "rélévan jeung masalah" tapi henteu lengkep. Sabaraha skorna jeung naon kriteria?

Aspék	Skor	Kriteria
I S I	27 – 30	HADÉ PISAN - SAMPURNA: informasi jeung "substansi" mekarkeun tésis kalawan tuntas tur "rélévan" jeung masalah anu dipedar kalawan tuntas.
 informasi, "substansi cukup", mekarkeun tésis kawatésanan "rélévan jeung masalah" tapi henteu lengkep.
	17 – 21	SEDENG- CUKUP: informasi kawatésanan, "substansi kurang mekarkeun tésis henteu cukup, masalah henteu cukup.
	13 – 16	KURANG PISAN: euweuh eusian, "euweuh substansi", henteu mekarkeun tésis, euweuh masalah.

A. 22 – 26 cukup hadé C. 18 – 26 hadé
B. 20 – 24 sedeng D. 22 – 27 cukup hadé

30. Skor saurang siswa sarua jeung skor maksimumna dina tugas nulis. Cik pék lengkepan tabel ieu di handap! Sabaraha skor tatabasa éta siswa dina nulis karangan?

MODÉL PENILÉYAN TUGAS NULIS
NGAGUNAKEUN BOBOT UNSUR KAMAMPUH NULIS

No.	Unsur yang Dinilai	Skor Maksimum	Skor Siswa
1	Isi gagasan yang dikemukakan	35	35
2	Organisasi isi	25	25
3	Tata Basa
4	Gaya: pilihan struktur dan kosa kata	15	15
5	Ejaan	5	5

A. 20 B. 15 C. 25 D. 27

31. Peniléyan anu dilaksanakeun pikeun meunteun kamajuan, kakurangan, jeung kaonjoyan siswa katut posisi siswa dina kelompokna disebut peniléyan....
A. hasil diajar B. sikep C. prosés D. Kaparigelan

32. Aspék-aspék nu teu kaasup nu dipeunteun dina penileyen prosés nyaéta....
 A. kgiatan guru C. pola interaksi guru jeung siswa
 B. kgiatan siswa (murid) D. kompetensi siswa (murid)
33. Ieu di handap henteu kagolong kana téhnik nontés, nyaéta....
 A. obsérvasi B. Papancén C. biantara D. Produk
34. Ieu di handap anu teu kaasup kana aspék peniléyan sikep gotong royong, nyaéta....
 A. Aktif dina kerja kelompok C. Resep nyilakakeun batur
 B. Resep nulung batur D. Sayaga migawé pancén luyu kasapukan
35. Anu teu kaasup kana indikator peniléyan sikep tanggung jawab, nyaéta....
 A. Ngalaksanakeun pancén bari hadé. C. Narima risiko tina polah dipilampah
 B. Api lain kana kawajiban tur pancén D. Minta dihampura lamun salah.
36. Mana watesan KKM anu merenah....
 A. niléy nu kudu dihontal ku siswa C. niléy ahir ti unggal siswa
 B. calecer tutasna diajar siswa D. niléy UN nu ditetepkeun ku pamaréntah
37. Ieu di handap anu henteu kalibet dina nangtukeun KKM?
 A. kapala dinas pendidikan C. Wakasek widang kurikulum
 B. kapala sakola D. Tim pengembang kurikulum sakola
38. Ieu di handap sawatara masalah anu henteu kaasup kana nangtukeun KKM....
 A. sakola geus nyusun KKM, tapi teu neundeun berkasna
 B. KKM ditangtukeun ku kapala sakola wungkul
 C. réa guru nu can nyahoeun bener henteuna KKM nu geus disusun
 D. sawatara guru nangtukeun KKM tanpa dianalisis heula
39. Anu henteu kaasup kana léngkah-léngkah nangtukeun KKM, nyaéta...
 A. Guru atawa kelompok guru netepkeunn KKM mata pelajaran kalawan tinimbangan tina aspék kompléksitas, daya deudeul (dukung), jeung *intake*.
 B. Hasil netepkeun KKM ku guru (kelompok guru) mata pelajaran disahkeun ku kapala sakola pikeun dijadikeun patokan guru dina meunteun (peniléyan).
 C. KKM nu geus ditetepkeun téh tuluy disosialisakeun ka pihak-pihak nu boga kapentingan, nyaéta pamilon atikan, kolot barudak, jeung dinas pendidikan.
 D. KKM henteu kudu dijinekkeun dina LHB (Lembar Hasil Belajar)
40. Aya tilu perkara nu kudu dititénan dina nangtukeun KKM....
 A. Karuwedan atawa kompléksitas C. Minat jeung motivasi siswa
 B. Intake (kamampuh rata-rata siswa) D. Kamampuh dara dorong
41. Aksara Sunda téh kagolong kana wanda aksara
 A. silabis B. fonétis C. fonémis D. logo-silabis
42. Aksara anu kungsi dipaké di Jawa Barat, nyaéta aksara.....
 A. Pallawa B. Arab Pégon C. Cacarakan D. Lantén
43. Aksara Sunda dina awalna kungsi dipaké nulis dina.....
 A. Prasasti B. Piagem C. tangkal D. Naskah

44. Aksara Sunda dirundaykeun langsung tina aksara
A. Semit Kalér B. Pallawa C. Brahmi D. Jawa
45. Aksara Sunda anu wangunna henteu mirip, nyaéta.....
A. /na/ jeung /wa/ C. /ta/ jeung /ya/
B. /ka/ jeung /sa/ D. /ba/ jeung /nya/
46. Karangan prosa fiksi pondok anu eusina nyaritakeun kajadian nu réalistis tur
museur kana hiji kajadian nyaéta.....
A. Skétsa B. Dongéng C. Carpon D. Fiksmin
47. Buku kumpulan carpon anu munggaran dina sastra Sunda nyaéta.....
A. Baruang ka Nu Ngarora C. Gogoda ka nu Ngarora
B. Dogdog Pangréwong D. Surat Kayat
48. Unsur-unsur karya sastra anu teu kagolong kana unsur prosa fiksi saperti carpon...
A. téma B. wirahma C. fakta carita D. sarana sastra
49. Anu henteu kagolong kana wanda galur carita, nyaéta.....
A. Galur marélé B. Bobok tengah C. Galur mundur D. galur luncat
50. Ieu di handap anu henteu kagolong kana wanda puseur sawangan, nyaéta...
A. Puseur sawangan jalma réa C. Puseur sawangan jalma katilu
B. Puseur sawangan jalma kahiji D. Puseur sawangan sagala nyaho

KONCI JAWABAN

- | | | | | |
|-------|-------|-------|-------|-------|
| 1. A | 11. A | 21. B | 31. A | 41. A |
| 2. D | 12. D | 22. C | 32. D | 42. D |
| 3. C | 13. C | 23. D | 33. C | 43. C |
| 4. B | 14. C | 24. B | 34. C | 44. B |
| 5. A | 15. B | 25. A | 35. B | 45. A |
| 6. A | 16. D | 26. C | 36. B | 46. C |
| 7. B | 17. C | 27. D | 37. A | 47. B |
| 8. B | 18. A | 28. B | 38. B | 48. B |
| 9. A | 19. B | 29. A | 39. D | 40. D |
| 10. D | 20. B | 30. A | 40. C | 50. A |

PANUTUP

Sadérék geus réngsé ngulik sabelas Kagiatan Diajar dina modul Basa Sunda Tahap H. Tina sabelas kagiatan diajar téh, gurat badagna mah ngawengku dua widang, nyaéta widang pédagogik jeung widang profésional. Kahiji, widang pédagogik nyoko kana dalapan matéri utama, nyaéta (1) prinsip-prinsip peniléyan aoténtik; (2) peniléyan prosés dina pangajaran basa Sunda; (3) peniléyan hasil dina pangajaran basa Sunda; (4) prosédur peniléyan dina pangajaran basa Sunda; (5) nyusun instrumén peniléyan kompeténsi (sikep, pangaweruh, kaparigelan); (6) ngolah hasil peniléyan; (7) prakték peniléyan; jeung (8) peniléyan pikeun nangtukeun KKM. Kadua, widang profésional nyoko tilu matéri utama, nyaéta (9) maca jeung nulis aksara Sunda; (10) wangun jeung unsur intrinsik carpon; (11) wangun jeung struktur guguritan.

Ku cara ngulik modul Basa Sunda Tahap H, Sadérék dipiharep bisa ngawasa widang pédagogik nu patali jeung peniléyan basa katut sastra Sunda sarta widang profésional nu patali jeung apresiasi carpon katut aksara Sunda.

Tangtu waé ieu modul téh lain mangrupa kaweruh nu lengkep lantaran ngan salasahiji Tahap tina sapuluh Tahap *Modul Basa Sunda* pikeun guru Basa jeung Sastra Sunda, boh tahap SD/MI, SMP/MTs., boh SMA/SMK/MA/MAK. Ieu modul Tahap H ngan dipaké pikeun guru anu teu lulus Ujian Kompeténsi Guru (UKG) dina Tahap VIII atawa anu geus lulus UKG dina Tahap I nepi ka Tahap VII.

Sadérék dina ngulik ieu modul kudu tahap demi tahap. Lamun geus ngulik Kagiatan Diajar 1, Sadérék kudu migawé latihan, tuluy saruakeun jawabanana jeung konci jawaban nu geus disayagikeun dina tiap tungtung kagiatan. Kitu jeung kitu waé saterusna nepi ka réngsé Kagiatan Diajar 11. Lamun dina hiji Kagiatan Diajar can bisa ngawasa matéri, saméméh pindah kana Kagiatan Diajar satuluyna, Sadérék kudu malikan deui éta matéri. Lamun geus réngsé sakabéh Kagiatan Diajar 1—10, Sadérék bisa migawé soal ujian pikeun ngukur tahap Sadérék nyangkem matéri ajar.

DAFTAR PUSTAKA

- Alwi, Hasan Spk. 2008. *Tatabahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Aminuddin. 2002. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Argensindo
- Atmazaki. 1990. *Ilmu Sastra: Teori dan Terapan*. Padang : Angkasa Raya.
- Baidilah, Idin dkk. 2008. *Direktori Aksra Sunda untuk Unicode*. Bandung: Disdik Jabar.
- Danadibrata, R.A. 2009. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat.
- Djiwandono, Soenanrdi. 2008. *Tes Bahasa*. Jakarta: Indeks.
- Hendrayana, Dian. 2014. *Lagu Ngajadi: Kumpulan Guguritan*. Bandung: KSB Rawayan.
- Iskandarwasid. 1992. *Kamus Istilah Sastra*. Bandung: Geger Sunten
- Keraf, Gorys. 1992. *Argumentasi dan Narasi*. Jakarta: Gramedia.
- Kuswari, Usep. 2010. *Evaluasi Pembelajaran Bahasa*. Bandung: Wahana Karya Grafika.
- Majid, Abdul. 2009. *Perencanaan Pembelajaran*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Mardapi, Djemari. 2007. *Juknis Pengembangan Silabus dan RPP SMA*. Jakarta: Depdikbud Dirjen Dikdasmen Direktorat Pembinaan SMA.
- Moeliono, A. at al. 1988. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Nurgiantoro, B. 2001. *Peniléyan dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta:BPFE.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: UGM Press.
- Rusyana, Yus. 19882. *Metode Pangajaran Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- Rusyana, Yus. 2002. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Saputra, Irwan. 2015. "Cara Menulis Cerpen dan 7 Hal yang Harus Dihindari".
Diunduh tina <http://www.nilni.com/2014/09/cara-menulis-cerpen-dan-7-hal-yang.html>.
- Siswanto. 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Stanton, R. 1965. *An Introduction to Fiction*. London: Holt, Rinehart, and Winston.
- Sudaryat, Yayat, 2007. *Makna dalam Wacana*. Bandung: Yrama Widya.
- Sudaryat, Yayat. 2015. *Metodologi Pembelajaran: Aplikasinya dalam Pembelajaran Bahasa dan Sastra*. Bandung: SPs UPI.
- Sudjana, Nana. 1995. *Peniléyan Hasil Proses Belajar Mengajar*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Sudjiman, Panuti. 1992. *Memahami Cerita Rekaan*. Jakarta: Pionir Jaya.
- Sumardjo, Jakob. 1980. *Seluk-beluk Cerita Pendek*. Bandung: Mitra Kencana.
- Sumardjo, Jakob dan Saini K.M 1994. *Apresiasi Kesusastraan*. Jakarta: Gramedia.
- Sumarsono, Tatang. 1986. *Pedaran Sastra Sunda*. Bandung: Medal Agung.
- Tarigan, H.G. 1994. *Prinsip-Prinsip Dasar Sastra*. Bandung: CV Angkasa.

GLOSARIUM

- Aksara* : sistem tanda grafis (tulisan) anu dipaké ku manuseun komunikasi sarta ngawakilan omongan. Aksara té gambaran sora ku gurat diringkel-ringkel nepi ka uni jeukabaca.
- Aksara Arab Pégong* : aksara Arab Malayu; aksara Arab anu dipaké nuliskeun basa Malayu, mibanda pananda sora nu husus.
- Aksara Araméa* : aksara nu dipaké dina basa Araméa di wilayah Sir ayeuna jeung Mésopotamia dina abad ka-10 Maséhi.
- Aksara Brahmi* : aksara nu dipaké nuliskeun basa India buhun, ar dirundaykeun tina aksara Araméa (Semit) tur sipatr satengah alfabetis, mimitina dituliskeun ti katuhu ka kénc tuluy robah ti kénca ka katuhu.
- Aksara Déwanagari* : aksara India nu dipaké pikeun nuliskeun bahas Sansekerta dina abad ka-7 nepi ka abad ka-9, ar ngarundaykeun aksara di Népal jeung Bangladésh.
- Aksara cacarakan* : aksara nu dipaké nuliskeun basa Jawa, nu mibanda 2 aksara ngalagena nu ngaruntuy tina ha, na, ca, ra, ka, jst
- Aksara Sunda* : aksara nu dipaké ku urang Sunda nu dirundaykeun tir aksara Pallawa, nyaéta aksara nu dipaké nuliskeun basa India Kidul, anu béh dituna dirundaykeun tina aksara Brahmi, nyaéta aksara nu dipaké nuliskeun basa Ind Kuno.
- Aprésiasi sastra* : kagiatan mikawanoh, ngararasakeun, jeung meunteun karya sastra ku cara maca, ngaregepkeun, atawa nongto
- Carita* : karangan sastra anu eusina ngagambarkeun runtulan tina kajadian
- Carpon* : carita pondok; karangan prosa fiksi anu ukuranana pondok tur museur kana hiji kajadian.
- Eksprézi sastra* : kagiatan ngedalkeun karya sastra ku cara dilisankeun dituliskeun, atawa diragakeun.

- Evaluasi* : kagiatan pikeun meunteun sakumna prosés pangajara nepi ka mun perlu bisa dilaksanakeun panyaluyuan jeur ngoméan. Evaluasi mangrupa tarékah pikeun meunteu hiji perkara saperti tahap kamampuh makéna basa
- Fiksmin* : fiksi mini; karangan rékaan anu pohara pondokn ukuranana mini, ukur saparagraf
- Guguritan* : karangan pondok anu disusun ku hiji wanda pupuh.
- KKM* : kritéria katuntasan minimal; calecer tutasna diajar ar ditangtukeun ku satuan pendidikan
- Kapaigelan basa* : kamampuh atawa kabisa dina makéna basa, anu ngawengku aspek ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis
- Naskah kuno* : wujud konkret tina téks nu mangrupa tulisan leungeun ar eusina nyimpen kedaling rasa jeung pikiran minangk hasil budaya bangsa baheula
- Prasasti* : tittinggal karuhun urang baheula anu mangrupa piage anu ditulis dina batu atawa tambaga. Eusina mangrup surat ka raja, panginget diresmikeunana bangunan su atawa arca, panginget kaunggulan raja, putusan raj jeung mantra
- Pengukuran* : Raket patalina jeung évaluasi, nyaéta tarékah pikeun ngadadarkeun hiji perkara sacara kuantitatif. Hasil ngukur bisa dipaké pikeun ngayakeun évaluasi.
- Peniléyan prosés* : Prosés meunteun nu museurkeun sasaran kana tingkat efektivitas diajar ngajar dina raraga ngahontal tujuan pangajar
- Peniléyan hasil* : prosés meunteun pikeun ngukur kamajuan, kakurangan, jeur kaonjoyan diajar siswa katut posisi siswa dina kelompokna
- Pupuh* : wangun ugeran anu boga kaédaah watek, guru lagu, jeur guru wilangan

- Tés* : Salasahiji alat nu dipaké pikeun ngukur kana hiji perkai nu sipatna abstrak saperti kamamuh mikir. Tina té kapanggih skor angka nu sipatna kuantitatif nu bis ditapsirkeun dina tahap évaluasi
- Tés basa* : alat atawa prosédur nu dipaké dina ngaévaluasi jeur nganiléy kamampuh basa ku cara ngukur tahap kamampuhna. Pengukuran dina tés bahasa dipaké pikeun nangtukeun tahap kamampuh dina ngawasa basa.
- Unsur carita* : Bagian carita anu ngawangun gunggungan carita saé téma, fakta carita (tokoh, latar, galur), jeung sarana sasti (puseur sawangan, gaya basa, judul carita).